Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÓZBEKSTAN TARIYXÍ

**(XIX ásirdiń ekinshi yarımınan – XX ásirdiń aqırına shekem)**

Ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń
10-klass oqıwshıları ushın sabaqlıq

Jańa basılım

Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw
ministrligi basıp shıǵarıwǵa usınıs etken

TASHKENT
2022

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**UOK: 94(575.1)(075.3)**
**KBK: 63.3(5Ó)ya72**
**Ó 70**

S.Tilabaev, D.Kenjaev
**Ózbekstan tariyxı:** ulıwma orta bilim beriw mekteplerinińn 10-klass oqıwshıları ushın sabaqlıq/ S.Tilabaev hám basqalar. — Jańa basılım. — Tashkent: Respublikalıq bilimlendiriw orayı, 2022. - 192 b.

UOK: 94(575.1)(075.3)
KBK: 63.3(5Ó)ya72

ISBN 978-9943-8456-9-5

**AVTORLAR:**

**S. Tilabaev, D. Kenjaev, N. Mustafaeva, A. Zamanov, D. Rahimjanov, N. Ismatova, S. Pulatova, J. Abdullaev, B. Írzaev, K. Sagdullaev, N. Kudratova**

***Juwaplı redaktor***
**Dilshad Mutalibovich Kenjaev**

**PIKIR BILDIRIWSHILER:**

**A.A. Yermetov** — tariyx ilimleriniń doktorı, professor
**N.A. Muxamedov** — tariyx ilimleriniń doktorı, docent
**I.M. Shamsieva** — tariyx ilimleriniń doktorı, docent
**N.Z. Hakimov** — Respublikalıq bilimlendiriw orayı metodisti
**S.N. Kushbekov** — Nizamiy atındağı TMPU akademiyalıq liceyi oqıtıwshısı

**Respublikalıq maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı.**

ISBN 978-9943-8456-9-5

© S.Tilabaev, D.Kenjaev hám basqalar, 2022.
© Respublikalıq bilimlendiriw orayı, 2022.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# KIRISIW



## PIKIRLESIW USHÍN

1. Tómengi klaslarda tariyx páninen alǵan bilimlerińizdi sistemalastırıwǵa háreket etiń.
2. Qaysı tariyxıy waqıyalar, procesler, shaxslar nesi yaki qaysı tárepi menen yadıńızda qalǵan? Pikirińizdi mısallar menen tiykarlań.
3. Qaysı waqıyalardı maqtanısh penen, qaysıların bolsa kerisinshe esleysiz?



## BÚGIN SABAQTA

Koloniya hám sovet dáwiri tariyxınıń quramalılıǵı hám onı úyreniwdiń ózine tán ózgeshelikleri. Watan janajan úlke hám qádirden jer, eń muqaddes biybaha baylıq bolıp esaplanadı.

Qolıńızdaǵı Ózbekstan tariyxı sabaqlıǵı XIX ásirdiń ekinshi yarımı hám XX ásirdiń 90-jıllarına shekem júz bergen waqıyalardı óz ishine aladı. Bul dáwir Watanımız tariyxınıń eń quramalı hám qarama-qarsılıqlı jılları bolıp tabıladı.

Bul sabaqlıq Watanımız tariyxınıń úlken joǵaltıwlar hám shıǵınlar menen tolı, sonday-aq, ata-babalarımızdıń el azatlıǵı hám ǵárezsizligi ushın alıp barǵan qaharmanlıq gúresleri hám de ózbek xalqınıń qurıwshılıq xızmeti hám pidákerlik miynetlerin óz ishine alǵan tariyxtan gúrriń etedi.

Tariyx sabaqları búgingi kúnde de bizdi sergeklikke shaqıradı. Ilimsizlik, jańalıqqa umtılmaw, jáhán birge islesiwinen ajıralıp qalıwdıń aqıbetleri tariyxıy mısallar arqalı kórsetilgen. Usı mániste búgingi kúnde mámleketimizde mámlekettiń tiykarǵı baǵdarlarınan biri bilimlendiriw tarawın rawajlandırıw.

Sabaqlıqtı oqıw procesinde álbette dápter qoyıń. Jańa atamalar hám tariyxıy sánelerdi jazıp barıń.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Abdurauf Fitrattıń tariyx páni haqqında bildirgen pikirlerindegi «rawajlanıw hám krizis» degen túsiniklerine mısal keltiriń.
2. Tariyx pániniń tárbiyalıq áhmiyeti degende neni túsinesiz?

«Tariyx milletlerdiń ótmishi, rawajlanıwın hám de krizisiniń seheplerin úyrenetuǵın ilim bolıp tabıladı»
Abdurauf Fitrat



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS



1712-jılı Tomas Nyukomen puw mashinasın oylap taptı



1860-jılları francuz alımı Lui Paster tárepinen pasterizaciya usılı oylap tabıldı



1869-jılı rus ximigi Dmitriy Mendeleev ximiyalıq elementlerdiń dáwirlik kestesin dúzip shıqtı.



1879-jılı bolsa oylap tabıwshı Tomas Edison (1847–1931) házirde biz qollanatuǵın xojalıq lampochkasın oylap taptı. Onıń oylap tabıwında Svannıń tájiriybeleri tiykar bolıp, Tomas onı jáne de jetilistirdi.



Karl fon Linde 1900-jılı oylap tapqan Linde suwıtqıshı

1. XVIII – XIX ásirde jáhánde ullı oylap tabıwlar ámelge asırıldı. Bul oylap tabıwlardıń jaratılıwın adamzat qansha waqıt kútti? Ilim-pánniń qaysı tarawları rawajlandı?
2. Dúnya ilim-pániniń rawajlanıwına tásir kórsetken oylap tabıwlardıń avtorları kim? Olar qaysı mámleketlerge tiyisli. Bul mámleketlerdiń usı dáwirdegi rawajlanıwı qanday dárejede edi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Súwretlerdi salıstırıń.

   1-súwrette XIX ásirde Parij súwretlengen. Ol X ásirde payda bolǵan.

   2-súwrette Tashkent qalasınıń Shayxantaxur qalasınıń bir bólimi. Tashkenttiń payda bolǵanına 2000 jıldan asqan.

   Hár eki súwret XIX ásirde alınǵan. Súwretler tiykarında hár eki qalanıń rawajlanıwı boyınsha pikir bildiriń. Bunda qanday bilimler tiykar bolǵanlıǵın jazıń.

2. Tómende berilgen derekti dıqqat penen oqıń hám joqarıdaǵı sorawlarǵa bergen juwaplarıńız benen baylanıstırıń.

«...Jaslıqtan ilimdi qunt penen úyreniw kerekligin aytıp, «Jaslıqta iyelengen bilim tasqa oyılǵan naǵıs bolıp tabıladı», «Sana joq jerde mártlik bolmaydı», «Bul dúnyada heshnárse densawlıqqa jetpeydi» sıyaqlı súrenlerdi kóp esitetuǵın edik. Milliy tariyx sabaqlarınıń birinde bılay degen: «Adamlar óz turmısların sanalı túrde túsiniwleri ushın dúnya ilimleri ishinde basqalarǵa qaraǵanda tariyx ilimine zárúrlikleri ásirese kóp. Sonıń ushın hár dáwirdiń dana alımları tárepinen bul haqqında bek (kóp) kitaplar jazılǵan eken. Tariyx demek, oqıwshılardıń kóz aldılarına qoyılǵan bir ayna sıyaqlı bolıp, oǵan qaraǵan adamlar bolsa bet-kózlerine juqqan jaman zatlardı kóredi eken, álbette, onnan ózlerin tazalaydı.

Usıǵan uqsas, ótmishtegi ata-babalardıń aynaların keyingi balaları qollarına alıp qarasa, ózleriniń kim ekenligin, endi kim bolǵanlıǵın usı aynada ashıq kóredi. Mehiriban ana Watanı basqınshılardıń ayaqlarınıń astında tepselip, ıńırsıp jatqanlıǵın kórgennen keyin, onıń sebeplerin tekseriwge kirisedi. Ańsızlıq ólim uyqısında jatqan bir milletti oyatıw ushın ótmishtegi ata-babalardıń dańqlı tariyxın biliwden artıq zat joq. Bul ilimnen kútilgen tiykarǵı maqsetler bir mámleket qurılǵannan soń ǵana, ol qaysı jumıslar menen rawajlanǵan, yaki kiriziske ushırap joq bolıwı ne sebepten bolǵan. Sebebi, dúnyada ótken, ya ótip atırǵan jaqsı-jaman islerdiń payda bolıwınıń, álbette, sebepleri bar. Ómir áleminde heshnárse sebepsiz júzege shıǵıwı múmkin emes...»

Alixantóre Soǵuniy. «Túrkstan qayǵısı»



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ROSSIYA IMPERIYASÍ BASQÍNSHÍLÍǴÍ QARSAŃÍNDAǴÍ BUXARA ÁMIRLIGI, QOQAN HÁM XIYWA XANLÍQLARÍNDAǴÍ SOCIAL-SIYASIY HÁM EKONOMIKALÍQ JAǴDAY

## BÚGIN SABAQTA

- XIX ásirdiń ortalarında Orta Aziya xanlıqlarınıń siyasiy, ekonomikalıq jaǵdayı.
- Xanlıqlarda mámleket basqarıwı.
- Orta Aziyada Rossiya-Angliya básekisi.

## PIKIRLESIW USHÍN

1. XIX ásirge kelip Orta Aziya aymaqları Rossiya imperiyası ushın qanday áhmiyetke iye bolǵan?
2. XIX ásir ortalarında jáhándegi jetekshi mámleketlerdiń ekonomikalıq-sociallıq, áskeriy-siyasiy jaǵdayı qanday dárejede bolǵan?
3. Orta Aziyada Rossiya-Angliya básekisinde Rossiya imperiyası imkaniyatlarınıń joqarılıǵı nelerde kórindi?
4. XIX ásirde Orta Aziyadaǵı medreselerde qanday pánler oqıtılǵan?
5. Mámlekettiń rawajlanıwında ilim-pánniń ornı qanday áhmiyetke iye? Pikirińizdi tiykarlań.

## MAǴLÍWMAT USHÍN

**Buxara ámirligi** shegaraları qublada Ámiwdáryanıń shep jaǵasınan baslanıp arqada Sırdáryaǵa shekem, shıǵısta Pamir tawlarınan batısta Xiywa xanlıǵı jerlerine shekem sozılǵan. Mámlekettiń aymaǵı XIX ásirdiń ortalarında Iran, Awǵanstan, Qoqan hám Xiywa xanlıqları, qazaq júzleri jerleri menen shegaralas bolǵan.

Ámirliktiń oraylıq bólimi Buxara hám Samarqand qalaları jaylasqan Zarafshan alabı esaplanǵan. Sonıń menen birge aymaqlıq jaqtan wálayat hám rayonlarǵa bólinip, olardı ámir tárepinen tayınlanǵan bekler basqarǵan. Ámirlik quramında 40 wálayat bolǵan.

Buxara ámirliginiń xalqınıń sanı 2 million átirapında bolǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Buxara ámirligi aymaǵın zamanagóy kartadan anıqlań.
2. Buxara atı menen baylanıslı 5 tariyxıy fakt keltiriń.

## MAǴLÍWMAT USHÍN

**Xiywa xanlıǵı** XIX ásirdiń ekinshi yarımında qublada Iran, shıǵısta Buxara ámirligi, batısta Kaspiy teńizi, arqada qazaq júzleri jerleri menen shegaralas bolǵan.

Xanlıqtıń hákimshilik orayı Xiywa qalası esaplanǵan. Xiywa xanlıǵında Xiywa, Kat, Jańa Úrgenish, Xazarasp, Qońırat, Xojeli sıyaqlı bekliklerdiń orayları bar edi. Xiywa xanlıǵı 18 beklik, 2 nayıplıqqa bólingen hám olardı xan tárepinen tayınlanǵan bekler hám tóreler basqarǵan.

## DÓRETIW-SHILIK JUMÍS

1. Berilgen maǵlıwmattan paydalanıp Xiywa hám Qoqan xanlıǵınıń shamalap kartasın sızıń.
2. Xiywa hám Qoqan xanlıǵı aymaǵın zamanagóy kartadan anıqlań.

XIX ásirdiń ekinshi yarımında Xiywa xanlıǵında xalıqtıń sanı 800 mıń adamnan artıq bolıp, tiykarınan, ózbeklerden quralǵan.

Qoqan xanlıǵı 15 beklikke bólinip, olardı, tiykarınan, xannıń tuwısqanları hám jaqınları arasınan tayınlanǵan adamlar basqarǵan.

## MAǴLÍWMAT USHÍN

**Qoqan xanlıǵı.** XVIII ásirdiń baslarında Buxara ámirliginen Ferǵana alabı hám Sırdáryanıń tómengi bólimine shekem bolǵan aymaqlar bólinip, ǵárezsiz mámleket – Qoqan xanlıǵı payda boladı. Xanlıq shıǵısta Shıǵıs Túrkstan, batısta Buxara ámirligi hám Xiywa xanlıǵı, arqada Qazaq júzleri jerleri menen shegaralas bolǵan. Xanlıqtıń qubla shegaraları Qarategin, Kulab, Darwaz, Shuǵnan sıyaqlı tawlı úlkelerdi óz ishine alıp, bul aymaqlar ushın Buxara ámirligi menen tez-tez soqlıǵısıwlar bolıp turǵan. Xanlıqtıń aymaǵı Buxara ámirligi hám Xiywa xanlıqlarınan ayırmashılıǵı úlken, suwlı dáryalar, gózzal alaplar, ónimdar jerlerge bay bolǵan.

Qoqan xanlıǵında xalıq sanı 3 millionǵa jaqın bolǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

XIX ásirdiń ortalarına kelip Buxara ámirligi, Xiywa hám Qoqan xanlıqları xalqınıń etnikalıq quramı bir-birine jaqın, tiykarınan, ózbeklerden ibarat bolǵan. Sonıń menen birge úsh xanlıq aymaqlarında tájikler, qazaqlar, qaraqalpaqlar, túrkmenler, qırǵızlar menen birge uyǵırlar, evreyler, hindler hám basqa elat wákilleri de jasaǵan.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Noqatlardıń ornın toltırıń:

1. Úsh xanlıqtıń aymaǵı búgingi kúndegi Ózbekstannan basqa,..., ..., ... hám ... jerleriniń bir bólimin de óz ishine alǵan.

*Buxara ámirligi:* ... beklik – .... mln xalıq.

*Xiywa xanlıǵı:* ... beklik – ... nayıplıq – ... mıń xalıq.

*Qoqan xanlıǵı:* ... beklik– ... mln xalıq.

Kartadan XIX ásir ortalarında Buxara ámirligi, Xiywa hám Qoqan xanlıqları aymaǵın shegaralap beriń.

2. Durıs juwaptı tabıń.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | Buxara ámirligi | a | shıǵısta Shıǵıs Túrkstan, batısta Buxara ámirligi hám Xiywa xanlıǵı, arqada Qazaq júzleri jerleri menen, qubla shegaraları Qarategin, Kulab, Darwaz, Shuǵnan sıyaqlı tawlı úlkelerdi óz ishine alǵan. |
| 2 | Xiywa xanlıǵı | b | shegaraları qublada Ámiwdáryanıń shep jaǵasınan baslanıp arqada Sırdáryaǵa shekem, shıǵısta Pamir tawlarınan batısta Xiywa xanlıǵı jerlerine shekem sozılǵan. |
| 3 | Qoqan xanlıǵı | d | Iran, shıǵısta Buxara ámirligi, batısta Kaspiy teńizi, arqada qazaq júzileri jerleri menen shegaralas bolǵan. |





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE


Buxara ámiri taxtı

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Buxara *ámirliginde* joqarı húkimdar ***ámir*** esaplanıp, onıń hákimiyatı áwladtan-áwladqa miyras tárizde ótken. Ámirlikti sheklenbegen hákimiyatqa iye bolǵan mańǵıtlar dinastiyasına tiyisli húkimdarlar basqarǵan.

Buxara qalası ámirliktiń hákimshilik orayı edi. Ámirlikte atqarıw hákimiyatı bas wázir – ***qusbegi*** qolında bolǵan. Wálayat hám rayon ***bekleri*** qusbegi usınısı menen tayınlanǵan. Qarjı hám qazna jumısları, salıqlardıń toplanıwı sıyaqlı tarawlardı ***diywan begi*** basqarǵan.

Diywan begige sırtqı baylanıslardı júrgiziw de júklengen. Oǵan ámirlik hújjetlerin júrgiziwge juwapker ***mırza bası*** boysınǵan. Ámirlikte salıqlardı óz waqtında jıynawǵa juwapker adam ***mushrif*** esaplanǵan.

***Dadxah*** lawazımın iyelep turǵan shaxs xalıqtıń arzaları menen shuǵıllanǵan. Joqarı húkimdar pármanların ***parwanashı*** jáiriyalaǵan. Sháriyat qaǵıydaları hám nızamlardıń orınlanıwı, sud islerin qadaǵalawdı ***shayxulislam*** islegen. Ámirdiń sarayı esaplanǵan arkta taxt miyrasxorı – shahzada tárbiyası menen atalıq shuǵıllanǵan. ***Topshı bası*** ámir láshkerleriniń bas komandiri bolǵan. Ámirliktiń qalalarında tınıshlıq hám tártipti saqlawǵa ámir saqshıları baslıǵı – ***mirshap bası*** juwapker esaplanǵan. ***Kukaldash*** mámleket qáwipsizligi, ámirdiń jaqınları, dosları hám dushpanları haqqında maǵlıwmatlar toplaw menen shuǵıllanǵan.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Buxara ámirliginde atqarıw hákimiyatı qanday jumıs penen shuǵıllanǵan? Ámirlikte atqarıw hákimiyatı kimniń qolında bolǵan?
2. Dadxah lawazımın iyelep turǵan shaxs qanday jumıslar menen shuǵıllanǵan?
3. Diniy-huqıqıy máseleler menen shuǵıllanıwshı shaxs lawazımı qalay atalǵan?





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## MAǴLÍWMAT USHÍN

*Xiywa xanlıǵı* qońıratlardıń dinastiyası tárepinen basqarılıp, onıń joqarı húkimdarı xan esaplanǵan. Xan sarayı Xiywa qalasında jaylasqan. Bul qalada ishki – Ishan qorǵanı hám qorǵanıw diywalı menen qorshalǵan sırtqı – Dishan qorǵan bolǵan.

Xanlıqta joqarı hámeldar ***diywan begi*** esaplanıp, onıń ıqtıyarında ***qusbegi, mehtar, atalıqtan*** ibarat keńes xızmet kórsetken.

Xalıqtıń tınıshlıǵı hám abadanlıǵı menen ***mirshap bası,*** xanlıqtaǵı tártip-intizam jumıslarına xan armiyasınıń bas komandiri – ***jasawıl bası,*** diniy isler hám shárıyat qaǵıydalarına boysınılıwı hám ámel etiliwi máselelerine ***shayxulislam,*** suwǵarıw qurılmaları hám suw támiynatı hám de bólistiriliwine ***murab bası*** juwapker esaplanǵan. Áskeriy bólimshelerge ***láshker basılar*** komandirlik etken. Áskerlik xızmetinde bolǵanlar salıqlardan azat etilgen.



Xiywa xanı taxtı

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Xiywa xanlıǵı qaysı dinastiya tárepinen basqarılǵan?
2. Xanlıqtıń mámleket basqarıwında qanday lawazımlar bolǵan?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Qoqan xanı taxtı

## MAǴLÍWMAT USHÍN

*Qoqan xanlıǵı* mıńlar dinastiyası tárepinen basqarılǵan hám onıń hákimshilik orayı Qoqan qalası bolǵan.

Eń joqarı áskeriy lawazım ***ámir láshker*** bolıp, ol áskeriy ***wázir*** esaplanǵan. Xanlıqtaǵı óz aldına áskeriy bólimshelerge ***mıń basılar*** basshılıq etken. Olar bas wázir wazıypasında islegen.

Qazna jumısları hám qárejetlerin ***mehtar*** qadaǵalap barǵan. ***Qazıkálan,*** qazılar islam dini qaǵıydaları tiykarında sud islerin alıp barǵan. ***Muhtasib*** baslıqlar diniy isler, sháriyat qaǵıydalarına boysınıwı, sawda-satıqtıń durıs júrgiziliwin qadaǵalaǵan. Xanlıqtaǵı ishki tártip-intizam jumısları menen ***mirshablar*** shuǵıllanǵan.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Buxara ámirliginde sud baslıǵı qazıkálan, raiskálan esaplanǵan, bul lawazım Qoqan hám Xiywa xanlıǵında qalay atalǵan?
2. Buxara ámirligi, Xiywa hám Qoqan xanlıǵındaǵı mámleketlik lawazımların aytıń.
3. Xanlıqlarda sud isleri kimlerdiń qolında bolǵan?
4. Tómendegi kesteni toltırıń:

| № | Mámlekettiń atı | Aymaǵı | Xalqı | Basqarıw | Lawazımlar |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |
| | | | | | |





Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





## MAǴLÍWMAT USHÍN

Buxara ámirligi, Xiywa hám Qoqan xanlıqlarında jerge iyelik etiw formaları derlik birdey edi. XIX ásirde xalıqtıń kópshiligi úlken jer iyelerine tiyisli egin maydanlarında miynet etken. Olar ijaraǵa alǵan jerleri ushın hasıldıń bir bólimin xiraj sıpatında tólegen.

Salıq hám tólemler ónim yaki pul kórinisinde tólengen. Bunnan basqa suwǵarıw qurılmaları, jollar, kópirler qurıw hám olardı ońlaw sıyaqlı jumıslar da bolǵan.

Bul dáwirde xalıqtan xiraj, zakat, suw, digirman, duz, múlk, tamarqa jer, baǵ hám basqa salıqlar jıynalǵan. Xiywa xanlıǵında tiykarǵı salıq salǵırt dep atalǵan. Áskeriy minnette hárbir er adam azıq-awqatı, qural-jaraǵı menen birge qatnasıwı kerek bolǵan. Hárbir aymaqta xalıq hám hákimiyat wákilleri suwǵarıw tarawına juwapker bolǵan. Suwǵarıw jumısları menen ***murablar*** shuǵıllanǵan.

Qoqan xanlıǵında xalıq, tiykarınan, suwǵarma diyqanshılıq penen shuǵıllanǵan. Alap aymaǵında úlken suwǵarıw qurılmaları – Shahrixansay, Andijansay, Marǵulansay, Yangiariq, Uluǵnar, Qaradárya sıyaqlılar bolǵan. Suw shıǵıwı qıyın bolǵan jerlerge arnawlı qurılmalar – shıǵırlar járdeminde suw shıǵarılǵan.

Ámiwdárya, Sırdárya suwları hár túrli jasalma suwǵarıw sistemaları – kanallar hám de onıń boylarına qurılǵan plotinalar arqalı egin maydanlarına jetkerilgen.



## DÓRETIW-SHILIK JUMÍS

1. Xalıqtıń qanday miynet minnetlemeleri bolǵan?
2. Salıq hám tólemler qanday kóriniste bolǵan?
3. Tekstti oqıń. Orta Aziya xanlıqların agrar mámleket dew múmkin be? Ne ushın?





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Agrar** *(latınsha – agrarius)* – jerge, atızǵa baylanıslı – awıl xojalıǵı menen shuǵıllanatuǵın aymaqqa, xalıqtıń awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw kólemi ústin bolǵan jerge baylanıslı qollanıladı.





**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

1. Ne ushın hárbir aymaqta suwǵarıw tarawına hákimshilik wákilleri juwapker etip tayınlanǵan?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## BILESIZ BE?

Orta Aziya mámleketlerinde kóplegen ónermentshilik orayları bolıp, olar jergilikli ózgesheliklerine qaray hár túrli tarawlarǵa qánigelesken. Máselen, Marǵulanda atlas toqıw, taqıya tigiwshilik, Rishtanda gúlalshılıq, Shahrixanda pıshaq soǵıwshılıq, taqıya tigiwshilik, aǵash ustashılıǵı, Chustta da taqıya tigiwshilik, pıshaq soǵıwshılıq, Qoqanda temirshilik, aǵash ustashılıq, zergerlik, Buxarada hám Samarqandta zergerlik, Xiywada arxitekturalıq, ganch oymashılıq rawajlanǵan.

Buxara ámirliginde bul dáwirde gúlalshılıq, temirshilik, mıskerlik, zer toqıwshılıq, shiyshesazlıq, metalǵa naǵıs oyıwshılıq, kórkem kesteshilik tarawları da keń tarqalǵan.

Xanlıqlarda temir ónimlerine talap úlken bolǵanlıǵı sebepli metalǵa islew beriwshi jergilikli temirshilik tarawı rawajlanǵan. Orta Aziya sawdagerleri Iran, Qıtay, Hindstan, Awǵanstan, Rossiya mámleketleri hám qazaq júzleri menen sawda-satıq etken. Shet elde ónermentshilerdiń zergerlik ónimleri, shayı hám atlas gezlemeleri, gúlalshılıq buyımları joqarı bahalanǵan.









Bul dáwirde AQSHta Arqa hám Qubla arasında baslanǵan puqaralar urısı (1861 – 1865) sebepli Rossiyanıń toqımashılıq sanaatı ushın paxta shiyki zatı jetispewshiligi júzege keldi. Toqımashılıq sanaatı ushın shiyki zat bolǵan paxtanıń jetispewshiligi Orta Aziya jerleri hám resurslarına zárúrlikti jáne de arttırdı.



Эта книга представлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Hár úsh xanlıqta bilimlendiriw sisteması derlik birdey bolǵan. Medreselerde oqıw múddeti tiykarınan sentyabr ayınıń ekinshi yarımında baslanıp, mart ayınıń aqırına shekem dawam etken. Solay etip, oqıw máwsimi kóbinese 6 ay bolǵan. Bilim alıw múddeti kóp jaǵdaylarda sheklenbegen. Medreseler oqıtıwshı (mudarris), imam, qazı, mırza, qarjılıq jumısların alıp barıwshı, jer-suwdı bólistiriwshi sıyaqlı qánigelerdi tayarlaǵan. Bul dáwirde eki tilde, yaǵnıy ózbek hám parsı tillerinde dóretiwshilik penen shuǵıllanǵan. Orta Aziya xalıqlarınıń ortaq tariyxı bekkem doslıq negizine qurılǵan edi.

Tariyxtıń qaysı dáwirinde bolmasın, jergilikli xalıq bilimlendiriwge umtılıp kelgen. Dástúrlik bilimlendiriw sistemasında mektepler baslanǵısh oqıw orınları bolıp, olar qala, awıllarda da bar edi. Olar ádette, meshit, medrese janında yaki jeke háwlilerde shólkemlestirilgen. Mekteplerde diniy bilimler menen bir qatarda geografiya, esaplaw, sawat-lılıq sıyaqlı sabaqlar da berilgen.

Hárbir shańaraqta ishki hám sırtqı háwliler bolıp, háwlilerde shólkemlestiriletuǵın mekteplerde, tiykarınan, dáslepki xat-sawat úyretilgen. Eger er balalarǵa sabaq beretuǵın ustazdıń hayalı da ishkeri háwlide hayal-qızlarǵa xat-sawat úyretse, bul sol maqsette bolıp, ustaz, bilimlendiriw jańalıqların hayalı arqalı hayal-qızlarǵa da jetkerip turıwǵa imkan bolǵan.

Hárbir ata-ana perzentlerin jaslıǵınan bilim alıw ushın mekteplerge jibergen. Oqıwshılar dáslep «Haftiyak»ti onı tamamlaǵannan soń «Chor-kitob» (Tórt kitap)tı oqıǵan.

Medreseler hám mektepler waqım múlkinen qarjılandırılǵan. Studentler medresege mektepti tamamlaǵannan soń qabıl etilgen. Olardıń jası 10 jastan 40 jasqa shekem bolǵan.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## PIKIRLESIW USHÍN

XIX ásirdiń baslarında Britaniyanıń Ost-Indiya kompaniyası strategiyalıq áhmiyetke iye bolǵan xanlıqlar aymaǵına qızıǵa basladı. 1825-jılı Angliya aymaqlıq baylanıslardı jolǵa qoyıw ushın M. Murkrofttı Buxara ámirligine jiberdi.

1832-jılı bolsa Buxaraǵa A. Byorns, 1844-jılı mayor I. Volf, 1843-jılı Xiywa hám Buxaraǵa kapitan J. Abbot jiberilgen.

Orta Aziya mámleketlerine áskeriy tarawda járdem beriw hám olarǵa Rossiya imperiyasına qarsı áskeriy awqam dúziw usınısı menen Buxaraǵa kelgen Angliyanıń Ost-Indiya kompaniyası wákilleri Ch. Stoddart hám A. Konnoli 1842-jılı ámir tárepinen óltiriledi.

Buǵan juwap retinde Angliya húkimeti Buxaraǵa qarsı Awǵanstan menen kelisim dúzip, qurallandıradı. Nátiyjede 1855-jılı ózbekler hám tájikler jasaytuǵın Ámiwdáryanıń qubla jaǵasındaǵı aymaqlar Awǵanstan wálayatına aylandırıldı.



A. Byorns



J. Abbot



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Ost-Indiya kompaniyası qashan shólkemlestirilgen edi? Bul kompaniya ne menen shuǵıllanǵan?
2. Bul kompaniya ne ushın Orta Aziyaǵa qızıǵıw menen qaradı?
3. Súwrette súwretlengen A. Byorns hám J. Abbot ne ushın evropalılar lipasında emes? Juwabıńızdı jáhán tariyxınan alǵan bilimlerińiz penen tiykarlań.

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**BILESIZ BE?**

Rossiya imperiyası sırtqı siyasatında óziniń shegaraların shığısqa qaray keńeytiw ushın dáslep Buxara ámirligi, Xiywa hám Qoqan xanlıqları menen hár tárepleme baylanıslar ornatıwğa háreket etti.

Xalıqaralıq kólemde inglis tovarlarınıń Orta Aziyağa kirip keliwi, Angliyanıń bul aymaqqa baylanıslı qızığıwınıń artıp barıwı Rossiya imperiyası húkimetiniń basqınshılıq háreketlerin jáne de tezlestirdi.

XIX ásirdiń birinshi yarımında Orta Aziya xanlıqları bir-birin qollap-quwatlamadı, kerisinshe, ózara kelispewshilikler olardı hálsiretti.

Bunday jağday aqır-aqıbetinde xanlıqlardıń basıp alınıwların ańsatlastırdı.

XIX ásirdiń ortalarına kelip Angliya Orta Aziyağa qızığa basladı.

Rossiya imperiyasınıń Buxara ámirligi, Qoqan hám Xiywa xanlıqların basıp alıw háreketlerin tezlestiriwge sebep boldı.

Bul Rossiya imperiyası Orta Aziya menen baylanıstırıwshı sawda jolların tolıq óz qolına alıwğa háreket etti.

Tashkentke alıp baratuğın tiykarğı Orenburg jolında áskeriy bekinisler qurıldı. 1847-jılı Sırdáryanıń Aralğa quyılatuğın jerinde Raim qorğanı qurıldı.



Awğanstan Rossiya hám Angliya arasında. Sol dáwir karikaturası



**SABAQTAN JUWMAQ SHÍĞARÍP**

1. Buxara ámirligi, Xiywa hám Qoqan xanlığında basqarıwdıń ulıwmalıq táreplerin anıqlań.
2. Abdula Qadiriydiń «Ótken kúnler» romanında «Burınğığa qaytıp jumıs etiw xoshlasıw, delinedi. Soğan baylanıslı temanı ótkendegiden, jaqın ótken kúnlerden, tariyxımızdıń eń patas, qara kúnleri bolğan keyingi «xan zamanları»nan belgiledim», – dep jazğanında nelerdi názerde tutqan? Pikirińizdi bayanlawda bul dáwirge baylanıslı ilimiy hám kórkem ádebiyatlardan paydalanıwıńız múmkin.
3. Ayıw, arıslan hám adam súwretlengen súwretti qalay túsindirgen bolar edińiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ROSSIYA IMPERIYASÍNÍŃ ORTA AZIYAĠA JÚRISI HÁM TÚRKSTAN GENERAL-GUBERNATORLÍĠÍNÍŃ DÚZILIWI

**BÚGIN SABAQTA**

- Qoqan xanlıǵı arqa aymaqlarınıń basıp alınıwı.
- Túrkstan general-gubernatorlıǵı hám Túrkstan áskeriy okruginiń dúziliwi.

**PIKIRLESIW USHÍN**

Jáhán tariyxınan alǵan bilimlerińizge tayanıp hám QR tiykarında tómendegi sorawlarǵa juwap beriń:

1. XIX ásirde Rossiya imperiyasınıń áskeriy qúdireti hám tájiriybesi qanday bolǵan?
2. Orta Aziya xanlıqlarınıń áskeriy kúshi menen sol dáwirdegi Rossiya imperiyası armiyasınıń ayırmashılıǵın aytıp beriń.

**MAĠLÍWMAT USHÍN**

Rossiya imperatorı Aleksandr II 1859-jılı Qoqan xanlıǵın basıp alıwdıń dawam ettiriliwi haqqında bergen kórsetpesinen soń áskeriy háreketler kúsheydi. Bunıń ushın, eń dáslep, xanlıqtıń Tashkent qalası basıp alınıwı zárúr edi. Tashkentti basıp alıwda Aqmeshit qorǵanı áskeriy háreketlerdiń tayanıshına aylandı. Imperiya armiyalarınıń Aqmeshit qorǵanın basıp alıw boyınsha dáslepki háreketleri (1852-jıl) jeńiliske ushıraǵannan keyin, 1853-jılı onı iyelew ushın ekinshi márte hújim baslanǵan. 3 mıńnan artıq adamnan ibarat rus áskeriy armiyasına 400 adamnan ibarat qorǵan qorǵawshıları 20 kún dawamında qarsılıq kórsetken. Qorshawda qalǵan qorǵan qorǵawshıları aqırǵı imkaniyatları qalǵansha sawash alıp bardı. Kúshler teń emesligi aqıbetinde Rossiya imperiyası armiyaları tárepinen qorǵan iyelengen. Bul qorǵanǵa Perovskiy portı dep at berildi.

1864-jılı Rossiya imperiyasınıń úsh mıńnan kóbirek armiyası eki baǵdarda: biri



Sawashtan soń Aqmeshit qarabaxanaları hám Aqmeshit komandiri Yaqub Bek



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Perovskiy portınan (Orenburg tárepinen), basqası bolsa Verniy (Almatı) qalası tárepinen Tashkentti basıp alıw ushın jolǵa shıqtı. Olar dáslep Talas dáryasınıń shep jaǵasındaǵı Áwliyeata (házirgi Taraz qalası)nı basıp aldı.

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Ne ushın, eń dáslep, Tashkent qalasın basıp alıw zárúr, dep esaplanǵan? Tashkenttiń strategiyalıq áhmiyeti neden ibarat edi?




**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Túrkstan hám Shımkent qalaları qorǵanıwına Qoqan xanınıń ámir láshkeri Alıqulı (Alımqul) basshılıq etti. Kúshler teń emes edi. Sol dáwirdiń zamanagóy quralları menen qurallanǵan imperiya armiyaları Qoqan xanlıǵına qaraslı Túrkstan qalasın basıp aldı hám 20 kilometrlik qorǵan diywalı menen qorshalǵan Tashkentti basıp alıwǵa tayarlıq kóre basladı.

Bul áskeriy háreketlerge M. Chernyaev komandir etip tayınlandı. 1864-jılı gúzde Shımkent qalası iyelenip, Jańa Qoqan sızıǵı tiykarında qolǵa kirgizilgen qorǵanlar birlestirildi. Nátiyjede Raim qorǵanınan Perovskiy portına shekem Sırdárya bekinis sızıǵı, Semipalatinskten Verniy qalasına shekem Sibir bekinis sızıǵı júzege keldi.

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Noqatlardıń ornın toltırıń.

1. Aqmeshit qorǵanın basıp alıw ushın ... hújim 1853-jılı baslandı. ... nan artıq adamnan ibarat áskeriy armiyaǵa ... adamnan ibarat qorǵan qorǵawshıları ... kún dawamında qarsılıq kórsetti.
2. Aqmeshit – ... -jıl, Shımkent, Túrkstan – ... -jıl basıp alındı.
3. Jańa ..., ... bekinis ...niń dúzildi.
4. ... otryadı Qoqan xanlıǵına qaraslı Túrkstan qalasın basıp aldı.
5. ... Túrkstan hám Shımkent qalaları qorǵanıwına ... etiwge Qoqan xanı tárepinen jiberilgen.
6. ...-jıl gúzinde ... qorǵanınan ... portına shekem ... bekinis sızıǵı ... ten ... qalasına shekem ... bekinis sızıǵı júzege keldi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Tashkent Orta Aziyanıń siyasiy, ekonomikalıq, úlken hákimshilik hám sawda-satıq oraylarınan biri esaplanǵan. Hár tárepten qalaǵa kiriw ushın qurılǵan 12 dárwazaları saqshılar tárepinen qorıqlanǵan. Qalanı qorǵaw ushın qurılǵan diywal artında Kaykawus salmasınıń suwı menen toltırılatuǵın qándekler bolǵan. 1864-jıl 1-oktyabrde M. Chernyaev ózin imperiyaǵa jaqsı kórsetiw ushın tez Tashkentti basıp almaqshı boldı. Biraq, qala qorǵawshıları Chernyaevti Shımkentke sheginiwge májbúr etti.

Tashkent. Eski qala kartası. XIX ásir




## BILESIZ BE?

XIX ásirdiń ekinshi yarımında Tashkent qalasınıń 12 dárwazası bolǵan. Bular: Labzak, Taxtapul, Qarasaray, Sagban, Shıǵatay, Kukshe, Samarqand, Kamalan, Besaǵash, Qoymas, Qoqan, Qashqar. Tashkent tórt – Besaǵash, Kukshe, Sebzar hám Shayxantaxur qalalarına bólinip, hárbir qalanıń bólimi óz aqsaqalı tárepinen basqarılǵan.



1865-jıl aprel ayı aqırında M. Chernyaev basshılıǵındaǵı áskeriy armiya Chırchıq dáryasınıń shep jaǵasında jaylasqan Niyazbek qorǵanına kelip, onı sawashsız tapsırıwdı usınıs etedi, biraq qorǵan qorǵawshıları qarsı juwabın berip, qorǵanıwǵa ótedi. Qorǵan toplardan oqqa tutılıp, diywalları buzıp taslandı.

Aqıbetinde Niyazbek qorǵanı dushpan qolına ótti. Usı qorǵannıń basıp alınıwı Chernyaevke Tashkentti suw támiynatınan ajıratıp qoyıw imkanın berdi. Onıń buyrıǵı menen Tashkent qalası xalqın suw menen támiyinleytuǵın Chırchıq dáryasındaǵı plotina buzıp taslanadı.





Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Tashkent Orta Aziyanı basıp alıw ushın tiykarǵı jol, áskeriy armiyalardıń keleshektegi háreketleri ushın tayanısh noqat wazıypasın isley alatuǵın orın esaplanǵan.

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Tashkent qalası dárwazalarınıń atın aytıń. Berilgen kartadan paydalanıp, qala dárwazaları qaysı bóliminde jaylasqanın kórsetiń.

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Tashkent qalası suwsız qalǵan bolsa da, sarbazlar (áskerler) hám xalıq qalanıń hárbir máhálle kóshesinde shólkemlestirilgen tosıqlarda qattı qarsılıq kórsetti. Tiykarǵı sawash Kamalan dárwazasınan Xadradaǵı oraylıq bazarǵa baratuǵın kóshede bolıp, imperiya armiyaları tórt top qorǵawında bolǵan tosıqtan óte almadı.

Tashkent bekinisinde qala qorǵawshıları hám Qoqan xanlıǵı armiyaları ámir láshker Alıqulı basshılıǵında qarsılıq kórsetti. Alıqulınıń ólimi qala qorǵawshıların albırattı.

Tashkent bekinisine Buxara ámirliginen keshigip jetip kelgen armiyalardıń paydası tiymedi. Qala ot ishinde qaldı. 1865-jıl iyunda qala iyelendi.

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Noqatlardıń ornın toltırıń:

1. 1864-jıl 1-oktyabr – Chernyaevtiń birinshi hújimi, ... qorǵanınıń iyeleniwi.
2. 1865-jıl Orenburg general-gubernatorlıǵı quramında ... wálayatı dúzildi. Oǵan ... áskeriy gubernator etip tayınlandı.
3. 1865-jıl 6-avgustta «...wálayatın basqarıw haqqındaǵı Waqıtsha...» qabıl etildi.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Tashkent qalasınıń 12 dárwazasınıń giltleri



M. Chernyaev Besaǵash, Kukshe, Sebzar hám Shayxantaxur qalalarınıń bir bóliminiń aqsaqalların shaqırdı. Talqılawda Tashkent qazıkalanı Hákimxoja, Abulqasım iyshan, Salıxbek dadxah hám qalanıń basqa abıraylı adamları qatnastı. Aqsaqallar qalanı «ıqtıyarlı túrde tapsırıw» haqqındaǵı pitimge qol qoyıwǵa májbúr etildi.

Buǵan qarsı bolǵan Salıxbek dadxah, Abulqasım iyshan, Hákimxojalar Sibirge súrgin etilgen. Áskeriy basqınshılıq júrisleri nátiyjesinde basıp alınǵan aymaqlarda Túrkstan wálayatı dúzilip, oǵan M. Chernyaev gubernator etip tayınlandı.

Wálayat bólimleriniń áskeriy tiykarda shólkemlestiriliwinen maqset imperiya húkimetiniń keleshektegi áskeriy rejeleriniń ámelge asırılıwında Tashkent tayanısh hákimshilik aymaq wazıypasın ótewi kózde tutılǵan edi.



Xalıqaralıq kólemde Chernyaev óziniń basqınshılıq is-háreketlerin aqlaw maqsetinde «jergilikli aqsaqallardı Tashkent ıqtıyarlı túrde baǵındı, tashkentlilerdiń ózleri xalıqtıń tınıshlıǵın saqlap qalıw maqsetinde Rossiya áskerlerine qala dárwazaların ashıp berdi», degen mazmundaǵı xattı imperator atına jazıwǵa májbúrledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE






Rossiya imperiyasına qosıp alınǵan aymaqlar

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### MAǴLÍWMAT USHÍN

1865-jılı Túrkstan wálayatı dúzildi. 1867-jılı basıp alınǵan aymaqlardı óz ishine alıwshı Túrkstan general-gubernatorlıǵı dúzildi hám Túrkstan áskeriy okrugi dúzildi.

Tashkent qalası general-gubernatorlıǵınıń orayı etip belgilendi. Túrkstan general-gubernatorlıǵına Rossiya imperatorı pármanına muwapıq general fon Kaufman tayınlandı. Ol bir payıttıń ózinde Túrkstan áskeriy okruginiń komandiri de edi.

Dáslep Túrkstan general-gubernatorlıǵı hákimshilik tárepten eki wálayat: Sırdárya (orayı – Tashkent) hám Jetisuw (orayı – Verniy) wálayatlarına bólingen. Sırdárya wálayatınıń aymaǵına, tiykarınan, 1865-jılı dúzilgen Túrkstan wálayatına tiyisli bolǵan jerler hám Qoqan xanlıǵınıń basıp alınǵan arqa aymaqları kirgen.

Jetisuw wálayatı bolsa Semipalatinsk wálayatınıń Sergiopol, Kopal hám Alatawsk okrugi jerleri hám burınǵı Túrkstan wálayatınıń bir bóliminen ibarat halda dúzildi.

### BILESIZ BE?

Orenburg gerenal-gubernatorlıǵı Orta Aziyadan uzaqta jaylasqanlıǵı sebepli basqarıwda qıyınshılıqlardıń tuwılǵanlıǵı bul jerde óz aldına general-gubernatorlıq dúziwdi talap etetuǵın edi.

### DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Oylap kóriń, jańa general-gubernatorlıq dúziwden jáne qanday maqsetler gózlengen?

### SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Túrkstan wálayatı ne ushın áskeriy tiykarda dúzilgen?
2. Túrkstan wálayatı ne sebepten Túrkstan general-gubernatorlıǵına aylandırıldı?
3. Tashkent qalasın qorǵaw ushın siz qanday jol tutqan bolar edińiz? Ne ushın?
4. «Tashkent qorǵanıwı» temasında kórkem gúrriń dúzip kóriń. Tariyxıy shaxslar menen bir qatarda jalǵan obrazlardan da paydalanıń.
5. Chernyaev xalıqaralıq kólemde óz is-háreketlerin aqlawınan maqseti ne edi? Ol óziniń bul maqsetine qay dárejede eristi?



Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# BUXARA ÁMIRLIGI HÁM XIYWA XANLÍĞÍNÍŃ ROSSIYA IMPERIYASÍ VASSALÍNA AYLANÍWÍ

### BÚGIN SABAQTA

- Buxara ámirligi hám Rossiya imperiyası arasındağı sawashlar, 1868 hám 1873-jıldağı shártnamalar.
- Qoqan hám Xiywa xanlığınıń Rossiya imperiyası áskeriy júrislerine qarsı háreketleri.
- Gandimiyon shártnaması.
- Fergana wálayatınıń dúziliwi.

### PIKIRLESIW USHÍN

1. Rossiya imperiyasınıń Tashkent qalası basıp alınğannan soń keleshektegi áskeriy rejesi qanday bolğan?
2. «Bólip tasla hám húkimdarlıq et» degende neni túsinesiz?

### DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Ne ushın Rossiya imperiyası armiyaları Xojentke hújim etti? Buxara ámirligi, Qoqan xanlığı kartasınan Xojent qalasınıń jaylasqan noqatın tabıń. Onı Qoqan, Tashkent, Balx hám Buxara menen tutastırıp pikir bildiriń.

### MAĞLÍWMAT USHÍN

Rossiya imperiyası Tashkent qalasın basıp alğanınan soń barlıq áskeriy háreketlerdi Tashkent qalasınan turıp shólkemlestirdi hám basqardı. Kolonizatorlar ózleriniń tiykarğı qağıydası esaplanğan «Bólip tasla hám húkimdarlıq et» principine tiykarlanıp xanlıqlardı birlesiwine jol qoymadı. 1866-jıl 8-mayda Rossiya imperiyası hám Buxara ámirligi armiyaları Erjar awılı janında soqlığıstı. Kúshler áskeriy jaqtan teń bolmağanlığı ushın ámir armiyaları jeńiliske ushıradı. Rossiya imperiyası armiyaları Buxara armiyasın quwdalawdı toqtatıp, dáslep Qoqan xanlığı menen Buxara ámirligi arasında jaylasqan Xojentke qarap júris etti. May ayında Xojent qorğanı qamal etildi. Qamal eki kún dawam etti. Basqınshılar qorğawshılardıń qorğanısın jarıp ótip, qalanı iyeledi.



Rus armiyaları basıp alğan Xojent dárwazası.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Rossiya imperiyasınıń Túrkstan wálayatı gubernatorı N. Krijanovskiy Buxara ámiriniń wákili menen pitim shártnaması boyınsha ushırasıp, 10 kún dawamında 100 mıń rubl taban tólewdi talap etti.

Belgilengen múddet ótkennen soń, Krijanovskiy Buxara ámiri talapların orınlamaǵanlıǵın báne etip, óziniń armiyalarına ámirlikke qarsı hújim baslawǵa buyrıq berdi. Gubernatordıń áskeriy armiyaları Uratepanı iyeledi. Soń Jizzaxqa qarsı háreket basladı. Toqtawsız atıspalar eki kún dawam etti. Jizzax qalası da imperiya húkimeti qolına ótti. Bul sawashta hár eki tárepten 6 mıńnan kóbirek adam qaytıs boldı. 1864 – 1866-jıllar dawamında basıp alınǵan aymaqlardı óz ishine alǵan Sırdárya wálayatı dúzildi.

1868-jıl Túrkstan general-gubernatorı Kaufman ámir Muzaffardı general-gubernatorlıq shegaralarına bastırıp kiriwge tayarlıq kóriwde ayıplap, 4 mıńnan zıyat armiyadan ibarat áskeriy otryad penen Samarqandqa bastırıp kirdi.

Rossiya imperiyası áskerleri ámirlik áskerlerin mıltıq hám toptan tınbay oqqa tuttı. Shopanata hám Zirabulaq tóbeligindegi sawashlarda Buxara ámiri armiyası jeńiliske ushıradı.

Kaufman Samarqand bekligin Rossiyaǵa beriw, «áskeriy qárejetlerdi» tólew hám 1865-jıldan baslap Túrkstan úlkesinde qolǵa kirgizilgen barlıq zatlardı Rossiya múlki dep atalıw shárti menen pitim dúziwdi usınıs etti. Ámir Muzaffarǵa jazǵan xatı juwapsız qaldı.

Rossiya imperiyasınıń áskeriy júrislerine qarsı Kitab hákimi Jurabek hám Shahrisabz begi Bababek basshılıǵında Samarqandta gúres alıp barıldı. Qorǵawshılar 1868-jılı 2-iyunda Rossiya imperiyası armiyası garnizonı jaylasqan qorǵanǵa hújim etti. Biraq, garnizonshılarǵa járdemge qosımsha kúshler jetip keldi, sonnan soń qorǵawshılar Samarqandtan shıǵıp, taw tárepke sheginiwge májbúr boladı.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Rossiya imperiyasınıń Buxara ámirligine qarsı urıs baslawǵa ne báne boldı?
2. Jizzaxtıń basıp alınıwın qalay túsindiresiz?
3. Xojent hám Uratepa qalalarınıń boysındırılıwı haqqında nelerdi bilip aldıńız?
4. Kartadan 1864 – 1866-jılları basıp alınǵan aymaqlardı kórsetiń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAĠLÍWMAT USHÍN

Rossiya imperiyası tárepinen jańa basıp alınǵan aymaqlarda Samarqand hám Kattaqorǵan bólimlerinen ibarat Zarafshan okrugi dúzildi.

Zirabulaq sawashınan keyin ámir Muzaffar óziniń jeńiliske ushıraǵanın tán alıp, Kaufmannıń Túrkstan general-gubernatorlıǵınıń jańa shegaraları haqqındaǵı usınısın qabıllawǵa májbúr boldı.

Sonıń menen Rossiya imperiyası basqınshılıq júrisleriniń ekinshi basqıshı tamamlandı. Bul tariyxqa «Zirabulaq shártnaması» atı menen kirdi.

*Kaufman 1868-jıl 23-iyunda Samarqandta ámir Muzaffar menen Buxara ámirligin Rossiya imperiyasınıń protektorına aylandırǵan shártnamasına qol qoydı.*

Buxara menen Rossiya imperiyası 1873-jılı ámirlikke óz wákilin tayınlaw huqıqın beriwshi jańa shártnamasına qol qoydı. P. Lessar Rossiya imperasiyanıń Buxara ámirligindegi birinshi wákili etip tayınlandı. Nátiyjede imperiya húkimeti Buxara ámirin óz tásir sheńberine kirgizip, onnan óz mápleri jolında paydalandı.

Zirabulaq shártnamasına muwapıq Tashkentten Samarqandqa shekem bolǵan barlıq basıp alınǵan aymaq – Xojent, Uratepa, Panjikent, Jizzax, Samarqand, Kattaqorǵan qalaları Rossiya imperiyası ıqtıyarına ótti.

1869–1870-jılları Rossiya imperiyası Sırtqı isler ministrligi Angliya menen Awǵanstan hám Orta Aziyadaǵı shegaralardı belgilew haqqında sóylesiwler alıp bardı. Nátiyjede shegaralar Ámiwdárya boylap Panj rayonınan ótkeriliwine kelisildi. Buxara ámirligi hám Iran arasındaǵı shegara 1881-jıl 10-dekabrde Iran shahı menen Tehrandaǵı Rossiya elshisi qol qoyǵan sırlı (jasırın) shártnamada belgilendi.

1885–1887-jıllardaǵı sóylesiwler nátiyjesinde shegaralardı belgilew boyınsha inglis-rus komissiyası Rossiya imperiyasınıń Orta Aziyadaǵı Buxara ámirligi jerleri menen Awǵanstan arasındaǵı shegara sızıǵın belgilewdi aqırına jetkerdi.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Kaufman ne ushın Samarqandqa júris etti?
2. Zirabulaq sawashında ámir áskerleri ne ushın jeńiliske ushıradı?
3. Samarqandta xalıq háreketlerine kimler basshılıq etti?
4. 1868-jılı shártnamaǵa muwapıq ámirliktiń qaysı aymaqları Rossiya imperiyası ıqtıyarına ótti?
5. 1873-jıldaǵı shártnamanıń mazmunın aytıp beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Rossiya imperiyasınıń keyingi háreketleri Xiywa xanlıǵın basıp alıwǵa qaratıldı. Sol arqalı ol Ámiwdáryanı qolǵa kirgiziwdi maqset etip alǵan edi. Bunıń ushın ol bes jıl puqta tayarlıq kórdi.

Kaufman basshılıq etken kóp sanlı áskeriy armiya 1873-jıl fevralda ózleri ornalasqan jerleri – batısta Mańǵıshlaq, arqada Orenburg, shıǵısta Túrkstan hám qublada Krasnovodsk sıyaqlı tórt áskeriy okrugtan derlik bir waqıtta jolǵa shıqtı. Rossiya imperiyası armiyaları menen Xiywa xanlıǵı áskerleri arasında may ayında Xazarasp qorǵanı, Qońırat, Xojeli, Mańǵıt qalaları hám Xiywa qalası janında sawashlar bolıp ótti.

1873-jılı may ayınıń ortalarına kelip kolonizator húkimettiń tiykarǵı armiyaları Xiywaǵa jetip keldi. Kaufman armiyaları Xazarasp dárwazası arqalı xanlıq paytaxtın iyeledi. Kaufman Xiywanı basıp alǵannan soń xan qaznasın kontribuciya (taban) esabınan konfiskaciya etip, qaznasındaǵı materiallıq hám ruwxıy baylıqların Sankt-Peterburgqa jiberdi. Kaufman Xiywanı iyelegennen soń 1873-jıl 12-avgustta Gandimiyon awılında Xiywa xanı Muxammed Raximxan II shártnamaǵa qol qoyıwǵa májbúr boldı.

Xiywa xanlıǵına qaraslı Ámiwdáryanıń ońjaǵası oǵan qońsı jerlerdiń barlıǵı, bul jerlerde jasaytuǵın otırıqshı sharwa xalqı menen xanlıq qaramaǵınan shıqtı. Shártnamaǵa muwapıq Xiywa xanlıǵı 2 million 200 mıń rubl muǵdarındaǵı tabandı 20 jıl dawamında tólewi belgilendi. Xanlıq qaznasında jeterli dárejede pul bolmaǵanlıǵı ushın bul taban xalıqtan jıynap alınatuǵın boldı. Gandimiyon shártnaması Xiywa xanlıǵınıń Rossiya imperiyasına baǵınıshlılıǵın, xannıń mámleket baslıǵı dárejesinde basqa mámleketke boysınǵanlıǵın kórsetiwshi hújjet boldı.



Buxara ámirligi hám Xiywa xanlıǵı Rossiya imperiyasınıń protektoratına aylanǵanlıǵı haqqında shártnamaǵa qol qoysa-da, tiykarında onıń vassalına aylandırılǵan edi.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Xiywa xanlıǵınıń basıp alınıwındaǵı dáslepki háreketler haqqında aytıń.
2. Xiywaǵa qarsı Kaufman ne ushın uzaq waqıt tayarlıq kórdi?
3. Xiywaǵa qarsı júris qalay shólkemlestirildi?
4. Gandimiyon shártnaması Xiywa xanlıǵı jaǵdayına qanday tásir kórsetti?

1717-jılı A. Bekovich-Cherkasskiy, 1839-jılı V. Perovskiy basshılıǵındaǵı armiyalardıń Xiywa xanlıǵına hújimi nátiyjesiz tamamlanǵan.



Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Rossiya imperiyası XIX ásirdiń 50–60-jılları áskeriy basqınshılıq jolı menen Qoqan xanlıǵı aymaǵınıń bir bólimin basıp aldı. Bul dáwirde xanlıq jerleri birqansha qısqarıp, qaznaǵa túsetuǵın dáramatlar azaydı. Rossiya sawdagerlerine úlken imkaniyatlar berildi. Urıs nátiyjesinde kórilgen zıyanlar xalıqtıń moynına tústi, salıq hám minnetlemeler kóbeydi. Buniń aqıbetinde Qoqan xanlıǵında ishki kelispewshilikler, xalıq narazılıǵı kúsheydi. Ishki kelispewshiliklerdi saplastıra almaǵan Xudayarxan Mekke hajı ziyaratına baradı hám ol jerden qaytıp kiyatırǵanda Awǵanstanda qaytıs boladı.

1875-jılı Xudayarxan ornına taxtqa Nasriddinbek otırdı. Qoqan xanlıǵında siyasiy jaǵday keskinlesip, kóterilis pútkil alaptı qamtıp aldı. Kaufman armiyaları da alapta áskeriy háreketlerdi baslap jiberedi. Jańadan bolǵan xan 1875-jıl 22-sentyabrde Qoqan xanlıǵı baǵınǵanlıǵı haqqındaǵı shártnamasına qol qoyadı.

Shártnamaǵa muwapıq Qoqan xanı sırtqı siyasatta heshqanday pitimler dúze almawı, eki million rubl taban tólewi, Sırdáryanıń oń jaǵasındaǵı jerler – Namangan, hám Chust Rossiya qaramaǵına ótkenligi belgilengen edi. Bul jerlerde shólkemlestirilgen Namangan bólimine general M. Skobelev baslıq etip tayınlandı.

Nasriddinbek qol qoyǵan shártnamadan narazı bolǵan xalıq kóteriliske shıqtı. Olardan birine Mulla Ishoq Mulla Xasan ulı «Polatxan» atı menen basshılıq etti. 1875-jılı oktyabr ayınıń basında Polatxanǵa qarsı Skobelev basshılıǵındaǵı áskeriy armiya hújim etedi. 1876-jıl fevral ayına kelip ǵana áskeriy qural ústinligi menen xanlıq basıp alındı. Polatxan hám onıń tárepdarları óltirildi. 1876-jıl fevralda Rossiya imperiyası húkimetiniń Qoqan xanlıǵınıń saplastırılǵanlıǵı haqqındaǵı pármanı járiyalandı. Solay etip, Qoqan xanlıǵı aymaǵı ornında Túrkstan general-gubernatorlıǵı quramına kiriwshi Ferǵana wálayatı dúzildi.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Áwliyeata, Aqmeshit, Shımkent, Tashkent, Xojent qalalarınıń qoldan ketiwi Qoqan xanlıǵına qanday tásir kórsetti?
2. «Buxara ámirligi hám Xiywa xanlıǵınıń Rossiya vassalına aylanıwı Qoqan xanlıǵınıń social-ekonomikalıq qatnasıqları, sırtqı siyasatına qanday tásir kórsetti? Pikirińizdi tiykarlań.

Polatxannıń tiykarǵı atı Ishaq Xasan ulı bolıp, Qoqan xanı Alımxan (1801–1810) aqlıǵı Polatxan atınan jalǵan xan sıpatında 1873–1876-jılları kóteriliske basshılıq etken.



Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**BILESIZ BE?**

Orta Aziyanıń Rossiya imperiyası tárepinen basıp alınıwı tórt basqıshta ámelge asırıldı.

**Birinshi basqısh** – 1847 – 1865-jılları Rossiya imperiyası tárepinen Qoqan xanlığınıń arqa-batıs wálayatları hám Tashkent qalası basıp alındı. Basıp alınǵan aymaqlarda Orenburg general-gubernatorlıǵı quramına kiriwshi Túrkstan wálayatı dúzildi.

**Ekinshi basqısh** – 1865 – 1868-jılları Qoqan xanlıǵı hám Buxara ámirligine qarsı basqınshılıq háreketleri ámelge asırıldı.

**Úshinshi basqısh** – 1873–1879-jıllar dawamında Xiywa xanlıǵı jerleriniń bir bólimi hám Qoqan xanlıǵınıń jerleri tolıq basıp alındı.

**Tórtinshi bssqısh** – 1880–1885-jılları túrkmenler boysındırıldı.

**1-basqısh**
Qoqan xanlıǵınıń arqa-batısı, Tashkent qalası

**1847–1865**

**2-basqısh**
Qoqan xanlıǵı hám Buxara ámirligi

**1865–1868**

**3-basqısh**
Xiywa hám Qoqan xanlıqları

**1873–1879**

**4-basqısh**
Túrkmenler

**1880–1885**





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Túrkstan general-gubernatorlıǵınıń hákimshilik-aymaqlıq dúzilisi

- **Túrkstan general-gubernatorlıǵı**
  - Vassallar: Buxara ámirligi; Xiywa xanlıǵı
  - **Sırdárya wálayatı** — *Quramına:* Ǵazali, Perovskiy, Shımkent, Áwliyeata, Tashkent kirgen.
  - **Jetisuw wálayatı** — *Quramına:* Verniy, Jarkent, Kopal, Lepsinek, Prjevalsk uezdleri kirgen.
  - **Ferǵana wálayatı** — *Quramına:* Marǵulan, Andijan, Qoqan, Namangan, Osh uezdleri hám Pamir kirgen.
  - **Samarqand wálayatı** — *Quramına:* Samarqand, Kattaqorǵan, Jizzax hám Xojent uezdleri kirgen.
  - **Kaspiyartı wálayatı** — *Quramına:* Ashxabad, Krasnavodsk, Manǵıshlaq, Marı hám Tajan uezdleri kirgen.

## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Buxara ámirligi, Xiywa hám Qoqan xanlıǵı jeńilisi sebeplerin sanap beriń.
2. Jıllarǵa sáykes juwaplardı tabıń.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | 1875-jıl 22-sentyabr | a | Xiywa hám Qoqan xanlıǵı jerleri basıp alındı. |
| 2 | 1864–1885-jıllar | b | Nasriddinbek Kaufman menen shártnamaǵa qol qoydı. |
| 3 | 1847–1865-jıllar | c | Qoqan xanlıǵı hám Buxara ámirligine qarsı basqınshılıq háreketleri ámelge asırıldı. |
| 4 | 1873–1879-jıllar | d | Rossiya imperiyası tárepinen Qoqan xanlıǵınıń arqa-batıs wálayatları hám Tashkent qalası basıp alındı. |
| 5 | 1865–1868-jıllar | e | Rossiya imperiyasınıń uzaq dawam etken áskeriy tayarlıǵı nátiyjesinde basqınshılıq urısları alıp barıldı. |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TÚRKSTAN ÚLKESINDE SIYASIY-HÁKIMSHILIK BASQARÍW SISTEMASÍ

## BÚGIN SABAQTA

- Túrkstan úlkesiniń hákimshilik-aymaqlıq bóliniwi hám basqarıwındaǵı ózgerisler. Basqarıwdıń mámleketshilik tártipleri.
- Kolonizatorlıq basqarıwdıń ózgeshelikleri.

## PIKIRLESIW USHÍN

1. Iyelengen xanlıqlardıń aymaqların kimler basqarǵan?
2. Bunday siyasattan qanday mápler kútiledi?

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Basıp alınǵan aymaqlarda kolonizatorlıq siyasatınıń tolıq ámelge asırılıwında basqarıw tártipleri zárúr bolıp sanaladı.

Aymaqlardı basqarıw áskeriy oficerler qolına ótedi. Basqarıw sisteması *«áskeriy-xalıq basqarıwı»* atı menen gubernator qolında áskeriy hám puqaralıq islerin jámlestirgen. Wálayat bólimlerge bólinip, olardıń baslıqları bir waqıttıń ózinde áskeriy komendant da esaplanǵan. Bólim baslıqlarına jergilikli xalıq ústinen qadaǵalaw wákilligi berilgen.

Rossiya imperiyası Tashkentti basıp alǵannan soń, 1865-jıl Aleksandr II «Túrkstan wálayatın basqarıw haqqındaǵı Waqıtsha Ustav»tı tastıyıqlaydı.



Jergilikli xalıqtan dúzilgen pasbanlar



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Qazılar májilisi

1867-jılğı «Túrkstan úlkesin basqarıw haqqındağı Ustav» jobası tiykarında otırıqshı xalqı bir basqıshlı sistema formasında, yağnıy aqsaqallıqlarğa, sharwa xalqı bolsa eki basqıshlı sistema kórinisindegi volost hám awıllarğa birlestirilgen. Hárbir aqsaqallıq 100–200 shańaraq, awıl 100–200 otaw, hárbir volost bolsa 1000–2000 otawdan ibarat halda shólkemlestiriliwi belgilengen.

## MAǴLÍWMAT USHÍN

General-gubernatorlıq diywanı úlken wákilliklerge iye bolğan tiykarğı atqarıwshı organ esaplanğan. Túrkstan úlkesi hákimshilik-aymaqlıq tárepinen wálayatlarğa bólinip, olardı óz qolında fuqaralıq hám áskeriy hákimiyattı birlestirgen áskeriy gubernatorlar basqarğan.

Wálayatlar uezdlerge bólinip, olar áskeriy oficerler basqarıwında bolğan. Uezdler uchastkalarğa, volostlarğa, awıllarğa bólingen. Uchastkalardı uchastka pristavları basqarğan. Joqarı organlar baqlawında bolğan jergilikli xalıq wákillerinen ibarat tómengi basqarıw organları hám salıq sistemasın saqlap qalğan.

Basqarıw sistemasınıń tómengi basqıshında volost baslığı (mıń bası), awıl aqsaqalı, awıl baslığı, xalıq sudyaları (otırıqshı xalıqta qazılar, kóshpeli xalıqta biyler) hám olardıń járdemshileri, bas murab, murab, júz bası, eliw bası, on bası sıyaqlı lawazımlarda sol jer xalqı wákilleri jumıs alıp barğan.

## BILESIZ BE?

Túrkstan general-gubernatorı S. Duxovskoy: «Túrkstan úlkesi basqa úlkelerge qarağanda tariyxıy ótmishi, etnografiyalıq ózgesheliklerin esapqa alğan halda ayrıqsha itibar beriliwin talap etedi», – degen edi.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Ne sebepten Rossiya húkimeti tómendegi basqarıw sistemasın saqlap qalğan?
2. Ne ushın S. Duxovskiy Túrkstan úlkesi ayrıqsha itibardı talap etedi, dep esaplağan?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Túrkstan úlkesi basıp alınǵan dáwirden baslap tolıq koloniyallıq sıpatında basqarıw tártiplerine tiykarlanǵan hákimshilik-aymaqlıq birlikler hám olardıń basqarıw tártipleri engizilip barılǵan. Imperiyanıń oraylıq aymaqlarınan Orta Aziya jerlerine xalıqtı kóshirip alıp keliw Rossiya húkimetiniń tiykarǵı maqsetlerinen biri bolǵan.

Kóshirip alıp kelingenler jer hám kerekli qarjılar menen támiyinlengen. Xalıqtı kóshirip alıp kelip jaylastırıwdan jáne bir maqset bul úlkede kolonizatorlıq siyasatın ámelge asırıwda qosımsha tayanısh kúshlerge iye bolıw edi. Sonday-aq, bul siyasat jergilikli xalıqtı ruslastırıwǵa qaratılǵan ilajlardan biri boldı.

Kárwan saray



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Ne ushın jergilikli xalıq wákilleri volost baslıqları (mıń basılar) awıl aqsaqalları, awıl baslıqları, qazı, biy hám olardıń járdemshileri lawazımlarına tayınlanǵan?
2. Bul dáwirde Rossiya úlkelerinde qanday jámiyetlik-siyasiy jaǵday júzege kelmekte edi?



Aqsaqallar



Arbakeshler



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAĞLÍWMAT USHÍN

1877-jılı Tashkentte «Qala ustavı» engizilgen bolıp, oğan baylanıslı qala basqarıwı Dumağa ótken edi. Duma ağzalarınıń 1/3 bólimi Eski qala, 2/3 bólimi bolsa Jańa qala aymağınan saylanğan. Buğan baylanıslı qalanıń 80 mıńlıq jergilikli xalqınan 21 deputat, 3900 adamlıq, tiykarınan, ruslardan ibarat Jańa qala xalqınan bolsa 48 deputat qatnasqan. Qala xojalığına baylanıslı barlıq jumıslar Duma qolında bolğan. Dumağa basshılıq etiwshi shaxs general-gubernator usınısı menen áskeriy wázir tárepinen tastıyıqlanğan.

1886-jıl Aleksandr III tárepinen jańa «Túrkstan úlkesin basqarıw haqqındağı Ustav» tastıyıqlandı. Ustavqa muwapıq Zarafshan okrugi Samarqand wálayatına aylandırıldı. Xojent, Jizzax, Kattaqorğan, Samarqand uezdleri onıń quramına kirgizildi. Qurama uezdiniń atı Tashkent uezdi dep ózgertildi.

1886-jıldağı «Ustav»qa baylanıslı Túrkstan general-gubernatorlığınıń hákimshilik basqarıwı jańa basqarma – Túrkstan general-gubernatorı Keńesi menen toltırılğan.

1885-jıldan Buxarada Rossiya imperatorınıń siyasiy agentligi xızmeti jolğa qoyıldı. Onıń ruqsatısız Buxara ámiri sırtqı hám ishki siyasatta óz betinshe jumıs alıp bara almağan.

Waqım jerleri (meshit, medrese hám basqa diniy mákemelerge tiyisli jerler) sol waqıtta jasap hám jerge islew berip atırğan adamlarğa ijarağa beriletuğın edi.

Bul waqıtqa shekem waqım múlkinen alınğan dáramatlar mektepler, medreseler hám meshit imaratların ońlawğa, xızmetkerlerin materiallıq támiyinlewge, diniy máresimlerin orınlawğa, kerekli buyımlar alıwğa (gilem, jaynamaz, diniy kitap) hám basqa ilajlarğa sarplanğan.



Tashkent qalasındağı Mámleket banki bólimshesi

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jańa waqım hújjetlerin tastıyıqlaw tek general-gubernator ırazılıǵı menen mámleket salıqları hám minnetlemelerinen azat etpey ámelge asırǵan.

Waqım hújjetlerin tastıyıqlaw, waqım dáramatlarınıń durıs paydalanılıwı ústinen qadaǵalaw hám olardı tekseriw huqıqı wálayat hákimshiligi ıqtıyarına ótkerildi. Waqım múlklerin qadaǵalaw kolonizator húkimet wákilleri qolına ótiwi menen meshitler hám mekteplerdiń materiallıq awhalı tómenledi.

**Wálayat basqarıwı**




## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. 1886-jıldaǵı «Ustav» tiykarında dástúrlik jerge iyelik etiw qatnasıqlarına qanday ózgerisler kirgizildi?
2. 1886-jıldaǵı «Ustav» qanday aqıbetlerge alıp keldi?

1880–1890-jılları aymaqqa kóship kelgenler esabınan úlkede kóplegen pravoslav jámáátleri qáliplesip, olar jasaytuǵın xalıq puntklerinde pravoslav shirkewleri qurılǵan.

## BILESIZ BE?

1886-jıldaǵı «Ustav»ta húkimet qaramaǵında qalǵan bos turǵan mámleket jerlerine rus xalqın jaylastırıw zárúr ekenligi qatań belgilep qoyıldı. Kóshiriw siyasatı menen shuǵıllanıw úlke hákimshiligi juwapkerligine júklengen. Kóship kelgenlerge úlken jeńillikler berilgen. Olar qarjı, turaq jay, jer maydanları, kreditler menen támiyinlengen. Kóship kelgenler 5 jıl dawamında salıqlardan azat etilgen, keyingi 5 jıl dawamında salıqlardıń yarımın tólegen. Rossiyadan kóship kelgenler, tiykarınan, awıl xalqı bolǵan. Olar ushın úlke hákimshiligi mektep hám shirkewler qurıwǵa qarjı ajıratqan. Túrkstan úlkesinde áskeriy xızmetshiler jasap qalıwı hám tamarqaǵa jer alıwı múmkin bolǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Noqatlardıń ornın toltırıp, dápterińizge kóshiriń:

1. 1886-jıldaǵı «Ustav»qa baylanıslı, Zarafshan okrugi ... wálayatına aylandırıldı.
2. Wálayat ... gubernatorları, general-gubernator ... basqarıwshısı, Túrkstan áskeriy ... shtabı baslıǵı bul ... nıń úzliksiz ... bolǵan.
3. ...-jıl Rossiya imperatorınıń ... agentligi ... jolǵa qoyıldı.
4. Ne ushın imperiya húkimeti jerge iyelik etiwdi tolıq óz qolına alıwǵa háreket etti?

**XIX ásir aqırında Túrkstan úlkesine shegaralas aymaqlar**






XIX ásir. Qazıxana.
Tashkent qalası.

## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Túrkstan general-gubernatorlıǵı basqarıwı kimlerden ibarat bolǵan?
2. 1886-jılǵı «Ustav» boyınsha basqarıwda qanday ózgerisler boldı?
3. Rossiya imperatorınıń siyasiy agentligi wazıypası neden ibarat edi?
4. Kartadan Túrkstan general-gubernatorlıǵındaǵı wálayatlardı anıqlap, qaysı wálayatlarǵa búgingi Ózbekstannıń qaysı aymaqları kiriwin belgileń.
5. Hárbir tekstten tariyxıy atamalardı ajıratıń hám sózlik járdeminde olardıń mazmunın anıqlań.
6. Kolonizator húkimet waqım jerlerine baylanıslı qanday siyasat alıp bardı?
7. Kóshirip alıp kelingenlerge qanday jeńillikler berilgen?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TÚRKSTANDA ROSSIYA IMPERIYASÍNA QARSÍ MILLIY-AZATLÍQ HÁREKETLERI

## BÚGIN SABAQTA

- Túrkstanda milliy azatlıq háreketleriniń sebepleri.
- Tashkentte «Xolera kóterilisi» hám onıń aqıbetleri.
- 1892-jıl 18-iyunnan «Áskeriy jaǵdayda dep járiyalanǵan orınlar haqqında Qaǵıyda»nıń kúshke kiriwi.
- Andijan kóterilisi hám onıń nátiyjeleri.

## PIKIRLESIW USHÍN

1. Xalıqtıń milliy dástúrleri, tariyxıy ótmishi, etnografiyalıq ózgesheliginiń kemsitiliwi qanday aqıbetlerge sebep bolıwı múmkin?
2. Xolera qanday kesellik, ol haqqında ne bilesiz?

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Rossiya sanaatı tárepinen islep shıǵarılǵan úy-ruwzıger buyımları, ásirese, toqımashılıq ónimleri menen Orta Aziya bazarlarınıń toltırılıwı nátiyjesinde ónermentshiliktiń kóplegen túrleri kriziske ushıradı. Bul waqıtqa kelip ekonomikalıq qıyınshılıqlar, jasaw sharayatınıń tómenligi, salıqlardıń kópligi, miynet minnetlemeleriniń awırlıǵınan jergilikli xalıqtıń awhalı tómenlep ketti. Nátiyjede, XIX ásir aqırında koloniyallıqqa qarsı úlkeniń hár túrli orınlarında narazılıq shıǵıwları bolıp turdı. Atap aytqanda, 1878-jılı Mıńtepada (házirgi Andijan wálayatı, Márhamat rayonı) kolonizatorlardıń siyasiy hám ekonomikalıq zulımlıǵına qarsı Jetimxan basshılıǵında kóterilis shıǵarıldı. Onı kolonizator húkimet kúsh penen bastırdı.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Ne dep oylaysız, Orta Aziya bazarlarına Rossiya tovarlarınıń kirip keliwi jergilikli ónermentlerdiń bazarları kriziske ushırawına tiykarǵı sebep boldı ma? Pikirińizdi tiykarlań.
2. Rossiya imperiyası úlkeni basıp almaǵanında basqa mámleketlerdiń tovarları kirip keletuǵın ba edi? Bazardıń kriziske ushırawına alıp kelgen faktorlardı anıqlań.
3. Sizler usı dáwirde ónerment bolǵanıńızda qanday jol tutqan bolar edińiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Óz betińizshe izlenip, dúnya siyasatında kolonizator mámleketler tárepinen koloniyallıq basqarıwdıń qanday bağdarları bar ekenligin anıqlań.
2. Sizińshe, Rossiya sanaatı tárepinen islep shığarılğan ónimler menen Orta Aziya bazarlarınıń toltırılıwı jergilikli bazar hám islep shığarılıwına qanday tásir kórsetken?

## MAĞLÍWMAT USHÍN

1879-jıldıń gúzinde Ferğanada, 1880-jıldıń noyabrinde Xojent hám Uratepa rayonlarında, 1882-jıldıń baslarında Namanganğa, 1885-jıldıń jazında Ferğana alabında jergilikli xalıq háreketleri qaytadan kúsheyip, Andijanda Darvishxan basshılığında kóterilis kóterildi. Endi xalıq narazılıq háreketleri qatnasıwshıları óz usılların ózgerttirip, baylar hám volost baslıqlarınıń otıratuğın orınlarına hújim uyımlastırdı. Usı jılları kóterilis izli-izinen pútkil wálayatqa jayıldı.

1892-jıldan kolonizatorlar hákimlerge qarsılıq kórsetken ápiwayı puqaralardı tikkeley áskeriy dala sudına bere basladı. «Gúnakarlar»dı ashıqshasına óltiriw arqalı adamlardı qorqıtıw bunnan bılay kolonizatorlar quralına aylandı.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Kolonizatorlıq jábir-zulımlılığınıń kúsheyiwi, tiykarınan, qanday kórinislerde anıq kózge taslanadı?
2. Sizińshe, kolonizator húkimettiń Túrkstanda alıp barğan siyasatınıń maqset hám wazıypaları neden ibarat edi?
3. Xalıq turmısınıń jarlılanıwına qanday faktorlar sebep boldı?
4. Ne ushın xalıq háreketleri XIX ásirdiń 70-jılları aqırında sol Ferğana alabında kúsheydi?
5. XIX ásirdiń 80-jıllarınıń aqırı — 90-jıllar baslarında Túrkstannıń qaysı volostı hám uezdlerinde xalıq kóterilisleri bolıp ótti?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

1892-jıldıń mart ayında Awǵanstanda xolera kesellik tarqaldı. Báhár máwsiminiń aqırlarına kelip bul kesellik Samarqand wálayatınıń Jizzax uezdında, iyunda bolsa Tashkentte de belgilendi. Tashkent qalası hákimshiligi kesellikke qarsı ilajlar qatarında qaladaǵı 12 qábirstandı jawıp qoydı. Usı keselikten ólgen adamlar ushın qaladan shette arnawlı qábirstanlar ashıw wáde etildi.

Biraq ámelde qaladan sırtta tek bir qábirstan ashıldı. Sanitariya ilajları xalıqqa isenimli etip túsindirilmedi. Bunnan basqa, shıpaker-feldsherlerdiń jetispewi sebepli nawqaslardı tekseriw kóbinese úshinshi ya tórtinshi kúni ótkeriletuǵın edi. Bul waqıtta xalıq arasında kolonizator hákimler suwdı, shıpakerler bolsa nawqaslardı bile tura qastan záhárlep atırǵanın, ólilerdi qábirlerden shıǵarıp taslap atırǵanı haqqındaǵı mısh-mısh sózler tarqaldı.

Tariyxta «Xolera kóterilisi» (yaki «Tasatar waqıyası») dep at alǵan kóterilis 1892-jıldıń 24-iyunında baslandı.

Bul waqıyanı óz kózi menen kórgenlerden biri bılay jazǵan edi: «Kóterilisshilerdiń maqseti bolıp atırǵan kemsitiwlerdi toqtatıwǵa erisiw edi.

Alaman qala baslıǵı S. Putincev aldına shara kóriw haqqındaǵı talap penen jolǵa túsedi. Alamanda oqatar qurallar da joq bolıp, olar shama menen 400 adam átirapında edi».

Eski qala aqsaqalı Muxammed Yaqub alamannan qorqıp qala baslıǵı aldına baradı. Xalıq S. Putincevten aqsaqaldı olardıń ıqtıyarına beriwdi talap etti. Putincev bolsa sóylesiw ornına kúsh isletiwdi abzal kórdi.

Bul bolsa narazılıqtı kúsheytip jiberdi. Putincevtıń adamların joq etip, ózin bolsa urdı. Tashkent aqsaqalınıń úyin órtedi. S. Putincev hám onıń mirshabların urǵan xalayıq keńsesin de astın-ústin etti. Kóterilisti bastırıw ushın kazaklar polki hám bir rota ásker shaqırıldı.





Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. XIX ásirdiń 90-jılları mámleketimizde bolıp ótken «Xolera kóterilisi»niń tiykarǵı social-ekonomikalıq, siyasiy sebep hám aqıbetlerin dápterińizge keste kórinisinde kórsetiń. Pikirińizdi klasta kishi kórgizbe kórinisinde ótkeriń.
2. «Xolera kóterilis»i waqıyaları kolonizator hákimiyattı qanday reformalar etiwge májbúr etti?

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Úlkedegi narazılıq háreketleri kúsh penen bastırıldı, kóterilis qatnasıwshıları jazalandı.

Tashkenttegi kóterilisten soń úlkede *mirshablıq jaǵday* engizildi.

Túrkstan general-gubernatorı «kúshli qorǵanıwda» dep daǵazalanǵan orınlarda májilis jıyınların tarqatıw, sawda-satıq kárxanaların jabıw, qálegen adamdı súrgin etiw, járiyma salıw hám basqa huqıqların aldı. «Ayrıqsha qorǵanıwda» dep daǵazalanǵan jerlerde bolsa pútkil hákimiyat general-gubernator yaki ol tayınlaǵan bas nayıp qolına ótiwi belgilendi.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Túrkstanda kolonizator húkimet siyasatınıń tiykarǵı baǵdarında neler anıq kórinedi?
2. Úlkede Túrkstan general-gubernatorına qanday maqset penen keń wákillikler berildi?





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN



1886-jılǵı «Túrkstan úlkesin basqarıw haqqındaǵı Ustav»qa muwapıq Rossiyadan kóship kelgenler ushın jer fondı shólkemlestirildi.

1891-jılı Rossiyadan Ferǵana wálayatına kóplep xalıqtıń kóshirip ákeliniwi hám jaylastırılıwı jer jetispeytuǵın hám xalıq tıǵız jasaytuǵın alaptıń awhalın oǵada tómenletip jiberdi. Sózsiz, imperiya húkimetiniń bunday háreketleri jergilikli xalıq narazılıǵınıń jáne de artıp barıwına sebep boldı.

Imperiya húkimeti tárepinen úlkedegi waqım múlkleri qısqartıldı. Waqım múlklerine tiyisli jerlerdi tamamlawǵa qaratılǵan sharailajlar bolsa waqım jerleriniń úlken bólimi mámleket múlkine aylandırılıwına alıp keldi.

Bul keń xalıq massasınıń keskin narazılıǵın keltirip shıǵardı.





## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. 1898-jıl Andijan kóterilisi baslanıwına sebep bolǵan faktorlar nelerden ibarat? Pikirińizdi kóshiriw siyasatı menen logikalıq jaqtan baylanıstırıp, juwmaǵıńızdı dápterińizge tiykarlap jazıń.
2. Sizińshe, kolonizatorlıqqa qarsı kóterilisler Túrkstan úlkesiniń derlik barlıq aymaqlarında da úzliksiz dawam etiwiniń sebepleri neden ibarat bolǵan?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN



Tutqınǵa alınǵan Dukshi iyshan

1898-jılı jergilikli xalıqlardıń kolonizatorlarǵa qarsı qaratılǵan Andijan kóterilisi baslandı. Kóteriliske Dukshi iyshan (Muxammed Ali) basshılıq etti.

Dukshi iyshan basshılıǵındaǵı kóterilisshiler ekige bólinip, olardıń birewine Ziyawiddin maqsım basshılıq etti.

Kóterilisshilerdiń qatarı kóbeyip bardı. Olar Andijandaǵı áskeriy kazarmaǵa hújim etti. Biraq áskeriy kúshleri menen bolǵan soqlıǵısıw aqıbetinde kóterilisshiler sheginiwine májbúr boldı.

General-gubernator N. Korolkov kóterilisshilerdi tolıq joq etiwge qaratılǵan jaza ekspediciyasına jeke basshılıq etti. Dukshi iyshan hám onıń toparları jazalandı.

1898-jılı bolıp ótken kóterilis jergilikli xalıqtıń óz janların qáwipke qoyıp, kolonizatorlıq zulımlıǵına qarsı gúres alıp barıw múmkinligin kórsetti. Olar qollarına qural alıp, ayaq astı etilgen haq-huqıqları, arzıw-úmitleri ushın sawash alıp bardı.

1898-jılǵı kóterilis hátte joq etilgen bolsa da, jergilikli xalıqlardıń ǵárezsizlik hám azatlıq ushın gúreslerin toqtata almadı. Kolonizatorlıqqa qarsı kóterilisler Túrkstan úlkesiniń derlik barlıq aymaqlarında dawam etti.

**Iyshan** – dinshiller arasında abırayǵa erisken diniy basshı dárejesi. **«Dukshi»** (parsı tilinde – jıynaw, duk) – sharıqtıń iyirilip atırǵan jip oralatuǵın bólimi. Duk islewshi ónerment dukshi delingen.



Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Qolǵa alınǵan kóterilisshiler, 1898-jıl



## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Andijan kóterilisiniń baslanıw sebeplerin sanap beriń.
2. Kóterilistiń rehimsiz bastırılǵanlıǵın qanday dálillerde kóriwge boladı?
3. Bul kóterilistiń áhmiyeti nede?
4. Túrkstanda kolonizatorlıqqa qarsı kóterilislerdi xronologiya tártibinde dápterińizge jazıń.
5. «Xolera kóterilisi» dep tariyxta at alǵan kóterilis xalıq wákilleriniń tiykarǵı talapları nelerden ibarat edi?
6. Dukshi iyshan kóterilisiniń jeńilisiniń sebeplerin talqılań.
7. Bilimińizdi sınap kóriń, durıs juwaptı tabıń.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | 1879-jıldıń gúzinde | a | Tariyxta «Tasatar waqıyası» dep atalǵan kóterilis baslandı. |
| 2 | 1880-jıldıń noyabrinde | b | Awǵanstanda xolera keselligi tarqaldı. |
| 3 | 1892-jıl 24-iyunda | c | Rossiyadan xalıq Fergana wálayatına kóplep kóshirip alıp kelindi. |
| 4 | 1892-jıldıń martında | d | Xojent hám Uratepa rayonlarında xalıq kóterilisi bolıp ótti. |
| 5 | 1891-jılı | e | Ferganada jergilikli xalıq qatnasıwında xalıq kóterilisi bolıp ótti. |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# BIRINSHI JÁHÁN URÍSÍNÍŃ BASLANÍWÍ HÁM ONÍŃ TÚRKSTANĠA TÁSIRI

## BÚGIN SABAQTA

- Birinshi jáhán urısınıń Túrkstanǵa tásiri.
- Márdikarlıqqa mobilizaciya etiwdiń daǵazalanıwı.
- Xalıq narazılıq háreketleri.

## PIKIRLESIW USHÍN

1. Jáhán urısı atamasına táriyip beriń.
2. Birinshi jáhán urısı qashan hám qanday sebeplerge baylanıslı baslandı?
3. Bul urısta qaysı mámleketler qatnastı? Bul mámleketlerdiń maqsetleri neden ibarat edi?
4. Rossiyanıń koloniyalarına bul urıs qanday tásir kórsetti?

XX ásirdiń baslarında jáhándegi úlken mámleketlerdiń óz ara qatnasıqları keskin kórinis aldı. Aqıbetinde 1914-jılı baslanǵan Birinshi jáhán urısında bir tárepten Rossiya, Angliya hám Franciya – Antanta, ekinshi tárepten Germaniya, Avstriya-Vengriya hám Italiya basshılıǵında dúzilgen áskeriy awqamlaslar (jámi 38 mámleket) qatnastı.

## MAĠLÍWMAT USHÍN

Rossiya imperiyası Birinshi jáhán urısında qatnasıwı menen ǵalaba mobilizaciya etiw daǵazalandı. Mobilizaciya etiw Rossiyanıń koloniyalarına, atap aytqanda, Túrkstanǵa da tiyisli edi. Usıǵan baylanıslı, Túrkstan úlkesinen urısqa 19 jastan 43 jasqa shekemgi xalıqtıń evropalı bólimi wákilleri shaqırıldı.

Ishshi kúshi sıpatında er adamlardıń urısqa alınıwı shańaraqtıń tiykarǵı baǵıwshısınan ayırılıwına hám olardıń tómen awhalǵa túsiwine sebep boldı. Jergilikli xalıqtan arzan miynet kúshi sıpatında paydalanıwǵa háreket etti.





...вательных целях

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

1. Rossiya imperiyası tárepinen Birinshi jáhán urısı máselesindegi ǵalaba mobilizaciya etiw ne sebepten xalıqtıń evropalı bólimi hám de jergilikli bólimi ushın ayrıqsha tárizde alıp barıldı?
2. Túrkstan xalqı ushın Birinshi jáhán urısına ǵalaba mobilizaciya etiw qanday nátiyjeler menen tamamlandı?



**MAĠLÍWMAT USHÍN**

1914-jılı Túrkstanda ayrıqsha qorǵanıw jaǵdayı daǵazalandı. Bul jaǵday Túrkstan xalqı ushın ádettegidey emes bolǵanlıǵı ushın hár túrli qarama-qarsılıqlar kelip shıǵa basladı.

Mámleket qarjısı (finansı) kriziske júz tuttı. Shıǵınlardıń ornın toltırıw hám áskeriy qárejetlerdiń ósiwin qaplaw maqsetinde Túrkstanda paxtaǵa ózgermeytuǵın mámleketlik baha engizildi. Bahalardıń ulıwmalıq kóbeyiwi sharayatında bul baha paxtakeshlerdiń ónim jetistiriwdegi qárejetlerin qaplay almaytuǵın edi.

Ayrıqsha jaǵday tártibin buzǵanlar 50 sumǵa shekem járiyma tóleytuǵın yaki 3 ayǵa shekem qamaq jazasına húkim etiletuǵın boldı.

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

1. Birinshi jáhán urısında Rossiya, Angliya hám Franciya mámleketlerinen ibarat awqam – Antantaǵa birlesiwine sebep bolǵan faktorlardı «Jáhán tariyxı» sabaqlıǵında alınǵan bilimlerińizge tayanıp tiykarlań.
2. Nege jergilikli xalıq Birinshi jáhán urısında áskeriy xızmetke alınbadı?
3. Er adamlardıń urısqa jiberiliwi úlke turmısına qanday tásir kórsetken?
4. Urıstıń Túrkstan úlkesindegi xalıqtıń turmıs sharayatı, baha, awıl xojalıǵına tásiri boldı ma? Juwabıńızdı usı dáwirde jasaǵan adamlardıń turmıs tárizi, úrp-ádetleri hám qádiriyatların esapqa alıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Sizińshe, 1914-jılı Túrkstanda ayrıqsha qorǵanıw jaǵdayı daǵazalanıwına qanday faktor sebep boldı hám bul jaǵday jergilikli xalıq ushın qanday nátiyjeler menen juwmaqlandı?
2. Birinshi jáhán urısı Rossiya ekonomikasınıń qaysı tárepleriń kórsetip berdi?

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Urıs bolıp atırǵan jerlerdegi wayranshılıqlardı tamamlaw, qorǵanıw qurılmaların qurıw, urısqa azıq-awqat hám qural-jaraqlardı tayarlaw hám olardı orınlarǵa jetkeriw jumısları úlken mashqalaǵa aylandı. Bul jumıslardı ámeliy basqarıw hám shólkemlestiriw ulıwma buzılıp ketti.

Júzege kelgen mashqalanı sheshiw ushın imperiya Túrkstan, Sibir hám Kavkazdaǵı tiykarǵı otırıqshı xalıqtan front artındaǵı jumıslarda paydalanıwǵa qarar etedi. Nátiyjede er adamlar front artındaǵı jumıslardı islewge tartıla baslandı.

## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. «Sum bala» filmin kóriń hám dáwirdegi jámiyetlik proceslerge baha beriń.
   1) Jámiyettegi sociallıq qatnasıqlar.
   2) Xalıqtıń turmıs tárizi.
   3) Xalıqtıń Birinshi jáhán urısına qatnası.
2. Ne ushın márdikarlıqqa qarsı háreketlerdiń keń massalıq tús alıwınan koloniyallıq húkimeti, úlke hám wálayat hákimleri qáweterge tústi?
3. 1914-jılı Túrkstanda ayrıqsha qorǵanıw jaǵdayın daǵazalawdan maqset ne edi?





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TÚRKSTANDA 1916-JÍLǴÍ KÓTERILISTIŃ BASLANÍWÍ

**BÚGIN SABAQTA**

- 1916-jıldaǵı márdikarlıqqa qarsı kóterilis.
- Jizzax kóterilisi.
- Kóterilistiń aqıbetleri.

**PIKIRLESIW USHÍN**

1. «Márdikar», «márdikarlıq» degende neni túsinesiz?
2. Rossiya imperiyasına márdikarlar ne ushın kerek edi?

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Túrkstannıń jergilikli xalqınıń front artında islew ushın márdikarlıqqa alınatuǵınları sanı wálayatlar boyınsha bólistirildi. Máselen, Ferǵana wálayatında shańaraqlardıń hár besewinen bir adam márdikarlıqqa alınǵan. Bul jergilikli xalıqtıń kúshli narazılıǵına sebep boldı.

Márdikarlıqqa baratuǵınlardıń dizimin dúziwde Túrkstan jergilikli hákimshiligi wákilleri ádalatsızlıqlarǵa jol qoydı. Hátte, shańaraqta birneshe er adam bolıwına qaramastan bay shańaraq wákilleri para berip dizimge kirgizilmegen. Biraq kámbaǵal shańaraqlardan bir er adam bolsa da, ol dizimge alındı. Bunday nahaqlıqlar xalıq massasınıń narazılıǵın jáne de kúsheytken.

Jergilikli xalıq arasında márdikarlıqqa alıwǵa qarsı keń massalıq shıǵıwlar baslanıp ketti. Samarqandtıń Urgut awılında, keyinnen, Siyab, Máhálle, Xoja Axrar, Angorda, 1916-jıldıń iyulında Dahbedte narazılıq shıǵıwları bolıp ótti. Demonstrantlar jergilikli basqarıw wákillerin urıp, dizimlerin jırtıp tasladı.





Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Túrkstanda márdikarlıqqa alıwǵa qarsı kóterilis qalay juwmaqlandı?
2. Kóterilistiń baslanıwına ne sebep bolǵan?
3. Kóterilisshilerdiń maqsetleri ne edi?
4. «Márdikarlıqqa dizimge alıwdaǵı ádalatsızlıq» degende neni túsindińiz?

## MAǴLÍWMAT USHÍN

1916-jıl Jizzaxta márdikarlıqqa qarsı massalıq kóterilis kóterildi. Tez arada ol basqa qalalarǵa, sonıń qatarında, Tashkent, Samarqand hám kóplegen átiraptaǵı awıllarǵa jayıldı. Jizzax qalasında Damin gúlal basshılıǵında ónermentler márdikarlıqqa alıw boyınsha dizimdi talap etip awıl aqsaqalı aldına bardı.



Aqsaqal dizimdi bermey, toplanǵan adamlardıń kewline tiydi. Bul jaǵday xalıqtıń keskin narazılıǵın keltirip shıǵardı. Sonnan keyin ketpen, tayaqlar menen qurallanǵan kóterilisshiler Jizzaxtıń jańa qala bólimine jol aladı.

Jizzax kóterilisi qatnasıwshıları koloniyallıq hákimshilikke tiyisli bolǵan áskeriy, hákimshilik hám basqa orınlarǵa hújim etti. Túrkstanda áskeriy jaǵday daǵazalandı.

Bul waqıtta koloniyallıq húkimet kóterilisti bastırıw hám onıń qatnasıwshıların jazalaw sharaların kórdi.

Kóterilis basshıları hám belsendi qatnasıwshıları qolǵa alınıp, ólim jazasına húkim etildi. Kóterilis kóterilgen awıllarǵa ot qoyıldı. Olardıń shańaraq aǵzaları da jazaǵa tartıldı.

Kóteriliste qatnasqan, oǵan qayırqom bolǵanlar qolǵa alındı. Húkimetke járdem bermegen xalıqtı úylerinen shólistanlıqqa aydap jibergen.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Jizzax kóterilisi qanday jaǵdayda baslandı?
2. Kóterilis basshıları kimler edi hám olar qanday jol tuttı?
3. Jizzax kóterilisi qalay bastırıldı?
4. Kóterilisshilerdiń jeńiliwine ne sebep bolǵan?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## MAǴLÍWMAT USHÍN

Kóterilisshiler koloniyallıq húkimetke qarsı ápiwayı jumıs quralları menen sawash alıp bardı. Bunnan tısqarı, olardıń kópshiligi diyqanlar, ónermentler bolǵanlıǵı hám áskeriy tarawdan ulıwma xabarsız ekenligi kóterilistiń jeńiliske ushırawına sebep boldı.

Kóterilis bastırılǵannan keyin, xalıqtıń basına júdá úlken músiybetler alıp keldi. **Birinshiden,** xalqı kóteriliste qatnasqan Jizzax átirapındaǵı awıllar órtep jiberildi, aqıbetinde kópshilik úy-jaysız qaldı.

**Ekinshiden,** kóterilis jaz máwsiminde bolıp ótkenligi sebepli egin maydanları, awıl xojalıǵı ónimleri nabıt boldı. Bul bolsa azıq-awqat qıtshılıǵı, bahanıń kóteriliwi tirishilik etiwdiń qıyınlasıwına alıp keldi.

**Úshinshiden,** kóterilis xalıq arasında kóplegen qurbanlar bolıwına alıp keldi.

Túrkstan xalqınıń márdikarlıqqa jiberiliwi jergilikli xalıqtıń kóplegen shańaraqların baǵıwshısız qaldırdı.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Noqatlar ornın toltırıp, dápterińizge kóshiriń:

Birinshi jáhán urısı ... basландı hám onda ... mámleketler qatnastı. Birinshi jáhán urısı waqtında ... xalıq wákilleri márdikarlıqqa alındı. Jizzax kóterilisi ... jılı basландı.



1916-jıl kóterilisine qarsı atlanǵan qurallı kúshler



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## MAǴLÍWMAT USHÍN

1916-jılǵı kóterilisler koloniyallıq húkimetti qattı albıratttı. Bul kóterilis Túrkstan xalıqlarınıń óz huqıqların ayaq astı etiwlerinen qattı narazı bolǵanlıǵın kórsetti.

Koloniya húkimeti ayırım sharalar kóriwge, jeńillikler jaratıwǵa hám xalıq penen kelisimge keliwge májbúr boldı. 1916-jılǵı kóterilis pútkil koloniyallıq dawamında Túrkstandaǵı eń úlken kóterilis sıpatında tariyxta «Jizzax qayǵısı» degen at qaldırdı.



## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

Berilgen tekstti oqıń hám juwap beriń.

1. «Ǵálle jetispey qımbatshılıq bola basladı». *Qáhátshilik* hám *qımbatshılıq* degende neni túsindińiz?
2. «Tórt jıl dawam etken sawashtıń kóp zatlarǵa zıyanı tiydi. Jánnetten nıshan bolǵan ullı Túrkstan kontinentinde ǵálle jetispey qımbatshılıq bola basladı. Házir endi qımbatshılıq qorqınıshlı qáhátshilikke aylanbaqta...» Miyon Buzruk. Avtordıń pikirin túsindiriń.
3. 1916-jılǵı kóterilislerdiń baslanıw hám jeńiliw sebeplerin sanap beriń.
4. 1916-jıldaǵı kóterilisler qanday aqıbetlerge alıp keldi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# XIX ÁSIRDIŃ EKINSHI YARÍMÍ – XX ÁSIRDIŃ BASLARÍNDA BUXARA ÁMIRLIGI

**BÚGIN SABAQTA**

- Buxara ámirliginiń sociallıq-siyasiy jaǵdayı.
- Salıq hám minnetlemeler.
- Xalıq kóterilisleri.
- Ónermentshilik.
- Sawda-satıq qatnasıqları.

**PIKIRLESIW USHÍN**

1. Rossiya imperiyası basqınshılıǵı nátiyjesinde ámirlik táǵdiri ne bolǵan edi?
2. Buxara ámirliginde mámleket basqarıwı qanday tiykarda shólkemlestirilgen edi?

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

XIX ásirdiń aqırında Buxara ámirliginde Buxaradan bas-qa Charjaw, Kitab, Shahrisabz, Denav sıyaqlı qalalar ámirliktiń iri sawda hám ónermentshilik orayları esaplanǵan.



Ámirliktiń ekonomikasınıń tiykarǵı bólimin awıl xojalıǵı tarawı quraǵan. Biraq diyqanlar bárhama úlken dáramat almaǵan. Izbe-iz az ónim jıllarınan keyin baljuvanlı diyqanlar 1885-jılı mol ónim jıynap aldı. Salıq jıynawshılar bolsa tek sol jıl ushın emes, al ótken az ónim jıllar ushın da xiraj tólewdi talap etti.

Bul bolsa diyqanlardıń narazılıǵına sebep boldı. Bunday salıq óndiriwdi ádalatsızlıq dep bilgen diyqanlar onı tólewden bas tarttı. Hámeldarlardıń kúsh kórsetiwi hám zulımlıǵı kóteriliske sebep boldı. Kóterilis 1885-jıl iyul ayınıń aqırǵı kúnlerinde kóterilgen. Diyqanlar hám ámir Muzaffar láshkeri arasında sawash bolıp ótti. Tayarlıq kórmegen hám miynet quralları menen kóshege shıqqan diyqanlar jeńiliske ushıradı. Kóterilisshiler qolǵa alınıp, óltirildi. 1888-jıl Kulab wálayatında baslanǵan diyqanlardıń narazılıq háreketleri de ámir tárepinen bastırıldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Oylap kóriń, nege bul dáwirde Buxara ámirliginiń oraylıq qalaları quramında Samarqand joq edi?
2. Kulab bekligindegi kóterilistiń baslanıwına ne sebep boldı?
3. Sizińshe, kóterilistiń aldın alıw múmkin be edi?

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Buxara ámirliginde bul dáwirde de, xalıq ónermentshiligi rawajlanıwdan toqtamadı. Buxara gilemlerine tek ishki bazarda emes, al sırtqı bazarda da talap úlken bolıp, ámirlik sawdagerleri olardı kóp muǵdarda shet elge satatuǵın edi.

Ishki hám sırtqı bazarlarda Buxara jipgezleme tawarları, terishilik, zer toqıwshılıq, gúmis hám altınnan naǵıs oyıw buyımları, boyaw hám sabın ónimleri, ustalardıń altın hám gúmisten islegen buyımları Shıǵıs hám Batısta belgili bolǵan.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Buxara ámirliginde burınnan rawajlanıp kelgen ózine tán kórinistegi ónermentshilik bolǵan. Zergerler islegen ónimniń barlıǵı názik naǵıslar menen bezetiletuǵın edi. Buxara gúlalshılıq buyımları bazarı da shaqqan bolıp, gúlallar pútkil ámirlik qalalarında xızmet alıp barǵan. Ónermentlerdiń dáramatlarınıń kópshilik bólegi esapsız salıqlardı tólewge ketetuǵın edi. Sol sebepli olar óz ustaxana hám kárxanaların jáne de rawajlandırıw hám jetilistiriw ushın qosımsha qarjılarǵa iye emes edi.



Buxara ámirligi aymaǵı úlken payda keltiriwshi tranzit sawda ushın da qolay bolǵan. 1888-jıl ámirlik aymaǵı arqalı dáslepki temir jol ótkerildi. Buxaradan 15 kilometr aralıqta Jańa Buxara stanciyası qurılısı baslap jiberildi. Bul jerde ámir sarayı hám Rossiya siyasiy agentiniń otıratuǵın ornı da qurıldı. Bunnan bılay Buxara ámirligi temir jol arqalı Tashkent, Orenburg hám Moskva menen baylanıstı. Buxarada Rossiya mámleketlik banki bólimi, paxta tazalaw zavodı, Evropa úlgisindegi miymanxana qurıldı. Eski Buxaradaǵı qusbegi úyi hám Rossiya imperatorınıń siyasiy agentliginiń otıratuǵın ornı dáslepki payda bolǵan telefon baylanısı menen baylanısqan edi.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Rossiya imperiyası ámirlik aymaǵınan temir jol ótkeriwden qanday máplerdi gózlegen edi?



Jańa Buxaradaǵı (Kagan) temir jol stanciyası



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Tawarlar satıw dúkánı



Buxaradaǵı mektep

**BILESIZ BE?**

XIX ásirdiń aqırı hám XX ásirdiń baslarında Buxara ámirliginde bilimlendiriw sisteması ótken ásirlerden qalǵan dástúrge muwapıq baslawısh (mektepler) hám joqarı (medrese) basqıshlarınan ibarat edi. Baslanǵısh bilim beriw mákemelerinde tiykarınan arab tili hám álipbesinde sawat shıǵarıw, islam tiykarların iyelew, ádep-ikramlılıq tárbiyaǵa pát berilgen. Olardıń materiallıq tiykarın waqım múlkleri, ayırım shaxslardan túsken qayır-saqawatlar quraǵan.

Bul dáwirde Buxarada 350 ge jaqın dástúrlik (baslanǵısh) mektepler xızmet kórsetken. Mektepke oqıwǵa qabıllaw jası Buxarada 5 jastan 12 jasqa shekemgi bolǵan dáwirdi quraǵan. Bilim beriw procesi bolsa 7–10 jılǵa shekem dawam etken.

Er balalar mektepleriniń kópshiligi meshitlerdiń janında shólkemlestirilgen. Qızlardıń mektebinde oqıtıw er balalar oqıytuǵın meshitlerdiń janındaǵı mekteptegi oqıtıwdan birqansha ajıralıp turǵan. Bul jerde sabaqlar túslikke shekem dawam etken. Qızlardıń oqıwı 7 jastan baslanıp, 13 jasta tamamlanatuǵın edi. Ádette, qızlar úylerinde bilim alǵan.



Medrese oqıwshıları



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Buxaradağı rus-tuzem mektebi, 1898-jıl

## BILESIZ BE?

Orta Aziyada mekteplerdiń sanınıń kópligin kórgen rus alımı A. Middendorf musılman xalqınıń ğalaba sawatlılığın xalıq bilimlendiriwi boyınsha Rossiya húkimetine úlgi sıpatında kórsetken.

Mektepte klaslarğa bóliw bolmağan, barlıq oqıwshı qızlar bir bólmede shıpta ústinde otırıp sabaq tayarlaytuğın edi... Birewi álipbe oqısa, ekinshisi «Haftiyak» oqıytuğın edi, úshinshisi «Quran» oqısa, tórtinshisi «Chahor kitob» oqıytuğın edi, besinshisi «Hikmet» oqısa, altınshısı Mashrabtı oqıytuğın edi...

Bir kúnde tiykarınan eki-úsh saat oqıytuğın edi, qalğan waqıtta qızlar hayal oqıtıwshınıń xızmetin etetuğın edi...

«Haftiyak»tı tamamlap Quranğa otırmaqshı bolsa, yaki Qurandı tamamlap «Chahor kitabı»na otırmaqshı bolsa, qızdıń ata-anası hayal oqıtıwshığa, onıń kúyewine álbette, bastan ayaq sarpaylap keliwi shárt edi.

Kibriyo Qahhorovanıń
«Chorak asr hamnafas» kitabınan.

Mektepte oqıp atırğan oqıwshınıń nátiyjesi ushın ata-anası ustaz (hayal oqıtıwshı)ğa nan, dán, (ğálle) yaki pul bergen. Bunnan basqa, «shıpta pulı», «kómir pulı», «sipse pulı» sıyaqlı «tólemler» de bolğan. Hár piyshembi kúni alıp keletuğın «piyshembilik nanı» mekteptegi ustazdıń tiykarğı haqı esaplanğan.

## SABAQTAN JUWMAQ SHÍĞARÍP

1. Buxarada salıqlardıń kóbeyiwine ne sebep boldı? Salıqlardı kóbeytpey mámleketti basqarıw múmkin be edi?
2. Bilimlendiriw sisteması haqqında qanday mağlıwmatqa iye boldıńız?
3. Bilimlendiriw tarawınıń mámlekettiń rawajlanıwında qanshelli áhmiyeti bar?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# XIX ÁSIRDIŃ EKINSHI YARÍMÍ– XX ÁSIRDIŃ BASLARÍNDA XIYWA XANLÍǴÍ

### BÚGIN SABAQTA

- Xiywa xanlıǵınıń social-lıq-siyasiy jaǵdayı.
- Salıq hám minnetlemeler.
- Xalıq kóterilisleri.
- Ónermentshilik.
- Sawda-satıq qatnasıqları.

### PIKIRLESIW USHÍN

1. Xiywa xanlıǵı qashan payda bolǵan?
2. Xiywa xanlıǵında mámlekettiń basqarıwı qanday tiykarda shólkemlestirilgen edi? Buxara ámirligi hám Xiywa xanlıǵınıń bir-birine uqsas hám ózine tán tárepleri neden ibarat edi?

### MAǴLÍWMAT USHÍN

Xiywa xanlıǵında 1873-jıldan soń ónimdar jerlerdiń úlken bólimi Rossiya qaramaǵına ótiwi aqıbetinde xanlıq hákimiyatı sarp-qárejetlerge bolǵan zárúrliklerin jańa salıqlardı engiziw yaki burın bar bolǵanların kóbeytiw jolı menen qaplay basladı.

Diyqanlardıń miyneti jer ónimdarlıǵın arttırıw hám óndiristi rawajlandırıwǵa qaratılǵan. Xanlıqta ǵálle jetistiriw awıl xojalıǵınıń tiykarǵı tarmaǵı esaplanǵan. Sol dáwirden baslap Rossiya menen sawda-satıqtıń rawajlanıwı nátiyjesinde paxta jetistiriwge qánigelesiw de tez ótti.

XIX ásirdiń aqırı – XX ásir baslarında úy ónermentshiligi elege shekem saqlanıp kiyatırǵan edi. Onda jip iyiriw hám toqımashılıq, ayaq kiyimler, gilemler, kiyizler hám basqalar tayarlanatuǵın edi.

Hárbir diyqan xojalıǵı járdemshi dáramat deregi bolǵan úy ónermentshiligi menen shuǵıllanatuǵın edi. Derlik, hárbir awılda terishi, etikshi, bózshi, boyawshı, juwazshı hám basqalar xızmet kórsetken.

Orta Aziyanıń Rossiya, qazaq júzleri, Kavkaz, Iran menen sawda qatnasıqlarınıń rawajlanıwı ishki sawda-satıqtı da janlandırdı. Bazar qatnasıqlarınıń rawajlanıwı tovar-pul qatnasıqlarınıń ósiwine imka-





Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



niyat jarattı. Bunıń nátiyjesinde qalalardıń awıllarǵa salıstırǵanda tez rawajlanıp, jańa qalalardı júzege keltirdi hám eskileriniń rawajlanıw procesin tezlestirdi.

Xiywa xanlıǵı wákilleri Nikolay II taxtqa shıǵıwı máresiminde

Bul mámlekettiń ekonomikalıq turmısında qalalardıń áhmiyeti artıwına alıp keldi. XX ásirdiń baslarına kelip Xiywa, Jańa Úrgenish, Qońırat, Tashawız, Gúrlen sıyaqlı qalalar social-ekonomikalıq hám mádeniy oraylarǵa aylandı. Boǵat, Moynaq, Taxta sıyaqlı jańa qalalar júzege keldi. Qalalarda jergilikli hám Rossiya qospa kárxanalarınıń basqarmaları, sanaat kárxanaları jaylasqan edi. Rossiya imperiyası hám jergilikli kapital birge islesiwi júzege keldi. Jergilikli isbilermenler xızmeti, milliy kapital wákilleriniń qarjıları dáramatı Rossiya bazarı ónimlerine tikkeley baylanısqan edi. Olar eki mámleket arasında bazar qatnasıqların rawajlandırıw ushın birlesken bank shólkemlerin dúziwge háreket etti.



Xiywa naǵıs oyıwshıları



Jipek islep shıǵarıw



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Xiywa xanlıǵında XIX ásirdiń ekinshi yarımında pútkil qaraqalpaq qáwimlerin basqarıw, salıqlardı óndiriw, áskeriy xızmetti ótew minnetlerine baylanıslı jumıslardı tártipke salıw maqsetinde **beglerbegi** lawazımı engizilgen.

Qaraqalpaq ónermentleri, tiykarınan, úy-ruwzıgershilik ushın zárúr buyımlardı tayarlaw menen shuǵıllanǵan. Kereginen awısqan buyımlar bolsa bazarǵa shıǵarılǵan. Olar otawlardıń (Qara úylerdiń) átirapına tutıw ushın gezlemeler, túye jíninen gúlli tekimentler (kiyizler) islegen. Olardıń xalıq ámeliy ónerinde otawlar ushın oyma naǵıs ergenekler, úy-ruwzıger buyımların islew, gilem toqıw, qol óneri rawajlanǵan. Qaraqalpaqlarda aǵash hám súyekke islew beriw boyınsha qolı gúl ustalar kóp bolǵan.

Qaraqalpaq qáwimlerin biy hám onıń aqsaqalları basqarǵan. Qáwim biylerin Xiywa xanları tayınlap, onı tastıyıqlawshı jarlıq bergen. Xiywa xanınıń isenimine erisken biylerdiń wákillikleri jáne de keńeytilip, olarǵa ayrıqsha múriwbet kórsetilgen.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BILESIZ BE?

XIX ásirdiń ortalarında Jańa Úrgenishte 15 meshit hám eki medrese bolǵan. Gúrlende 6 meshit hám 2 mektep, Shabatta 2 mektep hám 2 meshit, Shovatta 4 meshit hám 1 medrese, Xazaraspta 10 meshit, Qutlıǵ Inaq medresesi xızmet kórsetken.

Xiywa xanlıǵında meshit imamı óziniń tikkeley wazıypasınan basqa salıq tólewshiler esabın júrgiziw, salıq jıynaw, geyde bolsa suw bólistiriwi menen de shuǵıllanatuǵın edi.

Xiywa xanlıǵı Rossiya vassalına aylandırılǵannan soń Xiywa saray kitapxanasınan 300 dana qoljazba, 18 dana Quranı kárim, 50 den artıq siyrek ushırasatuǵın kitaplar Kaufman tárepinen tartıp alınǵan.

Rossiya imperiyası tárepinen Ámiwdárya bólimindegi qaraqalpaqlarǵa baylanıslı jábir-zulımlıq kúsheyiwi aqıbetinde Biybazar hám Nókis volostında kolonizatorlarǵa qarsı Baba Góklen basshılıǵında xalıq kóterilisi bolıp ótedi.



Qaraqalpaqlar shayqaltası





## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Xiywa xanlıǵında salıqlardıń kóbeyip ketiwine ne sebep boldı?
   Salıqlardı kóbeytpey mámleketti basqarıw múmkin be?
2. Bilimlendiriw sisteması haqqında qanday maǵlıwmatqa iye boldıńız?
3. Bilimlendiriw tarawınıń mámlekettiń rawajlanıwında qanshelli áhmiyeti bar?
4. Rossiya imperiyası basıp alǵannan keyin qaraqalpaqlar turmısı hám tirishiliginde qanday ózgerisler boldı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# XIX ÁSIRDIŃ EKINSHI YARÍMÍ – XX ÁSIRDIŃ BASLARÍNDA QARAQALPAQLAR HÁM OLARDÍŃ MÁDENIYATÍ

**BÚGIN SABAQTA**

- Qaraqalpaqlarda bilimlendiriw.
- Qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpesi.
- Berdaq (1827–1900) – qaraqalpaq shayırı.

**PIKIRLESIW USHÍN**

1. Ádebiyat páninen alǵan bilimlerińizge tayanıp tómendegi sorawlarǵa juwap beriń.
— Qaraqalpaq xalıq awızeki dóretiwshiligi úlgilerinen mısallar keltiriń.
— Qaraqalpaq folklorında qanday ideyalar kórsetilgen?
2. «Qırq qız» dástanınıń mazmunı neden ibarat edi?

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

XIX ásirdiń aqırı – XX ásirdiń baslarında qaraqalpaqlarda birqansha medreseler bolıp, olardıń eń úlkenleri Qaraqum iyshan hám Tas medreseleri edi. Qaraqum iyshan medresesi XIX ásirdiń ortalarında qurılǵan. Dáslep ol meshit wazıypasın orınlaǵan. Tas medrese 1841-jıl Mańǵıt hákimi Xojaniyaz tárepinen qurdırılǵan. Medresede bilim beriw eki basqıshlı bolıp, birinshi basqıshta arab tili grammatikası úyrenilgen bolsa, keyingi basqıshta diniy-huqıqıy bilimler oqıtılǵan.

XIX ásir baslarında qaraqalpaqlarda 318 mektep, Qaraqum Iyshan, Qalila axun, Iyembergen axun, Aybit iyshan, Ishanqala sıyaqlı medreseler shólkemlestirilgen. Bunnan basqa qaraqalpaqlar Buxara hám Xiywa qalalarında oqıǵan.

XIX ásirdiń aqırında *Kúnxoja (1799–1880), Ótesh Alshınbay (1788–1875), Ájiniyaz (1824–1878)* sıyaqlılardıń atları keń tanıldı. Olar óz táǵdirin xalqınıń táǵdiri menen baylanıstırǵan adamlar edi. Máselen, Kúnxoja óziniń dóretiwshiliginde awıllardıń ápiwayı xalqın, olardıń kúndelikli miyneti hám turmısın jırladı.

Ol ádalatsız tártiplerdi qattı qaralaydı. Ájiniyaz Qosıbay ulı (laqabı – Ziywar) Moynaqtaǵı mektepte, soń Xiywadaǵı Sherǵazıxan medresesinde oqıǵan. Qaraqalpaqtıń zıyalıları arasında birinshilerden bolıp axun (oqımıslı, ilimli adam; xalıq dástanlarınıń sheber atqarıwshısı) dárejesine erisken. Ózbek, qazaq, túrkmen tillerin jaqsı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bilgen. Shayırdıń «Bozataw» dástanında qaraqalpaq xalqınıń turmısı, ásirese, olardıń kóship júriw procesi menen baylanıslı waqıyalar úlken sheberlik penen súwretlengen. Ájiniyaz ádebiy miyrasınan bizge 100 ge jaqın qosıqlar hám dástanlar jetip kelgen. Onıń qosıqlarında watandı súyiwshilik, insanıylıq ideyaları jırlanǵan. «Qız Meńesh penen aytısıw» dástanı bolsa xalıq arasında belgili bolǵan.

Berdaq (1827–1900) Aral boyında tuwılǵan. Awıldıń mektebinde, soń Qaraqum iyshan medresesinde oqıǵan. 20 jasınan qosıqlar jaza baslaǵan hám yarım ásir dawamında hár túrli temalarda qosıqlar jazǵan.

Berdaq óz dóretiwshiligin xalqı ushın ólmeytuǵın shıǵarmalar dóretiwge baǵıshladı. Qosıqlarınan biri «Xalıq ushın» dep atalǵan. Onıń qosıqlarında zulımlıqtı qaralawshı tuyǵılar, kóterińkilik ústin bolǵan.

XX ásir baslarına kelip qaraqalpaq ádebiyatındaǵı demokratiyalıq dástúrlerin jańa áwlad wákilleri Omar, Sarıbay, Qulmurat, Sadıq sıyaqlılar dawam ettirdi.



Berdaq músini

Kúnxoja – ... Ziywar – ...
Berdaq – ... Medreseler – ...









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN



Qaraqalpaq shańaraǵı



Qaraqalpaq balaları

Qaraqalpaq xalqınıń awızeki dóretiwshiligi tereń mazmunǵa iyeligi hám xalıqshıllıǵı menen ajıralıp turadı. Xalıq ruwxıy mádeniyatınıń joqarı dárejesi ata-babalardan áwladlarǵa jetkeriletuǵın xalıq dástanlarında, termelerinde, sonday-aq, muzıkalı qosıqlarda saqlanıp qalǵan. Olar arasında maqallar, hikmetler, laparlar, násiyat qosıqlarında kórsetilgen «atalar sózi» ayrıqsha ajıralıp turatuǵın edi. Qaraqalpaqlar óziniń toy-merekelerin qosıqsız, dástanlarsız, tariyxıy áńgimelersiz ótkermegen. Bayramlar hám ruwdıń basqa jıyınlarında «Qırq qız» hám túrkiylerdiń basqa dástanları jırlanǵan.

Qaraqalpaq xalıq awızeki dóretiwshiliginde kúlki qaharmanı bolǵan Ómirbek laqqı obrazı arqalı jerkenishli, jamanlıq, jawızlıq, zalımlıq sıyaqlı unamsız illetler satira jolı menen áshkaralanıp, miynetti súyiwshilik, jaqsılıq, qaharmanlıq qádirlengen. Xalıq arasında qaraqalpaq folklorınıń dástan jolları belgili edi. Dástan qaharmanlıq haqqında poeziyalıq shıǵarmalar bolıp, onda xalıq baxtı hám abadanlıǵı ushın gúresken márt batırlardıń ullı batırlıǵı maqtanısh etilgen. Belgili bolǵan dástanlar arasında bolsa qaraqalpaqlardıń «Qırq qız» dástanı ayrıqsha ajıralıp turadı.

Dástanda Sarkop húkimdarı Allayar óz qızı Gúlayımǵa Miyweli degen hasıldar jerlerdi sawǵa etkeni haqqında aytıladı. Bul jerde Gúlayım hám onıń qırq kánizegi bekkem bir qorǵan quradı. Dushpanlar Sarkop jerlerine hújim etip, Gúlayımnıń ákesin óltiredi. Sarkop múlkleri talanadı, sarkoplılardıń kóbisi tutqınǵa alınıp aydap ketiledi. Gúlayım hám onıń kánizekleri dushpanǵa qarsı gúreske kirisedi, qaraqalpaqlardı tutqınlıqtan azat etedi hám eline azatlıqtı qaytaradı. Bul iste Gúlayımǵa onıń ashıǵı xorezmli bahadır Arıslan járdem beredi. Dástannıń bas ideyası – joqarı watandı súyiwshilik sezimi hám ana Watanǵa, xalıqqa pidáyılarsha muhabbat. «Qırq qız» dástanı búgingi kúnde xalıq awızeki dóretpesiniń dúrdanalarınan biri sanaladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Qaraqalpaq kelinleriniń belgili milliy kók kóylegi hám tağınshaqları



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Noqatlardıń ornına tiyisli mağlıwmatlardı kirgiziń.

   Ómirbek laqqı – ...  Gúlayım – ...

   «Qırq qız» – ...  Dástanlar – ...

2. «Qırq qız» ápsanası – azatlıq, erk hám sadıqlıq tımsalı» degen pikirdi watandı súyiwshilik, batırlıq, birlik penen baylanıstırıp táriypleń.



## SABAQTAN JUWMAQ SHÍĞARÍP

1. Qaraqalpaqlarda xalıq dóretiwshiligi qaysı túrde rawajlandı?
2. Qaraqalpaqlardıń eń belgili «Qırq qız» dástanınıń mazmunın aytıp beriń.
3. Ájiniyazdıń dóretiwshiligi haqqında nelerdi bilip aldıńız?
4. Berdaqtıń tariyxıy dástanların sanap beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TÚRKSTANDA JÁDITSHILIK HÁREKETI

### BÚGIN SABAQTA

- Túrkstanda bilimlendiriw.
- Jáditshiliktiń qáliplesiwi.
- Milliy alǵa ilgeriletiwshilik háreketi.

### PIKIRLESIW USHÍN

Tómengi klaslarda alǵan bilimlerińizge tayanıp tómendegi sorawlarǵa juwap beriń:

1. Oraylıq Aziya xanlıqlarında bilimlendiriw sisteması qalay bolǵan?
2. «Bilimlendiriw rawajlansa – jámiyet rawajlanadı» degen pikirdi úyrenilip atırǵan dáwir menen baylanıstırıp túsindiriń.
3. Rossiya imperiyası Orta Aziyanı basıp alǵannan soń bilimlendiriw sistemasında qanday ózgeris boldı?

### MAǴLÍWMAT USHÍN

Hárbir jámiyettegi ózgerislerde usı jámiyettiń jetekshi shaxsları, ásirese, zıyalılarınıń ornı úlken bolıp, olardıń hárbiri ózine tán aldıńǵı ideyalardı alǵa súredi. Olar jámiyettegi social-ekonomikalıq mashqalalardı sheshiw jolların tabıwǵa háreket etedi. XIX ásirdiń ekinshi yarımında koloniyalıq zulımı astındaǵı zıyalılar óz xalıqların bilimli etiw hám olardıń rawajlanıw dárejesin kóteriwge qaratılǵan háreketlerdi basladı.

**«Jádit»** sózi arab tilinen alınǵan bolıp, «jańa» degen mánini ańlatadı.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## MAǴLÍWMAT USHÍN

XIX ásirdiń aqırlarında jáditshilik háreketi júzege keldi. Buniń nátiyjesinde jańa usıl mektepleri shólkemlestirilip, bilimlendiriwdi rawajlandırıw arqalı gárezsizlikke erisiw múmkin degen ideyalar alǵa súrilgen.

XX ásirdiń baslarında kóplegen jádit ádebiyatları gazeta hám jurnallardıń ǵalaba basıp shıǵarılıwı, mámleket xalqınıń buǵan zárúrligi barlıǵı hám sawatlı bolǵanlıǵınan derek beredi.

Zıyalılar xalıq arasında aldıńǵı ideyalardı tarqatıwda bilimlendiriw sistemasın tiykarǵı qural dep bildi.

XIX ásirdiń ekinshi yarımınan baslap Túrkstanda aǵartıwshılıq háreketi júzege keldi.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Bilimlendiriw tarawınıń mámlekettiń rawajlanıwına qanday tásiri bar?
2. Ne ushın Rossiya imperiyası basıp alǵan aymaqlarında óziniń bilim beriw orınların shólkemlestiriwge ayrıqsha qatnas jasadı?
3. Jergilikli zıyalılar xalıq arasında aldıńǵı ideyalardı tarqatıwda bilimlendiriw sistemasın ne ushın tiykarǵı qural dep bildi?
4. XIX ásirdiń ekinshi yarımında Rossiya imperiyası quramına qaysı aymaqlar kirgen?
5. Buxara ámirligi hám Xiywa xanlıǵın Rossiya imperiyasınıń vassalına aylanıwı qanday aqıbetlerge alıp keldi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qrım-tatar aǵartıwshısı bolǵan **Ismail Gaspirali** (1851–1914) pútkil túrkiy xalıqlar arasında jayılǵan jáditshilik háreketiniń tiykarın salıwshısı bolıp esaplanadı. Ol diniy hám dúnyalıq bilimlerdi tereń iyelep, jáhán rawajlanıwı menen jaqınnan tanısqan, birneshe shet tillerin, hár túrli xalıqlardıń mádeniyatın úyrengen edi.

Jáditshilik ideyalarınıń keń jayılıwında «Tarjimon» gazetası áhmiyetli orın tuttı. Ismail Gaspiralınıń 1893-jılı Tashkent, Samarqand hám Buxaraǵa keliwi aǵartıwshılıq ideyalarınıń keyingi rawajlanıwına túrtki boldı.



**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

1. Ne ushın jáditshilik ideyalarınıń keń jayılıwında «Tarjimon» gazetası áhmiyetli orın tuttı?
2. Ne dep oylaysız, jáditler óz ideyaların tarqatıwda gazetalardan paydalanıwdı maqset etip qoyǵan bolsa, xalıqtıń sawatı qanday bolǵan?

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Buxara ámirliginde birinshi jańa usıl mektebi 1893-jılı xızmet kórsete basladı. Keyinnen, bunday mektepler basqa aymaqlarda da keń tarqaldı. Jáditler aǵartıwshılıq jolında Qrım zıyalıları tájiriybelerin úyreniw menen birge basqa mámleketlerdegi alǵa ilgeriletiwshilerdiń aldıńǵı ideyalarınan da paydalandı.

Orta Aziyadaǵı milliy alǵa ilgeriletiwshilik háreketi aymaqlıq ózgesheliklerine qaray Túrkstan, Buxara hám Xiywa jáditlerine bólinedi. Túrkstan jáditshiliginiń tiykarǵı quramın zıyalılar qurap, olar Rossiya imperiyası kolonizatorlıq siyasatına qarsı gúrestiń aldıńǵı qatarlarında turdı.

Buxara jáditshilik háreketi Túrkstan úlkesine baylanıslı awır sociallıq-siyasiy sharayatta júzege keldi. Onıń quramı, tiykarınan, mayda dúkán iyeleri, muǵallimler, ónermentler, sawdagerlerden ibarat edi.

Buxara jáditshiligi ayırım fanatik-mollalar, jańalıq hám reformalardı jaqsı kórmeytuǵınlardıń aǵımı qarsılıǵına ushıradı. 1910-jıldan baslap Buxarada jáditshilik háreketi siyasiy shólkem sıpatında qáliplese basladı.

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Ne ushın jáditler Buxarada mámlekettiń ishki basqarıw sisteması zaman talaplarına juwap bermeytuǵının, siyasiy-hákimshilik dúzimin ózgertiw kerekligin kóterip shıqtı? Pikirińizdi tiykarlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Xiywa xanlıǵında jáditshilik eki aǵımnan ibarat bolıp, onıń oń aǵımı Bas wázir Islamxoja basshılıǵında xanlıqtaǵı sawda-sanaat kárxanaları iyeleri hám de iri baylardıń wákillerin birlestirdi. Bul aǵım óz aldına mámlekette xan hákimiyatın saqlap qalǵan halda reformalar ótkeriliwin maqset etip qoydı. Sol aǵım bolsa qazıkálan Babaaxun Salimov basshılıǵında qarjı iyeleri, ónermentler hám basqa qatlam wákillerin birlestirip, jańa usıl mekteplerin shólkemlestiriw arqalı xalıq massasınıń siyasiy belsendiligine erispekshi boldı.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Xiywa hám Buxara jáditshiliginiń uqsas hám ayırmashılıq tárepleri nede? Pikirińizdi tiykarlań.



Túrkstanda alǵa ilgeriletiwshilik háreketiniń rawajlanıwı eki basqıshta boldı. Birinshi basqıshta aǵartıwshılıqtan baslanǵan. Bul háreket 1917-jılǵa kelip óziniń ekinshi basqıshında – siyasiy kóristegi háreketke aylandı.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Buxaradağı eski mektep

1909-jıldan jańa usıl mekteplerin ashıw ushın arnawlı ruqsatnama alınıwı belgilenedi. Bunıń menen mekteplerdiń dizimge alıp barılğan hám dizimnen ót-pegen mekteplerdiń xızmet júrgiziwine jol qoyılmağan.

## MAĞLÍWMAT USHÍN

Túrkstanda bul dáwirdegi kolo-niyallıq húkimet hám onıń hámeldarları hám de jergilikli fanatik ruwxanıylardıń qarsılığına qaramay, jáditler ağartıwshılıq háreketlerin baspasóz, basıp shığarıw hám teatr tarawlarında xızmetlerin dawam ettirdi. 1898-jılı Qoqan qalasında Salahiddin ustaz (domla) ekinshi jádit mektebin ashtı. 1899-jılı Andijanda Shamsiddin ustaz hám Tashkentte Mannon qarı jádit mektebin ashıp, kóplegen oqıwshılardıń jańa usılda bilim alıwlarına eristi.

## SABAQTAN JUWMAQ SHÍĞARÍP

1. Ismail Gaspirali – ... 1884-jılı ... 1893-jılı...
2. Túrkstanda jáditshilik háreketi qashan júzege keldi?
3. Jáditshilik háreketiniń júzege keliwine qanday faktorlar túrtki boldı?
4. Ismail Gaspirali hám onıń xızmeti haqqında nelerdi bilip aldıńız?
5. Jádit mekteplerin kimler shólkemlestirgen?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# JÁDITSHILIK HÁREKETI WÁKILLERI HÁM OLARDÍŃ XÍZMETI

**BÚGIN SABAQTA**

→ Túrkstan jáditshilik háreketiniń iri wákilleri.
→ Jáditler háreketiniń milliy ózgeshelikleri.

**PIKIRLESIW USHÍN**

1. Jáditshilik háreketiniń jetekshileri haqqında nelerdi bilesiz?
2. Abdulla Avloniy, Maxmudxoja Behbudiy haqqındaǵı filmlerdi kórgensiz be?
3. QR kod arqalı berilgen filmlerdi kóriń. Filmde siziń itibarıńızdı ne tarttı? Filmlerdiń waqıyaları tiykarında dáwirge baha beriń.



**MAǴLÍWMAT USHÍN**

XX ásir baslarına kelip Tashkent, Samarqand, Buxara, Ferǵana alabı qalalarında onlaǵan jańa usılındaǵı mektepler ashıldı. Jáditler mekteplerde jaslardı tárbiyalap, olar arqalı Túrkstanda ǵárezsiz mámleket qurıw ushın milliy mámleketshilik ideyaların alǵa súrgen. XX ásir basına kelip Túrkstanda jádit zıyalılıarınıń pútkil bir áwladı, úlkeniń ruwxıy-aǵartıwshılıq tarawınıń rawajlanıwına, milliy mádeniyattıń rawajlanıwına úlken úles qosqan wákilleri júzege keldi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# JÁDITSHILIK HÁREKETINIŃ BASSHÍLARÍ






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Túrkstan jáditlerin birlestiriwde «Orta Aziya jáditleriniń atası» dep tán alınǵan Maxmudxoja Behbudiy (1875–1919) diń xızmeti úlken boldı.

A. Avloniy shólkemlestirgen «Turan» teatrı truppası

**Maxmudxoja Behbudiy** Orta Aziya jáditshilik háreketiniń tiykarın salıwshısı hám jol basshısı bolǵan. Túrkstanda aǵartıwshılıq háreketiniń rawajlanıwına úlken úles qosqan shaxs bolıp esaplanadı. Behbudiydiń baslaması menen onıń ákesi húrmetine «Behbudiya kitapxanası» dep atalǵan kitapxana shólkemlestirilgen.

**Munavvar qarı Abdurashidxanov** (1878 – 1931) – Túrkstan úlkesinde jáditshilik háreketiniń iri wákillerinen biri. Ol jádit mektepleriniń ashılıwınıń baslawshısı hám ámeliyatshısı, milliy gazeta hám jurnallardıń tiykarın salıwshısı, redaktorı hám de jádit teatrı úgit-násiyatshısı bolǵan. Munavvar qarı mektepler ushın «Adibi avval», «Adibi soniy», «Jer júzi» sıyaqlı sabaqlıqlardı dóretti.

**Abdulla Avloniy** 1878-jılı Tashkent qalasında ónermentler shańaraǵında tuwıldı. Ol mektep hám medresede bilim alıp, óz zamanınıń bilimli hám tereń bilimge iye adamlarınan birine aylandı. Avloniy úlkede bilimlendiriw, baspasóz, teatr tarawlarınıń rawajlanıwına úlken úles qosıp, 1907-jılı «Shuhrat» gazetasına tiykar saldı. Ózi shólkemlestirgen jańa usıl mektebi ushın «Birinshi muǵallim», «Ekinshi muǵallim», «Túrkiy gúlistan yamasa ádep-ikramlılıq» sıyaqlı sabaqlıqlardı dóretti.

Maxmudxoja Behbudiy, Munavvar qarı Abdurashidxanov, Abdulla Avloniy sıyaqlı basqa milliy alǵa ilgeriletiwshiler hám aǵartıwshılıq xızmetin alıp barıp, jańa mektepler, qayırqomlıq jámiyetleri, kitapxana hám kitap dúkánların ashtı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Túrkstan jáditshilik háreketiniń wákilleri nadanlıq, bilimsizlik, mádeniyatsızlıqtı qaralaǵan.

Túrkstan alǵa ilgeriletiwshi qarjı iyeleri jaslardı shet ellerge jiberip, zárúr kásiplerdi iyelep, xalıqqa paydalı xızmet etetuǵın jaslardı hám olar ushın qayǵırǵan jáditlerdi qollap-quwatladı.

Andijanlı Mirkamil Mirmuminbaev óz esabınan mine, sol iske úlken muǵdarda qarjı ajıratqan. 1908-jılı Buxarada Abduvahid Burhanov, Mukammil Burhanov, Hamidxoja Meqriy, Axmedjan Abdusaidov hám basqalar «Tarbiyai atfol» («Balalar tárbiyası») jámiyetin shólkemlestirip, 1911-jılı 15, 1912-jılı 30 studentti Turkiyaǵa oqıwǵa jibergen.

«... Mektep hám medrese bir millettiń hátte tuwılǵan jeri adamnıń dárejeli rawajlanıwı hám jaratıwshısı dep biledi. Tek rawajlanıw hám jaratıw mektep hám medreselerdiń kópligi menen bolmaydı, al ustav hám tártip bolıp, jaqsı basqarıwı menen boladı. Dúnyada bar milletlerdiń rawajlanıwın dáslepki mekteplerden baslaydı. Haqıyqıy jaqtan rawajlanıw hám jaralıw ushın birinshi jol hám negizgi-tiykar mektep».

Mulla Raximxannıń
«Masala», maqalasınan.
«Izhor ul-Haq» jurnalı. 1918-jıl



Mirkamil Mirmuminbaev (ońda) sawdager dostısı menen



«Tarbiyai atfol» jámiyeti qatnasıwshıları

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Jáditler óz xızmetlerin nege qarattı? Ne ushın?
2. Alǵa ilgeriletiwshi zıyalılar tárepinen qanday sabaqlıqlar tayarlanǵan?
3. «Tarbiyai atfol» jámiyetiniń maqseti ne edi?
4. QR kod arqalı kórip, bul dáwirdegi bilimlendiriw sisteması menen tanısıń. Bilimlendiriw tarawınıń rawajlanıwında qanday tosıqlar bolǵan? Pikiríńizdi tiykarlań.



Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

«Eger bizlerdiń mekteplerimiz basqa millet mektepleri sıyaqlı bir ustavqa qoyılıp jaqsı muǵallimlik wazıypasın lawazımınday etip isleytuǵın adamlardan muǵallimler tayarlasa edi, gúnasız áwladlarımızdıń ruwxıy ómirine, dúnya hám aqıretin baxtına birinshi sebep bolatuǵın ilim hám bilimlendiriwden bul dárejede ayırılıwına sebep bolmas edik».

Munavvar qarı
Abudrashidxanov



## MAǴLÍWMAT USHÍN

XX ásirge kelip mámlekette bir tárepten hár túrli sociallıq-siyasiy procesler nátiyjesinde tártip hám ekonomikalıq qatnasıqlar júzege kelip atırǵan bolsa, ekinshi tárepten mámleket aymaǵına hár túrli ideyalıq aǵımlar kirip kele basladı.

Koloniyallıq dáwirinde sháriyat máselelerin sheshiw, xanafiylik mázxebin taza halında keyingi áwladqa jetkeriw máselesi áhmiyetli mashqalalardan birine aylandı. Usı maqsette 1917-jılı 10-avgustta Tashkent qalasında *«Fuqaho jámiyeti»* payda boldı.

Usı jámiyet tórt qazı hám olardıń janındaǵı mór basıwshı, eń dana hám muftiylerden ibarat bolıp, ol puqaralardıń sociallıq-kúndelikli xızmet turmıslarında dus keliwi múmkin bolǵan máselelerdi sháriyat jolı menen sheshiwdi óz aldına maqset etip qoydı. «Fuqaho jámiyeti»niń baspası bolǵan «Izhor ul-Haq» jurnalındaǵı bir maqalada: *«Tahzib hám tasfiyai ádep-ikramlılıq degen nárse mekteplerimizde hesh joq. Oqıw múddeti kóp uzaq bolǵanı ushın kóp adamlar balaların 8–15 jıl mektepke qoymaydı, sebebi qúdiret hám talantları jetpeydi. Mekteplerimizde intizam joq. Sonıń ushın mektepte júrgen áziz, gáwharday balalarımızdan onbes ya segizden eki ya úshewi sawatlı bolıp shıǵadı», – delinedi.* Maqalada, mekteplerde tek kitaplardı yadlatıw, sawatlı etiw menen jámiyetti rawajlandırıp bolmaytuǵınlıǵı aytılmaqta. Sonıń menen birge hárbir mektep hám medreselerde qatań tártip hám intizam bolıwı zárúrligi aytılǵan.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. «Qatań intizam hám tártip bolıwı zárúr», – degende neni túsindińiz?
2. Bilimlendiriwdiń nátiyjeliligi qatań intizamǵa baylanıslı ma? Ne ushın? Pikirińizdi tiykarlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

«Islamizmniń dáslepki ásirlerindegi musılmanlardıń shańaraq tárbiyasına áhmiyet berip, er adam hám qız balaların oqıta basladı. Hayallar huqıqın durıs orınladı. Hám usı usılda bilimlendiriw hám mádeniyat jolına qádem qoyıp, ullı bir kúsh payda etti. Azǵana waqıtta dúnyanıń biliminiń eń ullısın ózlerine qarattı. Ol ásirlerde islam dúnyasında erler qatarında hayallardan da qansha alım hám shayır, redaktorlar, xatib, jazıwshı hayal hám faqih (shádriyat huqıqtanıwshı) hayallar jetisken edi».

Hajı Muin, «Shańaraq tárbiyası», «Mehnatkashlar tovushi» gazetası, 1918-jıl.

**Delegat** (latınsha – jibergen) – qandayda bir shólkem, jámáát tárepinen wákillikli etip saylap yaki tayınlap jiberilgen wákil.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Hajı Muin «Shańaraq tárbiyası» maqalasında neni sınga alǵan? Jámiyetti rawajlandırıw ushın qanday usınıs berilgen?

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Jáditler kóplegen jaslardı rawajlanǵan shet mámleketlerge, sonıń qatarında, Germaniyaǵa oqıwǵa jiberiw, ol jerde olar bilim alıp kelip, el hám millet ushın xızmet etiw ideyaların alǵa súrdi. Olardıń is-háreketleri menen jergilikli xalıq tárepinen jaslardıń shet elde oqıp keliwine ketetuǵın qárejetleri ushın qarjılar jıynaldı.

Úlkede sawda-satıq, sanaat hám awıl xojalıǵı rawajlanıwınıń salıstırmalı talqılanıwına baǵıshlanǵan kóplegen maqalalar járiyalandı.

## BILESIZ BE?

Túrkstan alǵa ilgeriletiwshilerden biri, Tashkenttiń «Qarjawdı» máhállesinen bolǵan Asadullaxoja ulı Ubaydullaxoja Rossiyada huqıqtanıw tarawı boyınsha bilim alıp, birinshi joqarı maǵlıwmatlı ózbek advokatı boldı. Ol ullı rus jazıwshısı Lev Tolstoy menen jazısıwlar alıp barǵan. Alǵa ilgeriletiwshiler barlıq tarawlardı rawajlandırıwǵa bolatuǵın jergilikli kadrlardı tayarlaw, zavod hám favrikalar qurıp, ónimlerdi úlkeniń ózinde islep shıǵarıwdı zárúr dep bildi.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Federaciya** (latınsha – awqam bolıp bekkemlew) – mámleketlerdiń óz siyasiy ǵárezsizligin anıq, belgili kólemde sheklew jolı menen birden-bir awqamǵa birlesiwi.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1917-jıldıń fevral ayında Rossiyada qanday waqıyalar júz bergen?

## MAĹÍWMAT USHÍN

Túrkstan alǵa ilgeriletiwshileri XX ásirdiń baslarında dúnyada júz berip atırǵan siyasiy proceslerdi dıqqat penen baqlap bardı. Bul dáwirde shet elde xızmet etip atırǵan siyasiy partiyalardıń baǵdarlamaların talqıladı. Keskin jaǵdayda alǵa ilgeriletiwshiler jergilikli xalıqtıń tınıshlıqtı súyiwshiligi, basıqlıǵınan kelip shıǵıp, barlıq mashqalalardı tınısh jol menen sheshiwge umtıldı.

1917-jılǵa kelip Túrkstan jáditshiligi siyasiy háreketke aylandı.



«Sadoi Turkiston» gazetası xızmetkerleri





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Rossiya imperiyası urıstan shıqqannan keyin jáditler parlamentar monarxiya ushın gúresken bolsa, fevral waqıyalarınan keyin birqansha keń kólemli, bir qatar siyasiy talaplardı alǵa súrdi. Sonıń ishinde, jergilikli xalıq huqıqların keńeytiw, úlkeni basqarıw boyınsha reformalar ótkeriw, Mámleketlik Dumasında úlkeniń xalqınıń sanınan kelip shıǵıp orın ajıratıw, milliy baspasóz erkinligin támiyinlew sıyaqlılar.

Sol waqıtta, milliy-siyasiy partiyalar hám shólkemler, máselen, «Sho'royi islomiya», «Ittifoq» sıyaqlı bir qatar shólkemler dúzildi. Bul waqıtta jáditler negizgi sol jerli xalıqtıń sociallıq quramınıń barlıq qatlam wákillerin ózleriniń izinen erte aldı. Túrkstanda jáditler xızmeti jergilikli xalıqtı bilimli etiwge, olarda milliy ózlikti ańlawdıń kúsheyiwine, azatlıq ushın gúreslerdiń kóteriliwine óz tásirin kórsetti. Jáditshilik háreketi úlkede imperiya húkimetiniń koloniyallıq siyasatına qarsı turıwshı tiykarǵı ruwxıy kúsh sıpatında kórindi.

## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Jáditlerdiń dáslepki siyasiy shólkemi qalay atalǵan hám onıń qatnasıwshıları aldına qaysı wazıypalar qoyılǵan edi?
2. Jáditler ideyaların ózinde sáwlelendirgen qanday gazeta hám jurnallardı bilip aldıńız?
3. Alǵa ilgeriletiwshilerdiń jaslardıń bilim alıwına qosqan úlken úlesi nelerden ibarat?
4. Jáditler háreketi Túrkstan xalqı ańına qanday tásir kórsetti?
5. Durıs juwaptı tabıń.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | Delegat | a | latınsha – *awqam bolıp bekkemlew* – mámleketlerdiń óziniń siyasiy ǵárezsizligin anıq, belgili kólemde sheklew jolı menen birden-bir awqamǵa birlesiwi. |
| 2 | Jádit | b | arabsha – *«jańa»* degen mánisti bildiredi. |
| 3 | Federaciya | c | latınsha – *jibergen* – qanday da bir shólkem jámáát tárepinen wákillikli etip saylap yaki tayınlap jiberilgen wákil. |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TÚRKSTANDA ILIM-PÁN HÁM MÁDENIYAT

## BÚGIN SABAQTA

- Tariyx, tábiyiy pánlerge baylanıslı ilimiy izleniwler.
- Ádebiyat haqqında.

1876-jıl Tashkentte Túrkstan muzeyi (házirgi Ózbekstan tariyxı mámleketlik muzeyi) shólkemlestirildi.

## PIKIRLESIW USHÍN

1. Maxmudxoja Behbudiydiń tómendegi pikirlerin oqıń. Ne ushın ol óz Watanı tariyxın úyreniw zıyalı, kámil hám ádil adam bolıw ushın zárúrlik dep esaplaǵan?

*«Házirgi dúnyada jasaw, zıyalı, kámil hám ádil bolıw ushın óz Watanı tariyxın úyreniw zárúr».*

2. XX ásirde jáhán ilim-pánindegi ózgerisler hám Túrkstan úlkesindegi jaǵdaydı talqılań. Bul dáwirde qanday ilimiy oylap tabıwlar islendi?
3. Orta Aziya xanlıqlarınıń rawajlanıwındaǵı artta qalıwına tiykarǵı sebepler nelerde kórinedi?




## MAǴLÍWMAT USHÍN

XIX ásirdiń aqırı – XX ásirdiń baslarında ilim-pán tarawında úlken nátiyjelerge erisildi. Bul nátiyjelerge erisiwde jáditlerdiń ornı úlken boldı. Jáditler Túrkstanda sawatlı hám bilimli adamlardı tárbiyalawda tariyx pániniń áhmiyetin joqarı bahaladı.

Ózbekstan tariyxı mámleketlik muzeyi



Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Tariyxshı hám jurnalist Mulla Alım Maxdum hajı «Tarixi Turkiston» («Túrkstan tariyxı») shıǵarmasın jazdı. Bul shıǵarma ózbek tilinde baspadan shıqtı. Onda áyyemgi dáwirden tap XX ásirdiń baslarına shekem Túrkstanda bolǵan waqıyalar jılnaması bayan etilgen edi.

Bul kitap ózbek tilindegi birinshi tariyxıy shıǵarma sıpatında húrmetke eristi.

XIX ásirdiń 90-jılları hám XX ásirdiń baslarında Orta Aziyanıń tábiyiy baylıqların ózlestiriw hám de maqbaraların úyreniw menen baylanıslı izertlew jumısları rawajlandı.

Sonday izertlewlerden birinde 1908-jılı Ulıǵbek observatoriyası imaratı qaldıqları hám observatoriyaǵa tiyisli ásbap-úskenelerdiń bir bólegi tabıldı.

1908-jılı observatoriya imaratınıń qaldıqların hám observatoriyaǵa tiyisli ásbap-úskenelerdiń bir bólegin tabıwǵa muwapıq boldı.



Samarqandtaǵı Ulıǵbek observatoriyası (rekonstrukciya)



Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Úlkedegi ilimiy izertlewler imperiya ushın qanday áhmiyetke iye bolǵan? Ne ushın Rossiya imperiyası úlkeni hár tárepleme tereń úyreniwge itibar qaratqan?



P. P. Semyonov Tyan-Shanskiy

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Aymaqtı kartalastırıw hám klimattı úyreniw ushın Tashkentte meteorologiya stanciyası shólkemlestirildi. Qánigeler jetispewshiligi sebepli uzaq waqıt dawamında keń kólemli ilimiy izertlewlerdi qáliplestiriw ámelge asırılmadı.

Tek XIX ásirdiń 90-jılları hám XX ásirdiń baslarında Orta Aziyanıń tábiyiy baylıqların ózlestiriw menen baylanıslı bolǵan izertlew jumısları kúsheydi. Máselen, N. A. Seversev Pamir taw sistemasın úyrenip, botanikaǵa hám minerallarǵa baylanıslı úlgiler tabıldı. P. P. Semyonov Tyan-Shanskiy Tyanshan taw sistemasın úyrenip, muzlıq, vulkanlar haqqında qızıqlı maǵlıwmatlar topladı.

Túrkstan awıl xojalıǵı jámiyeti birqansha tez jumıs basladı. Jámiyet basıp shıǵarǵan «Túrkstannıń awıl xojalıǵı» jurnalı tarawındaǵı óndiris, jerlerdi suwǵarıw, diyqanshılıq hám jerden paydalanıw boyınsha aldıńǵı usıllardı úgit-násiyatladı. Jergilikli klimat sharayatına beyimlesken ózine tán Orta Aziya paxta sortındaǵı dáslepki ónim jetistirildi.

1871-jılı shólkemlestirilgen «Orta Aziya Alımlar jámiyeti» qarjı joqlıǵı sebepli 1893-jılı óziniń xızmetin toqtattı.



Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bul dáwirde bir qatar ádebiyat wákilleri jetisip shıqtı. Olardan Muqimiy, Furqat, Zavqiy, shayıra Anbar hayal oqıtıwshı, Avaz Utar balası, Axmed Danish hám basqalardıń dóretiwshiligin ayrıqsha ajıratıp kórsetiw múmkin. Qosıqlarındaǵı haqıyqatlıq hám shın kewillik olardı belgili xalıq shayırlarına aylandırdı.

Anbar hayal oqıtıwshı hayallardıń jámiyet hám shańaraqtaǵı haq-huqıqsız jaǵdayı haqqında ashshı haqıyqatlardı qálemge aldı. Ózbek shayırlarınıń qosıqları keń xalıq massası júregine jol tawdı. Olardıń qosıqları tiykarında kóplegen qosıqlar jaratıldı.

XX ásirdiń baslarında ózbek ádebiyatında jańa janrlar payda boldı. Prozada dóretilgen shıǵarmalar da dúnya júzin kórdi. Jádit ádebiyatında 1910-jılı Abdulla Qadiriy birinshi prozalıq shıǵarmaların járiyaladı.

1870-jılı Tashkentte Túrkstan xalıq kitapxanası shólkemlestirildi.

### PIKIRLESIW USHÍN

1. Anbar hayal oqıtıwshı hám Muxammed Aminxoja Muqimiydiń qálemine tiyisli qaysı shıǵarmalardı bilesiz? Olar nesi menen siziń yadıńızda qalǵan?
2. Abdulla Qadiriy ózbek ádebiyatında qaysı janrdı baslap berdi hám ol aldıńǵı dáwir ádebiyatınan qaysı tárepleri menen ajıraladı?
3. QR kodta berilgen Abdulla Qadiriy «Uloqda» gúrrińin oqıń. Gúrriń tiykarında jámiyet turmısına baha beriń.

Xiywa teatrı, Tashkent



Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1911–1913-jılları Túrkstannıń hár túrli qalalarında teatrlar shólkemlestirildi. Jazıwshılar olar ushın pyesalar jazdı. Saxnada jańǵırǵan ana tilindegi sózler hám teatr aktyorınıń háreketleri xalıq massasına baylanıslı qúdiretli tásir quralına aylandı.

Jádit teatrlarında spektakllerdiń kópshiligi ashıq saxnalarda qoyılıp, olarǵa kóplegen tamashagóyler kelgen. Dáslepki ózbek tamashagóyleri ushın jáditler qoyǵan pyesalar ádep-ikramlılıq tárbiya mekteplerine aylandı.

Maxmudxoja Behbudiy tárepinen jazılǵan belgili «Padarkush» pyesasında ákeler hám balalardıń arasındaǵı qatnas ruwxıy jarlılıq, mal-múlkke qızıǵıw qanday aqıbetlerge alıp keliwi gúrriń etilgen.

Ózbek milliy teatrınıń qáliplesiwinde jáditlerdiń ornı úlken edi. Usı orında Maxmudxoja Behbudiydiń: «Teatr – bul ibratxana», dep aytqan pikirin eslew orınlı.

1868-jılı koloniyallıq húkimet tárepinen úlkede rus bilim beriw mekteplerin shólkemlestiriw jobasın islep shıǵılıwı boyınsha kórsetpe berilgen.

1870-jılı úlkede oqıw bólimin shólkemlestiriw boyınsha arnawlı komissiya Tashkent qalasında jumıs basladı. 1886-jılı Tashkent qalasında Rossiya Xalıq bilimlendiriwi ministrligine tiyisli 9, 1889-jılǵa kelip bolsa 14 bilimlendiriw orınları xızmet júrgizgen.

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

1. Jádit ádebiyatında sol dáwirge tán bolǵan qanday ideyalar jetekshilik etedi?
2. Usı tema boyınsha kishi esse jazıń.



Gimnaziya oqıwshıları



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



«Turan» teatrı truppasınıń birinshi spektaklleri qoyılǵan «Kolizey» teatrı-cirki imaratı, Tashkent.



Ózbekstanda XX ásirdiń baslarınan zamanagóy futbol qaǵıydaları tiykarında oyınlar ótkerilgen. 1912-jılı Qoqanda birinshi futbol komandası dúzildi.

## BILESIZ BE?

**Xudaybergen Devanov** 1878-jılı tuwılǵan. Balalıǵınan bilimge qızıǵıwshılıǵı hám dóretiwshilik talantı menen ajıralıp turǵan. Ol arab, parsı hám rus tillerin úyrengen. Qızıǵıwshı jas óspirim nemec tilin úyrene baslaǵan hám bul keleshekte onıń táǵdirin belgilep bergen.

1903-jılı Xudaybergen Devanov Xiywanıń minaraları hám jerleslerin súwretke ala baslaǵan. Dáslebinde bul diniy ulamalardıń qattı qarsılıǵına ushıraǵan. Biraq fotosúwretshini hárqanday jańalıqqa qızıqqan Muxammed Raximxan II óz qorǵawına alǵan. Ol tek xan emes, al talantlı shayır hám bastakar sıpatında tariyxta qalǵan. Húkimdar Xudaybergenge óziniń súwretin alıwdı buyırǵan, keyin bolsa onı óz diywanına jumısqa usınıs etken.



Xudaybergen Devanov





Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

«Biz kim, Xorezm mámleketiniń joqarı qağanı Muxammed Raximxan Soniy tómendegi pármanına qol qoydıq. Xorezm maqamları xalıqtıń qol qatılmaslıq múlki dep járiyalansın. Usı pármanına shek keltirgen hám maqamlardı kemsitken yaki onı buzıp atqarğan adamlar qattı jazalansın!»

1882-jıl

## MAĞLÍWMAT USHÍN

Xalıq sazendeleri belgili usta-bastakarlar qolında tálim alğan. Kóp ásirler dawamında pútkil Shığısta keń tarqalğan klassik maqamlar professional muzıkanıń awızeki dástúrlerindegi biybaha ğáziynesin qurağan. Maqamlar iri toparlı awızeki-saz ásbaplı (jeke atqarıwshı hám saz ásbaplı) shığarmalar. Muzıka ásbapları da oğada hár túrliligi menen ajıralıp turatuğın edi. Bul boyınsha tarlı-kamanshalı saz ásbapları (girjek, qobız, úshtar), tarlı-noxunlı (dombıra, duwtar, tanbur, ud, rubab), tarlı-soqqılı (chań), úpleme naylı (nay, sırnay), mushtuk-úplemeli (kárnay), soqqılı-membranalı (dáp, nağara, chindovul) sıyaqlı saz ásbapları keń tarqalğan edi.

Sitorai Mahi Xosa





## MAĞLÍWMAT USHÍN

XIX ásirdiń aqırı hám XX ásirdiń baslarında arxitekturada da ózgerisler boldı, Evropa hám shığıs arxitekturası dástúrleri sáykeslesip ketti.

Máselen, XX ásirdiń baslarında qurılğan Sitorai Mahi Xosa qurılısında Usta Shirin Muradov basshılığında bir topar usta gansh oyıwshılar islegen.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Fergana alabında da ózbek xalıq arxitek-turasınıń ózine tán tarmaǵı bar edi. XIX ásirdiń ekinshi yarımında alap milliy arxitekturasına Evropa arxitekturalıq usılındaǵı imaratlardı qurıw dástúrleri kirip keldi. Sonday bolsa-da, XIX ásirdiń aqırlarında qurılǵan Andijan juma meshiti óz qurılısı menen joqarı milliy arxitekturalıq úlgisi bolıp qaldı.



Tashkent hayallar gimnaziyası

Tashkenttiń jańa qala bóliminde general-gubernatorlıqtıń arxitekturalıq hám basqa imaratları boy tikledi. Olar arxitekturalıq jaǵınan batıs ortalıǵı hám usılında qurılǵan imaratlar edi.

Xorezm arxitekturalıq mektebiniń itibarlı tárepi sonda, úlken esikler (portal), tóbeler, minaralar júdá názik talǵam hám sulıwlıq tımsalı arab jazıwları menen bezetiletuǵın edi. Kalligraflar bul jazıwlardı sheberlik penen imarat naǵısına sáykeslestirip jibere alǵan.





Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

XIX ásirdiń aqırı – XX ásirdiń baslarında Túrkstan súwretlew óneri Samarqand, Qoqan, Buxara miniatyurashıları dóretpelerinde, ásirese, anıq kórindi (Axmed Danish, Abdulxalıq maxdum, S. Siddiqov). Olar súwretlew óneriniń dástúrlik túrlerin saqlap qalıwǵa muwapıq boldı.

XX ásirdiń baslarında diywal naǵıslarında aldın ushıraspaǵan kórinisler – júzip baratırǵan keme, temir jollar hám haywanlardıń súwretlerinen paydalana basladı.

Aǵash tirek hám Xudayarxanǵa tiyisli Quran qoljazbası. XIX ásir





«Yusup hám Zulayha» Mirza Mir Ishaq al Buxariy, XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń bası

Gúmis qaplı Quranı Karim. XIX ásir









Shirmanpaz meshitiniń sútinleri hám tóbesi. XX ásir. Marǵulan



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Belgili reńler hám nağıslar zer toqıwshılıqta, lipaslarda, qımbat taslardan islengen bezeniw zatları buyımlarında ústin bolğan.





XIX ásirdiń aqırı – XX ásirdiń baslarında Túrkstan xalqına táwipler, xirurgler, rishtashılar (jaralardı emlewshi), sınıqshılar, akusherkalar, súlikshiler sıyaqlı dástúrlik medicina wákilleri medicinalıq járdem kórsetken. Jergilikli xalıq arasında qan aldırıw hám súlikten paydalanıw, sonday-aq, hár túrli massaj usılları da keń tarqalğan edi. Emlewshi dárilik zat sıpatında mıshyak, sınap, sulema (záhárli poroshok), kinovar (sınap sulfid), temir hám mıs kuporosı, ashıwdas, ashshıtas sıyaqlı minerallar keń qollanılğan.

Táwipler ósimlik hám minerallardan tayar dárilerdi nawqaslarğa beriwden tısqarı, ózleri de kúkirt hám azot kislotası tayarlawdı bilgen, sonday-aq, demlemeler, untaqlar, dárilik zatlar málham dári (maz) hám plastırler tayarlağan.

## SABAQTAN JUWMAQ SHÍĞARÍP

1. Temada berilgen súwretler tiykarında xalqımızdıń ónermentshiligine baha beriń.
2. Arxitekturadağı ózgerislerdiń ózine tán tárepleri haqqında kórgizbe tayarlań.
3. Batıs hám Shığıs dástúrleri usılında qurılğan qurılıslar haqqında mağlıwmat toplań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TÚRKSTAN ÚLKESI 1917-JÍL FEVRAL-OKTYABR ARALÍǴÍNDA

**BÚGIN SABAQTA**

- 1917-jıl fevral-oktyabr waqıyaları.
- Fevral revolyuciyasınıń Túrkstan úlkesine tásiri.

**PIKIRLESIW USHÍN**

1. Rossiyada júz bergen fevral hám oktyabr revolyuciyalarına neler sebep boldı?
2. Revolyucionerlerdiń maqsetleri nelerden ibarat bolǵan?
3. Rossiyada bolǵan mámleketlik awdarıspaǵınıń Túrkstanǵa tásiri boldı ma? Ne ushın?

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Túrkstan jáditleri reformalardı basqısh-pa-basqısh ámelge asırıwdı, rawajlanıwǵa tek tınıshlıq jolı menen, parlament arqalı erisiwdi gózlegen edi. 1917-jıldaǵı waqıyalar procesi, jáditshilik háreketiniń iri teoretigi Abdurauf Fitrat sol waqıtta jazǵanınday, «Rossiyada bas kótergen jańa bir bále – bolshevik bálesi» kúshlerdiń qatnasın pútkilley ózgertip jiberdi. Ózbek xalqınıń basqa bir pidáyı perzenti Maxmudxoja Behbudiy tárepinen ortaǵa taslanǵan «Haq alınadı, berilmeydi!» uranı pútkil millettiń jawıngerlik shaqırıǵına aylandı.

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

1. Rossiya imperatorı Nikolay II taxttan ketkennen soń qanday komitet dúzildi? Bul húkimet tariyxta qanday at penen ataladı?
2. Húkimetke kimler basshılıq etti? Olar qanday ideyalardı alǵa súrdi?



Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Fevral revolyuciyası Túrkstan úlkesi musılman xalqın siyasiy jaqtan oyatıwda, demokratiyalıq ózgerislerge basshılıq etpekshi bolǵan jańa kúshlerdiń siyasat maydanına shıǵıwında zárúr áhmiyetke iye boldı. Jáditler júzege kelip atırǵan milliy demokratiyalıq kúshlerdiń ózegi boldı. Olar aymaqta tiykarǵı xalıqlarınıń rawajlanıw hám ǵárezsizlik haqqındaǵı óz ideyaların Fevral revolyuciyası ideyaları menen baylanıstırıp, ózleri járiyalaǵan principlerin ámelge asırıwǵa tez kiristi.

1917-jıl fevral ayında Rossiya imperiyası orayında júz bergen mámleket awdarıspaǵı aqıbetinde 15-mart kúni Nikolay II taxttan waz keshedi. Hákimiyat basqarıwına Waqıtsha húkimet keldi. Solay etip, bul mámlekette imperiya húkimdarlıǵına shek qoyıldı. Usı keskin siyasiy ózgeris baǵınıshlı úlkeler turmısına da tásir ótkeriwi tábiyiy edi. Túrkstan boylap hárbir qala, uezd, volost hám awılda eski hákimshilik basqarmaları Waqıtsha húkimet tárepinen tamamlanıp, ornına jámáátlik shólkemleri atqarıw komitetleri, yaǵnıw jámáátlik qáwipsizligi dep atalǵan komitetler payda bola basladı.

1917-jıldıń mart ayında shólkemlestirilgen «Sho‘royi islomiya» shólkemine Munavvar qarı Abdurashidxanov basshılıq etti. Onnan 1917-jıldıń iyun ayında «Sho‘royi ulamo» hám 1917-jıldıń iyul ayında «Túrk adami markaziyat firqasi» («Túrkstan federalistler partiyası») ajıralıp shıqqan edi. Bul háreketler Túrkstan máplerin qorǵawdı óz maqseti dep bilgen pıtırańqı milliy siyasiy kúshlerdi birlestiriw ushın islengen dáslepki urınıwlardan biri edi.

«Sho‘royi islomiya» baslaması menen Tashkentte 1917-jıl 16–23-aprel kúnleri Pútkiltúrkstan musılmanlarınıń birinshi úlke qurıltayı bolıp ótti. Onda pútkil Túrkstannan 150 ge jaqın delegat toplandı. 20 ǵa jaqın máseleni kórip shıqqan qurıltay úlkede koloniyallıqtı tamamlaw hám tartıp alınǵan jerlerdi jergilikli xalıqqa qaytarıw boyınsha qarar qabıl etken. Bul jıynalısta Túrkstanda musılmanlar Oraylıq Awqamın shólkemlestiriwge de kelisilgen. Bul qarar keyinnen Milliy oray túrinde ámelge asırıldı.

**Waqıtsha húkimet islep shıqqan jańa nızamda:**

1. Rossiyanıń hárbir puqarası din máselesinde erkin bolıp tabıladı.
2. Toǵız jasqa jetpegen balalar ata-anasınıń dininde, ata-anaları eki isenimde bolsa, ákesiniń dininde dep esaplanadı.
3. Ata-anası belgili bolmaǵan balalar qáwenderleriniń dininde dep esaplanadı.
4. On jeti jasqa hárbir adamǵa bir dinnen ekinshi dinge ótiwi ushın qandayda bir ruqsat kerek emes.
5. Toǵız jasqa jetpegen bala ata-anası ótken dinge ótken esaplanadı.

Ibrahim Tahiriydiń «Hurriyati diniya» maqalasınan
Al-Islah, 1917.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Túrkstan xalıqlarınıń ásirlik ármanı ne edi?
2. Túrkstanlılar 1917-jıl fevral revolyuciyasınan neler kútken edi?
3. 1917-jılǵı fevral ózgerisinen soń Túrkstanda qanday ózgerisler júzege keldi?
4. Jańa tariyxıy sharayatta Túrkstan jáditleri aldında qanday áhmiyetli wazıypalar turatuǵın edi?
5. Pútkiltúrkstan musılmanları I qurıltayı qanday máselelerge baǵıshlanǵan edi?

1917-jıl 1-noyabrde bolshevikler Tashkentte de sovet hákimiyatın ornattı.



## PIKIRLESIW USHÍN

Túrkstanda Rossiyadaǵı sıyaqlı eki hákimiyatshılıq emes, al tómendegi úsh hákimiyatshılıq payda boldı:

- *Birinshisi,* Rossiya Waqıtsha húkimettiń waqıtlı Túrkstan komiteti;
- *Ekinshisi,* Túrkstandaǵı jumısshı hám ásker deputatlardıń jergilikli hám oraylıq Sovetleri;
- *Úshinshisi,* jáditlerdiń «Sho‘royi islomiya» shólkemi (jámiyeti) hám onıń orınlardaǵı bólimleri, Tashkentte Túrkstan úlke musılmanları soveti (Kraymussovet) – Milliy Oray.

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Rossiyanıń Birinshi jáhán urısındaǵı jeńiliske ushırawı, ekonomikalıq krizis, onıń aqıbetinde baslanǵan asharshılıq massanıń narazılıǵın jáne de kúsheytti. 1917-jıl marttan baslap xalıq arasında anıq maqsetke baǵdarlanǵan háreketti baslaǵan, ápiwayı puqaralarǵa beyimlesken súrenlerin ortaǵa taslap, massanıń itibarına erisken bolshevikler 25-oktyabrde zorlıq jolı menen awdarıspaq jasap, imperiya orayında hákimiyattı iyelep aldı.

## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Túrkstanda neshe hákimiyatshılıq payda boldı? Olardıń maqsetleri ne bolǵan?
2. 1917-jıl fevral-oktyabr aylarında Rossiyada bolǵan mámleket awdarıspaǵınan kimler kóbirek mápdar bolǵan? Bul awdarıspaq Túrkstan xalqınıń turmısına qanday tásir kórsetti?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# JAS BUXARALÍLAR HÁREKETI HÁM BUXARA ÁMIRLIGINIŃ TAMAMLANÍWÍ

**BÚGIN SABAQTA**

- Jas buxaralılar.
- Ámir Alımxan reformaları.
- Buxara ámirliginiń qulawı.

**PIKIRLESIW USHÍN**

1. XIX ásirdiń aqırı – XX ásirdiń baslarında Buxarada social-ekonomikalıq jaǵday qanday awhalda edi? Xalıq narazılıǵı háreketleriniń maqsetleri neden ibarat edi?
2. Buxaradaǵı bolǵan jaǵdaydı qalay ózgertiw múmkin edi? Óz múnásibetlerińizdi bildiriń.

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

XX ásirdiń baslarında Buxara jámiyetlik turmısında bir-birine qarama-qarsı eki kúsh payda boldı. Birinshisi – Buxaranıń siyasiy turmısın demokratiyalıq tiykarda qayta qurıw, onıń ekonomikasın rawajlandırıw, aldıńǵı mámleketlerdiń qatarına kóteriliwi ushın shın júrekten gúresiwshi Jas buxaralılar, ekinshisi – diniy mutaassibler (dinge berilgenler), hárqanday jańalıq hám reformalardıń dushpanı bolǵan topar wákilleri edi.

Jas buxaralılar óz háreketlerin 1910-jıldan baslaǵan bolıp, bul siyasiy hárekettiń shólkemlestiriliwinde jas túrklerdiń «Ittihodi va taraqqiy» partiyası úlken tásir kórsetken edi. Abduvohid Burhanov, Usman Xoja, Musa Saidjanov, Abdurauf Fitrat, Fayzulla Xojaev hám Sadriddin Ayniy sıyaqlı kóplegen zıyalılar jas buxaralılardıń jetik wákilleri bolǵan.


Jas buxaralılar



Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jas buxaralılar mámlekette tómendegi jumıslardı ámelge asırıwdı gózlegen edi:
- ámirliktegi jer-suw máselesine úlken itibar beriw;
- milliy armiyanı qáliplestiriw ushın áskeriy mektepler ashıw;
- finans máselesinde kiris-shıǵıslardı esaplaw;
- bilimlendiriw tarawında ámirlik qaznası esabınan mektepler hám joqarı oqıw orınların ashıw;
- jeke hákimlik (monarxiyanı) evropasha konstituciyalıq monarxiyaǵa almastırıw.

1910-jıl 10-dekabr kúni ámir Abdullahad qaytıs bolǵannan keyin, taxttı onıń balası Sayid Alımxan iyeledi. Ámir Alımxan ele siyasiy kúshke iye bolmaǵanı ushın jas buxaralılarǵa kelisim beriwge májbúr boladı hám reforma ótkeriw ushın wádeler beredi. Biraq 1917-jıl Rossiyada bolıp ótken fevral revolyuciyasınan soń, imperiya húkimetiniń awdarılıwı ámirliktegi jámiyetlik-siyasiy jaǵdaydı keskinlestirip jiberedi. Jas buxaralılar ámirdi reforma ótkeriwge shaqıradı.



### DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Jas buxaralılar mámlekette ámelge asırılmaqshı bolǵan jumısları ushın qanday imkaniyatlar kerek edi?

2. Ámirliktegi jámiyetlik-siyasiy jaǵdaydıń keskinlesiwine qanday faktorlar tásir kórsetken?

### MAǴLÍWMAT USHÍN

Ámir Abdullahad balası Sayid Alımxandı 1893-jılı Peterburgqa oqıwǵa jiberdi. Bul jerde ol 3 jıl dawamında áskeriy jumıslar hám mámleketlik basqarıw tiykarların úyrendi. Ámirlik taxtına otırǵannan keyin Sayid Alımxan Buxarada mámleket tiykarları hám diniy sistemanı ózgertiw táshiwishinde bolmadı. Biraq Rossiyadaǵı waqıyalar da ámirliktiń ózindegi qarama-qarsılıqlı háreketler onı shara-ilajlar kóriwge hám Jas buxaralılardıń (jáditler) mámleketti demokratiyalastırıw hám reformalar ótkeriw haqqındaǵı talaplarına kelisim beriwge májbúr etti.

1917-jıl báhárinde bas qazı ámirdiń bar dúzim tiykarlarına qol qatılmaytuǵın hám xalıqtıń awhalın kóp hám ońlamaytuǵın pármanın oqıp esittirdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Pármanda ádil sudlaw, xiraj, zakat hám basqa salıqlardı óndiriwdiń turaqlı tiykarların islew haqqında sóz bolatuğın edi. Sanaat hám sawdanı rawajlandırıwğa da itibar qaratılğan edi. Hámeldarlarğa xızmet boyınsha wazıypalardı orınlaw waqtında qosımsha ústeme haqı alıw qadağan etildi. Bunıń ornına mámleket tárepinen qatań belgilep qoyılğan aylıq shólkemlestirildi. «Sońınan biz tárepimizden, – delinedi pármanda, atap aytqanda, sháriyat ámiri menen mámlekette paydalı bilimlerdi rawajlandırıw hám qollap-quwatlawğa qaratılğan sharailajlar kóriledi». Pármanda baspaxana ashıw, tutqınlardı zindanlardan azat etiw haqqında da wádeler berildi.

## BILESIZ BE?

Jas buxaralılar pármandı ámelge asırıw maqsetinde Jas buxaralılar komitetin dúzdi. Maxmudxoja Behbudiy, Mullaxan balası, Mırza Ǵulam salmaqlı, basıq háreketler menen pármandı qollap-quwatladı. Fayzulla Xojaev, Abdurauf Fitrat hám Usman Xoja sıyaqlılar jáne de tereń reformalar ótkeriwdi talap etip, óz tárepdarların tez demonstraciya ótkeriwge shaqırdı. 1917-jıl 8-aprelde jáditler Karki hám Buxarada demonstraciya ótkerdi. Buxarada demonstraciyağa toplanğan 150 adamğa Fayzulla Xojaev hám Abdurauf Fitrat basshılıq etti. Súrenlerde «Jasasın Ámir!» qatarında «Azatlıq, Ádalat, Teńlik!» sıyaqlı basqa mazmundağı shaqırıqlar da bar edi. Demonstraciyağa shıqqanlar Arkğa shekem jetip kelgeninde ámir áskerleri olardı toqtattı.

Ámir láshkerleri demonstraciyağa shıqqanlardı tarqatıp, qamaqqa ala basladı. 30 dan zıyat demonstrantlar qamaqqa alındı, kópshiliginiń denesi jaraqatlandı. Qutılıp qalğan demonstrantlar basqa qalalarğa qashıp jan saqladı. Buxaradağı waqıyalar jáditlerdi sergeklendirdi.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Sayid Alımxan ózi shığarğan pármanğa qanday qatnasta boldı?
2. Demonstrantlardıń tarqatılıwı hám oqqa tutılıwı xalıqtıń Sayid Alımxanğa bolğan isenimine tásir kórsetti me? Ne ushın?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

1920-jıl yanvarda Tashkentte bolǵan Jas buxaralılardıń sol bólimi Fayzulla Xojaev basshılıǵında «Revolyuciyashı jas buxaralılardıń Túrkstandaǵı oraylıq byurosı»n dúzdi. Biraq bul shólkem abıraylı siyasiy kúshlerdi ózinde jámlemegen. Bul shólkem Orta Aziyanı pútkilley basıp alıp, onı bolshevikler qol astında bolǵan jańa mámleket quramına qosıp alıwǵa háreket etken kolonizatorlardıń gúres quralına aylandı.

Fayzulla Xojaev basshılıq etken Jas buxaralılar hám bolsheviklerdiń birgeliktegi háreketleri menen kóterilis baslandı. 1920-jılı avgustta Charjawda Waqıtsha revolyuciyalıq komitet dúziledi. Jaǵdaydan paydalanǵan sovet mámleketi jaqsı qurallanǵan armiya hám jergilikli xalıqtı qorqınıshqa salıwshı áskeriy aviaciya menen támiyinlengen iri áskeriy bólimlerdi Buxaraǵa tasladı.

Ámir hám onıń armiyaları derlik heshqanday qarsılıq kórsete almadı. Ámir Alımxan Awǵanstanǵa sheginiwge májbúr boldı.

1920-jıl 2-sentyabrde bolshevikler armiyası áskerleri Buxaraǵa kirdi. 6-oktyabrde Buxara Xalıq Sovet Respublikası hám Fayzulla Xojaev basshılıǵındaǵı birinshi húkimet Xalıq Qadaǵalaw Keńesi dúzilgenligi daǵazalandı.



### DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Ámir hám onıń armiyaları derlik heshqanday qarsılıq kórsete almaǵanlıǵına Zirabulaq shártnamasınıń qanday baylanısı bar? Onda ámir qansha armiyaǵa iye bolıwı kórsetilgen edi?

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# BUXARA XALQÍNÍŃ HÁSIRETLI TARIYXÍ



Bolshevikler bul waqıtta kóp hiyle-ilaj qollanıwǵa, tap doslıq lipasların kiygendey bolıp, negizinde sumlıq hiyle ilajların isletiw jolına, mákkarlıq jolına ótti. Sonday-aq, pitim dúziw ushın Baranov degen sırtqı isler wáziri bolmısh bir adamdı ayrıqsha elshi etip, Tashkentten Buxaraǵa jiberdi. Tolıq erkli wákil bul bendeniń ilajsız aldına kelip ushırastı. Usı adam keshirim sorap, sóylesti, sózlerimizdi esitip, biz benen kelisti. Ol adam ótinish etip ayttı, rus mámleketi eliwbes jıldan beri Buxara mámleketi menen doslıq hám joldaslıqta bolıp keldi, tap usı waqıtqa shekem biziń mámleketimiz Buxara mámleketinen barlıq máplerdi kórip kelmekte, sonıń menen birge, eki mámleket arasında bul arada heshqanday bir-birine zıyan kóretuǵın islerdi islemedi. Qáler edim, bunnan keyin de bul eki mámleket arasında doslıq hám joldaslıq gúllep-jaynasa hám bizge de siziń mámleketińizden járdem hám máp bolsa. Sizlerden bizlerge hárqanday xızmet bolsa, biziń respublika mámleketimiz onı ornına qoysa. Biraq sizlerden bir ótinishimiz bar, óz áskerlerińizdi biziń temir jol stanciyasınan alsańız, sebebi bizler onı ózimizge bekinis islemekshimiz. Biziń áskerlerimiz jawız hám nadan adamlar. Egerde siziń áskerlerińizdi kórip qalsa, oǵan soqlıǵısıp qalıp, sizdey ullı shah aldında bizdi uyaltıp qoyadı. Bul waqıtta siz ne qálep, oǵan tilegińizdi bildirseńiz, sol aytqanıńızdı orınlaymız.

Solay etip onıń menen sóylesip, sózlerin esitip, kelisim dúzdik, oǵan qol da qoydıq. Sonıń menen ol óz ornına qaytıp ketti.

Biraq dushpanlarımız bul hiyle menen bizdi ǵápilette qaldırıp, mısalı bir jol tosatuǵınlar sıyaqlı, urıs daǵazalamastan hijriydiń 1339-jılı (1920) zulhijja (on ekinshi ayı ataması) ayınıń on besinde ekshembide túnde saat on ekide saqshılar hám qorıqshılardıń ústine hújim etip kelip, sol jerde temir jol átirapına qoyılǵan barlıq qarawıllardı shama menen, bir júz eliw adamdı tutqınǵa aldı.

Solay etip, olar Buxara áskerleri ústine topılıp kelip hújim uyımlastırdı, sonıń menen urıstı baslap jiberdi. Nátiyjede, waqıt yarım túnde saat ekide birqansha ásker hám áskeriy qurallar toplap, top atıw oq jawdırıw menen birge temir qalqanlı arbalar – bronevikler, temir qaplanǵan motorlar – bronepoezdler menen urıs baslap jiberdi. Olar on bir aeroplan menen Buxara qalası, ústinde hawada párwaz etip, bomba jawdırdı. Bul bende ilajsız óz áskerimdi májbúriy aldıǵa – frontqa shıǵarıp, ıxtıyarın táǵdirin qudayǵa tapsırıp, tórt kún urıstıq. Bul urıs waqtında dushpan shama menen Buxaranıń yarımın top hám pulemyottan oqqa tutıp, kóp shıǵınǵa ushırattı.

Top oqlarınıń kópligi, bomba jawdırıwlar, shıǵın hám qarabaqanalıqlar Buxara qalasında kóbeyip ketip, kámbaǵal jesir-biysharalardı qattı táshwishke salıp qoydı.

**Sońǵı Buxara ámiri Sayid Alımxan**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Jas buxaralılardıń háreketinen nelerdi bilip aldıńız?
2. Ámir Sayid Alımxan óz mámleketinde qaysı maqsette reformalar ótkeriwge urınıp kórdi?
3. Jáditler baǵdarlaması ámir Alımxan gózlegen reformalardan nesi menen ajıralatuǵın edi?
4. Buxara ámirliginiń qulawınıń sebeplerin sanap beriń.



Buxara ámiri Sayid Abdulahadxan 1910-jıl 3-fevralda Sankt-Peterburgtaǵı meshit fundamentin qurıw máresiminde.



Sankt-Peterburgtaǵı Buxara ámiri Sayid Abdulahadxan ushın qurılǵan saray.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# XIYWA XANLÍǴÍNÍŃ TAMAMLANÍWÍ

## BÚGIN SABAQTA

- Xalıq háreketleri.
- Reformalar ushın gúres.
- Xiywa xanlıǵınıń tamamlanıwı.

## PIKIRLESIW USHÍN

1. XIX ásirdiń aqırı – XX ásirdiń baslarında Xiywa xanlıǵında social-ekonomikalıq jaǵday qanday edi?
2. Xalıq narazılıǵı háreketleriniń maqsetleri neden ibarat edi?

## MAǴLÍWMAT USHÍN


Asfandiyarxan

Muxammed Raximxan II qaytıs bolǵannan keyin, imperiya húkimeti járdeminde taxttı onıń balası Asfandiyarxan (1910–1918) iyeleydi. Rossiyadaǵı 1917-jılǵı fevral waqıyalarınan keyin Jas xiywalılar Asfandiyarxannan reformalar ótkeriw haqqındaǵı manifestke qol qoyıwdı talap etti.

Reformalar xan hákimiyatı saqlanǵan, biraq Májilis (deputatlar palatası) hám Qadaǵalawshı keńesi (Wázirler keńesi) menen sheklengen konstituciyalıq monarxiyanı shólkemlestiriwdi kózde tutqan edi. Jas xiywalılar, sonday-aq, mámleket qarjıları sarplanıwı ústinen qadaǵalaw ushın finans wázirligi, suw bólistiriwin reformalaw, xanlıqtıń pútkil aymaǵında jańa usıl mekteplerin shólkemlestiriw ushın komitet dúziwdi, temir jollar hám pochta-telegraf sisteması qurılısın da talap etken edi.

1917-jıldıń 4-aprel kúni xan diywanxanası tuwrısında birneshe mıń adamlıq demonstarciya bolıp ótti. Xan Palwanniyaz Hajı Yusupov hám Xusaynbek Matmuradov basshılıǵındaǵı delegaciyanı qabıl etti hám 5-aprel kúni Jas xiywalılar bergen manifestke qol qoydı. Hújjetke muwapıq Xorezm konstituciyalıq monarxiya etip belgilendi.

1917-jıl 26-aprelde bolıp ótken Májilistiń birinshi sessiyasında 30 xiywalı deputat hám túrkmenlerden 7 wákil qatnastı. Májilis Wázirler keńesin sayladı. Biraq eki ay ótpey konservativ kúshler áskeriy awdarıspaqtı ámelge asırdı hám Májilisti tarqatıp jiberdi. Jas xiywalılar qamaqqa alınıp, olardıń bir bólegi atıp taslandı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Manifest talapları

— Xan hám onıń húkimeti tárepinen mámleketti tolıq basqarıwdı pútkilley saplastırıw.

— Xiywa xanına shahzadalar hám wázirlerge tiyisli bolǵan qarjılar hám múlklerdi xalıq múlki dep daǵazalaw.

— Kámbaǵallardıń jaǵdayın jaqsılaw jolında iri jer iyeleri jerlerinen paydalanıw.

— Balalardı biypul oqıtıw ushın xanlıqtıń barlıq jerinde mektepler ashıw.

— Qalalar hám xalıqtıń turatuǵın orınlarında biypul emlewxanalar hám salamatlastırıw orınların ashıw.

— Xiywa xanı hám bekleri tárepinen kámbaǵal xalıqtan tartıp alınǵan jerler, múlk hám basqa zatlardı qaytarıp beriw.

— Májbúriy miynetke tartıwdı (begor) pútkilley joq etiw.

Rossiya imperiyasınıń Xiywaǵa júrisleri waqtında jas Qurban Mamed túrkmen yawmıt jigitleri qatarında basqınshılarǵa qarsı sawashlarda qatnasqan. Asfandiyarxan Junaydxandı túrkmen qáwimleriniń sárdarı etip tayınlaǵan (1915). Túrkmen aqsaqalları onı Junaydxan dep járiyalaǵan.

### BILESIZ BE?

1917-jıl Oktyabr awdarıspaǵınan keyin Rossiyada bolshevikler húkimetti qolǵa kirgizdi. Túrkstanda da hákimiyat bolshevikler qolına ótti hám bul jerde de sovet respublikası dúzildi. Sovetler qáwpi aldında húkimetti joq etiwden qorqqan Asfandiyarxan bas komandir etip túrkmenlerdiń yawmıt qáwimi sárdarı Qurban Mamed (Muxammed) sárdar Junaydxandı tayınladı. Sarayda abırayın kóterip alǵan Junaydxan 1918-jıldıń oktyabr ayında mámleketlik awdarıspaǵın ámelge asırdı hám Nurullabay sarayında Asfandiyarxan óltiriledi.

Taxtqa Asfandiyarxannıń aǵası Said Abdulla otırdı. Ámelde hákimiyat Junaydxan qolında toplanǵan edi.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAĞLÍWMAT USHÍN

1920-jıl yanvar ayınan Xiywaǵa qarsı hújimge ótken sovetler fevral ayınıń baslarına shekem bir qatar qalalardı qolǵa kirgizedi. Nátiyjede Said Abdullaxan taxttan waz keshedi.

1920-jıldıń 27–30-aprel kúnleri Xiywada bolıp ótken xalıq wákilleri Pútkil Xorezm qurıltayı xanlıq tamamlanǵanlıǵı hám Xorezm Xalıq Sovet Respublikası dúzilgenligin daǵazaladı. Qurıltay XXSR nıń waqıtsha Konstituciyasın qabıl etti. Qurıltay sonday-aq, 15 adamnan ibarat húkimet–Xalıq Wázirler Keńesin sayladı. Jas xiywalılar basshılarınan Palwanniyaz Yusupov onıń birinshi basshısı boldı.




## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Manifest talapların ámelge asırıw ushın xan tárepinen qanday sharayatlar jaratılıwı talap etilgen?
2. Rossiya qanday jaǵdayda edi?
3. Rossiyadaǵı 1917-jıl fevral hám oktyabr awdarıspaqları Xiywa xanlıǵına qanday tásir kórsetti?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TÚRKSTAN AVTONOMIYASÍ

## BÚGIN SABAQTA

- Avtonomiya ushın gúres.
- Avtonomiyanıń tamamlanıwı.
- Qoqan qayǵısı.

## PIKIRLESIW USHÍN

1. Túrkstan avtonomiyası haqqında nelerdi bilesiz?
2. Rossiyada bolıp atırǵan siyasiy, ekonomikalıq hám jámiyetlik ózgerisler Túrkstan úlkesine qanday tásir kórsetken edi?

## MAǴLÍWMAT USHÍN

1917-jıl 26–28-noyabrde Qoqan qalasında Pútkiltúrkstan úlke musılmanlarınıń ayrıqsha IV qurıltayı bolıp ótti. Túrkstandı basqarıw forması haqqındaǵı másele qurıltaydıń dıqqat orayında turdı.

Qurıltay qatnasıwshıları avtonomiya hám ǵárezsizlik daǵazalaw pikirin qollap-quwatladı. 27-noyabrde dúzilgen húkimet Túrkstan Avtonomiyası dep ataldı. Dúziw májilisi shaqırılǵanǵa shekem hákimiyat Waqıtsha keńesi hám Túrkstan Milliy májilisi qolında toplandı.

Solay etip, úlkede eki hákimiyatshılıq júzege keldi. Olardıń biri milletlerdiń óz táǵdirin ózi belgilew huqıqın jaqlaǵan, milliy mámleket ǵárezsizligin tiklewge qattı bel baylaǵan alǵa ilgeriletiwshi zıyalılar, isbilermenler húkimeti, ekinshisi Rossiya imperiyası húkimdarlıǵın jańasha sharayatlarda saqlap qalıw siyasatın júrgizgen bolshevikler edi.

Demokratiyalıq musılman zıyalıları talabı menen Túrkstan xalqınıń evropalı bólimi wákilleri de qurıltayda teń huqıqlı qatnastı. Qurıltaydıń 27-noyabr kúni qabıl etilgen qararında bılay delinedi: «Túrkstanda jasap turǵan hár túrli milletke tiyisli xalıq Rossiya revolyuciyası shaqırǵan xalıqlardıń óz huqıqların ózleri belgilew haqqındaǵı jigerin kórsetip, Túrkstandı Rossiya Federativ Respublikası quramında aymaqlıq jaqtan avtonom dep járiyalaydı».



Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Aldın bolshevikler Túrkstan Avtonomiyası húkimetiniń tásir sheńberin sheklew hám onı tamamlaw ushın jeterli áskeriy kúshke iye bolmaǵan. Olar 1918-jıl 19-yanvarda ǵana Orenburgtı qolǵa alıp, Moskva menen Túrkstan arasında temir jol qatnawın tiklegeninen soń Tashkentke qural-jaraq jetkerip beriw imkanına iye boladı. Tashkenttegi bolshevikler bunnan ruwxlanıp, 1918-jıl 31-yanvarda Qoqandaǵı Túrkstan Avtonomiyası húkimetin tarqatıp jiberiw haqqında qarar qabıl etti.

«27-noyabr Qoqanda Túrkstan avtonomiyası ulıwma musılman syezdinde járiyalandı. Múbárek hám qayırlı bolsın! Men de májiliste bolǵanımdı maqtanısh etemen. Jasasın Túrkstan avtonomiyası!»

Behbudiy. «Hurriyat» gazetası, 1917-jıl.

Eliw jıldan beri ezildik, quwdalandıq, qolımız baylandı, tilimiz kesildi, awzımız jabıldı, jerimiz basıldı, zatımız talandı, húrmetimiz bolmadı, namısımızǵa tiydi, huqıqımız buzıldı, insanıylıǵımız ayaq astı etildi, tózimli boldıq, sabırlılıq ettik. Kúshke tayanǵan hár buyrıqqa boysındıq, pútkil barlıǵımızdı qoldan berdik. Jalǵız bir pikirdi bermedik, jasırdıq, iymanlarımızdı aldap saqladıq: Túrkstan avtonomiyası!

Fitrat. «Hurriyat», 1917-jıl.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Fitrat óziniń pikirleri arqalı qaysı waqıyalardı názerde tutpaqta?
2. Teksttegi «jasırdıq, iymanlarımızda aldap saqladıq: Túrkstan avtonomiyası!» sózlerine itibar qaratıń. Onı *ǵárezsizlik, erkinlik, azatlıq* sıyaqlı sózlerdiń mánisi menen qanday baylanıslılıǵı bar?
3. Avtonomiya degende neni túsindińiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Túrkstan Avtonomiyası húkimeti tek ǵana 72 kún ómir kórgen bolsa da, ol azatlıqtı súyiwshi xalqımızdı milliy ǵárezsizlik hám keleshek ushın gúreske shaqırdı.

## PIKIRLESIW USHÍN

Túrkstan Avtonomiyası húkimeti qısqa múddet ishinde xalıq arasında úlken itibarǵa eristi. Fitrat, Sholpan, Hamza sıyaqlı ózbek xalqınıń jalınlı shayırları avtonomiya húkimetine dáslep, jalınlı qosıqlar jazdı. Fitrat avtonomiyası járiyalanǵan 27-noyabr túnin «Milliy qádir túnimiz» dep atadı. Túrkstan úlkesiniń hár túrli qala hám awıllarında avtonomiyanı alǵıslap, kóp mıń adamlıq demonstraciyalar bolıp ótti. Sol dáwirde shıqqan gazetalardıń jazıwınsha, demonstraciya qatnasıwshılarınıń bayraqlarında «Jasasın Avtonomiyalıq Túrkstan hám onıń húkimeti!» dep jazılǵan sózler jelbirep turatuǵın edi.

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Úlkedegi dáslepki demokratiyalıq hám xalıqshıl húkimet bolǵan Túrkstan Avtonomiyasınıń xızmeti, ókinishlisi, uzaqqa sozılmadı. Bolshevikler hám Tashkent Soveti (baslıǵı: Ivan Tobolin) oǵan úlken qáwip dep qaradı hám de tez juwmaqlawǵa háreket etti. Túrkstan úlkesi jumısshı, soldat hám diyqan deputatları Sovetleriniń 1918-jılı 19–26-yanvarda bolıp ótken ayrıqsha jaǵdaydıń IV syezdinde Túrkstan Avtonomiyası húkimetin kúsh penen saplastırıwǵa qarar etti.

Túrkstan Respublikası Xalıq Komissarları Soveti 1918-jıl 30-yanvar kúni áskeriy háreketlerdi basladı. Túrkstan bolshevikleri, bunıń ushın qızıl gvardiyashılardan tısqarı jallanǵan qurallı toparlardan da keń paydalandı. Nátiyjede, Qoqan qalasında kóplep xalıq qaytıs boldı. Túrkstan Avtonomiyası bolsa áskeriy kúsh qollanıw jolı menen tamamlandı.

1918-jılı 22-fevralda Qoqan qalasındaǵı Rus–Aziya banki imaratında bolshevikler tárepinen tayarlanǵan «tınıshlıq shártnaması»na qol qoyıldı. Usı shártnamanıń 2-statyasında: «Xalıq úlke Xalıq Komissarları Soveti hákimiyatı hám barlıq jergilikli sovet shólkemlerin tán aladı», dep jazılǵan edi.

## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Túrkstan Avtonomiyası qanday sharayatta hám kimler tárepinen dúzildi?
2. Siz Túrkstan Avtonomiyasın demokratiyalıq mámleketshilik úlgisi sıpatında sıpatlap bere alasız ba?
3. Bolshevikler Avtonomiyaǵa ne sebepten úlken qáwip sıpatında qaraǵan?
4. Avtonomiya húkimetiniń jeńiliske ushırawınıń tiykarǵı sebeplerin kórsetip beriń.
5. Túrkstan Avtonomiyası tájiriybesinen qanday zárúr juwmaqlar shıǵarıw múmkin?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TÚRKSTAN ÚLKESINDE SOVET HÁKIMIYATÍ BASQARÍW SISTEMASÍNÍŃ ORNATÍLÍWÍ

## BÚGIN SABAQTA

- Túrkstan Avtonom Sovet Socialistlik Respublikası (Túrkstan ASSR) dúzilgenliginiń dağazalanıwı.
- Túrkstan komissiyasınıń dúzilisi.
- «Áskeriy kommunizm» siyasatı.
- YIS (NEP) hám Sovet hákimiyatı tárepinen jeke múlkti tamamlaw jumısları.

## PIKIRLESIW USHÍN

1. Bolshevikler hákimiyatına Túrkstanda «sovet avtonomiyası»n ornatıwdan qanday máp (payda) bar edi?
2. 1918-jıl Buxara hám Xiywa mámleketleriniń shegaraların kartadan kórsetiń.
3. Buxara hám Xiywa xanlığınan tısqarı aymaqlarda qanday basqarıw quramı bar edi? Bul aymaqlar kim tárepinen hám qalay basqarılğan?

## MAĞLÍWMAT USHÍN

Sovet hákimiyatı Rossiyağa tiyisli bolğan shetki úlkeler, sonıń ishinde, Túrkstanda da «sovet avtonomiyası»n ornatıwğa keskin kiristi. Bul isti orınlaw ushın sovet Rossiyası paytaxtı Moskvadan kóplep partiya hám sovet xızmetkerleri Túrkstan úlkesine jiberildi.

Túrkstan Avtonomiyasınıń joq etiliwi hám bul jerdegi siyasiy jağday Moskvanıń itibarın Túrkstanğa qarattı. Sovet húkimetiniń tapsırması menen bolshevik P. Kobozev Orta Aziyanıń ayrıqsha komissarı etip Tashkentke jiberildi.

1918-jıl 30-aprelde «Rossiya Sovet federaciyası (RSFSR)nıń Túrkstan Sovet Respublikası haqqındağı Ustav» qabıl etildi.

Túrkstan Oraylıq Atqarıw Komiteti hám Túrkstan Xalıq Komissarları Soveti dúzildi. Ustavta Túrkstanda mámleket qurılısı tiykarları, onıń aymağı, joqarı nızamshılıq hám atqarıwshı basqarmaları, jergilikli basqarmalar dúzilisi, wazıypaları hám olardıń RSFSR menen óz ara qatnasıqları belgilep berildi.

Ustavqa muwapıq, RSFSR quramında Túrkstanda avtonom respublika – Túrkstan Avtonom Sovet Socialistlik Respublikası (Túrkstan ASSR) dúzilgenligi dağazalandı. Oğan Buxara ámirligi hám Xiywa xanlığınan basqa, Túrkstan úlkesiniń geografiyalıq shegaralarındağı pútkil aymaq kirdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Ustavta: «Túrkstan Respublikası avtonom túrde basqarılıp, óz is-háreketlerin Rossiya Sovet Federaciyası oraylıq húkimeti menen muwapıqlastıradı», – dep jazıldı. Moskva jáne bir basqarma – Túrkstan komissiyasın dúzdi. Túrkstan ASSRdaǵı jámiyetlik-siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy procesler menen baylanıslı barlıq zárúr máseleler olardıń ırazılıǵı menen ǵana sheshile baslaǵan.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Túrkstan ASSR qanday dúzilme edi? Ol ne maqsette dúzilgen?
2. Moskva Túrkstan komissiyasın dúziwden maqseti ne bolǵan dep oylaysız? Ne ushın?
3. Túrkstan ASSR daǵı jámiyetlik-siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy procesler Túrkstan komissiyası ırazılıǵı menen ǵana sheshilse, mámleket ǵárezsiz boladı ma?
4. Bul másele «Túrkstanda jasap atırǵan hár túrli milletke tiyisli xalıq Rossiya revolyuciyası shaqırǵan xalıqlardıń óz huqıqların ózleri belgilew haqqındaǵı» shaqırıǵına qanshelli tuwrı keledi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

- 1918–20-jıllar «áskeriy kommunizm» dep ataldı. Onıń mánisi pútkil sanaat óndirisi mámleket qolında jámlenip, qatań oraylastırıw tiykarında basqarıwdan ibarat bolǵan;
- diyqanlar ózi jetistirgen ónimniń artıqshasın mámleketke tapsırǵan (azıq-awqat razvyorstkası, yaǵnıy bólistiriliwi);
- mámleket azıq-awqat hám sanaat ónimlerin bólistiriwdi óz qolına alǵan; bazar joq etilip, pul aylanısı natura (ónimler) menen almastırıldı;
- miynetke jaramlı barlıq xalıq májbúriy miynetke tartıldı (miynet militarizaciyası) hám basqalar.

Túrkstan úlkesinen Orayǵa azıq-awqat ónimlerin alıp shıǵıp ketiw kem-kemnen kúsheydi. 1920-jılı alıp ketilip atırǵan nan ónimleri hám basqa azıq-awqat túrleriniń muǵdarı birneshe ese kóbeygen.

Sol waqıtta dán jetistiriwge qánigelestirilmegen Túrkstan awıl xojalıǵı ushın bul úlken muǵdardaǵı ónim esaplanǵan. Xalıq ashlıqtan qırılıp atırǵan bir máhálde Túrkstandaǵı azıq-awqat zapaslarınan bolshevikler ózleriniń áskeriy maqsetleri ushın paydalanǵan.

«Áskeriy kommunizm» siyasatı óz mánisine qaray xalıqqa qarsı qaratılǵan bolıp, socializm qurıw usılı sıpatında ulıwma jaramsız edi. Sovet hákimiyatı Túrkstandaǵı barlıq fabrika-zavodlardı óz iyeleri qolınan tartıp alıp, onnan dáslep qorǵanıwǵa arnalǵan ónimler islep shıǵarıwda paydalandı. «Áskeriy kommunizm» siyasatı nátiyjesinde isbilermenlik penen shuǵıllanıp kelgen jámiyetler tarqatıp jiberildi. Iri hám orta sanaat kárxanaları menen birgelikte bankler, temir jol transportı, baspaxanalar mámleket esabına ótkerildi.

Jeke múlk iyeleri jatıp isherler dep járiyalanıp, puqaralıq huqıqlarınan ayırıldı. Bazar qatnasıqları biykar etildi. 1921-jılı báhárine kelip mámlekettiń ekonomikalıq qatnasıqlarında keskin ózgerisler júzege keldi.

NEP **(Jańa ekonomikalıq siyasat)**tıń tiykarı ekonomika, xalıq xojalıǵına basshılıq etiwdiń áskeriy-kommunistlik usıllarınan bas

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Jáhán tariyxınan alǵan bilimlerińiz tiykarında tómendegi sorawlarǵa juwap beriń:

1. «Áskeriy kommunizm» siyasatınıń mánisi neden ibarat edi?
2. Rossiyanıń ózinde bul siyasat qalay ámelge asırıldı?
3. Ne ushın bolshevikler sovet hákimiyatınıń dáslepki dáwiri (1918–1920) nde júrgizgen siyasattı «áskeriy kommunizm» dep ataǵan?



Angren kánindegi shaxtyor



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

tartıw, óndiriske, eń dáslep, diyqanlarǵa bir qatar erkinlik beriwden ibarat edi.

Sovet hákimiyatı tárepinen jeke múlikti saplastırıw maqsetinde Orta Aziyada jer-suw reforması ámelge asırıldı. Jer-suw reforması bay xojalıqlardı saplastırıw hám kóshpeli xalıqtı otırıqshı halatqa ótkeriw; iri jer iyeligin joq etip, jerlerdi jersiz hám az jerli diyqanlar, batraklar, chorikarlar arasında miynet normaları boyınsha bólistiriwden ibarat edi.

Reformanıń dáslepki nátiyjesine qaray jer dúziw fondına 1.722.626 desyatina jer qosıldı. Biraq sovet hákimiyatı tárepinen mine, usı resurslardan jergilikli xalıqqa tek ǵana 600.000 desyatina jer egin egiw hám jaylawlar ushın ajıratıldı.



**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Jáhán tariyxınan alǵan bilimlerińiz tiykarında tómendegi sorawlarǵa juwap beriń:
1. NEP qashan qabıllandı?
2. NEP baǵdarlamasınan gózlengen maqset ne edi?
3. NEP Túrkstan úlkesine qanday tásir etti?

Orta Aziyada Sovet hákimiyatı tárepinen jeke múlkti tamamlaw 1921–1922-jıllardan baslandı. Dáslep Túrkstan ASSR hám Qazaqstan ASSR da Jetisuw, Sırdárya, Ferǵana, Samarqand wálayatlarında úlken jer iyeligin joq etti. Bul reforma procesinde waqım jerleri de tamamlandı.

**SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP**

1. Túrkstanda sovet avtonomiyasın dúziwden kózde tutılǵan maqset ne edi?
2. Túrkstan sovet avtonomiyası mazmunı hám mánisi jaǵınan ne ushın jergilikli xalıqtıń tiykarǵı máplerine juwap bere almaytuǵın edi?
3. Túrkstan Kompartiyasın dúziw zárúrligi qanday sebepler menen baylanıslı edi?
4. Túrkkomissiya xızmeti haqqında nelerdi ayta alasız?
5. Jańa ekonomikalıq siyasattı engiziwden gózlengen tiykarǵı maqsetlerdi bilesiz be?
6. Túrkstanda ótkerilgen jer-suw reformasınıń birinshi basqıshında nelerge tiykarǵı itibar qaratıldı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TÚRKSTAN ASSR, BXSR HÁM XXSRda SOVET HÁKIMIYATÍNA QARSÍ QURALLÍ HÁREKETLER

## BÚGIN SABAQTA

- Azatlıq háreketleriniń baslanıwı.
- Azatlıq ushın gúresiwshilerdiń maqsetleri, háreketiniń tamamlanıwı.

## PIKIRLESIW USHÍN

Túrkstan avtonomiyasınıń tamamlanıwı nátiyjesinde úlkede sovet hákimiyatına qarsı qurallı gúres baslanǵan. Milliy-azatlıq háreketi úzliksiz sál kem 20 jıl, 1928 – 1935-jıllarǵa shekem dawam etken.

Olarǵa Úlken Ergash, Kishi Ergash, Madaminbek, Shermuxammedbek, Ibrahimbek, Fuzayl Maxsım sıyaqlı milliy jetekshiler bas bolǵan.

Azatlıq háreketi birese kúsheyip, birese páseyip turǵan. Hárekettiń tiykarǵı maqseti Túrkstan ǵárezsizligi ushın gúres bolıp qala beredi.



## MAǴLÍWMAT USHÍN

Túrkstanda sovet hákimiyatına qarsı gúres 1918-jıl fevral ayı aqırlarında baslandı. Hárekettiń bas ideyası Túrkstan ǵárezsizligi edi. Ferǵana oypatındaǵı azatlıq háreketi 1919-jılı jazınıń aqırı hám gúzinde óziniń eń joqarı shıńına jetti. Madaminbek basshılıǵındaǵı armiyanıń sovet húkimetine hújimi Ferǵana oypatlıǵın lárzege keltirdi. 1919-jıl 12-oktyabrde Pamirdiń Ergashtam awılında bolǵan ánjumanda Madaminbek basshılıǵında Ferǵana waqıtsha avtonomiya húkimeti dúzildi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Azatlıq ushın gúresiwshiler háreketi aǵzalarınıń ushırasıwı. 1921-jıl. Ferǵana



Húkimet quramına 16 jergilikli xalıq wákili kirgizilgen edi. Madaminbek húkimet baslıǵı bolıwı menen birge armiyanıń Joqarı bas komandiri etip te tayınlandı.

1919-jıldıń kesh gúzine kelip Madaminbek qol astında 30.000 ǵa jaqın jigit qızıl armiya-ǵa qarsı azatlıq ushın sawash júrgizdi. Bul waqıtta Shermuxammedbek qol astında 20 000, Úlken Ergash qurbasıda 8 000 ásker bolǵan. Mine, usı úsh láshkerbası oypatlıqtaǵı jawıngerlik háreketlerin basqarıp turdı. Ferǵana oypatına bolshevikler tárepinen qosımsha kúshlerdiń taslanıwı nátiyjesinde 1920-jılı yanvar ayınıń ortalarına kelip jawıngerlik baslama qızıl armiya qolına ótti. Úlken Ergash qurbasınıń armiyası jeńiliske ushıraǵannan keyin, Shermuxammedbek tiykarǵı kúshlerin alıp, Alay oazisine shegindi.

Madaminbek waqıttan utıw ushın Ferǵana frontı armiyası komandirligine jarasıw sóylesiwlerin baslawdı usınıs etti. Nátiyjede, Madaminbek penen 2-Túrkstan oqshı diviziyasınıń baslıǵı N. Veryovkin-Roxalskiy



*Книга предоставлена исключительно в образовательны
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

arasında 1920-jılı 6-martta Skobelev qalasında jarasıw pitimine qol qoyıldı.

Biraq aradan kóp ótpey, 1920-jılı mayda sovet komandirligi tárepinen qurbasılar ordasına jiberilgen Madaminbek belgisiz jaǵdayda óltirildi. Túrkstandaǵı háreket 1920-jıldıń jazı hám gúzinde óziniń jańa basqıshına qádem qoydı. Ferǵana oypatı hám Samarqand wálayatındaǵı watandı súyiwshiler menen bir qatarda bunnan bılay Buxara hám Xorezmde de qızıl armiyaǵa qarsı gúres baslandı.

**BILESIZ BE?**

BXSR Oraylıq Atqarıw Komiteti baslıǵı Usman Xoja, áskeriy isler wáziri Abdulhamid Aripov hám de Muhiddin Maxsım Xojaev, Ali Riza Afandi, Surayyo Afandi, Qulmuxammedov hám basqa milliy basshı xızmetkerler óz lawazımların taslap, qarsı táreptegi quralllı háreket qatarına ótip ketkeni kóp nárseden derek beredi.



Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAĞLÍWMAT USHÍN

Buxarada ámirlik dúzimi awdarılğannan keyin, 1920-jıl sentyabr ayında Shığıs Buxara (Kulab, Kalif, Baljuban wálayatları)ğa kelgen burıngı ámir Alımxan úlken kúsh toplap, qızıl armiyağa qarsı gúreske basshılıq etti. 1921-jıl mart ayında bir qatar sawashlarda jeńiliske ushırağan Alımxan Awğanstan mámleketine ótip ketti.

Batıs Buxara aymağında Mulla Abdulqahhar, Shığıs Buxara aymağında Ibrahimbek hám Davlatmandbek sıyaqlı qurbasılar háreketke basshılıq etti.

Qısqa múddet dawamında Mulla Abdulqahhar basshılığında paytaxt Buxara rayonlarında láshker toplandı hám qızıl armiyağa qarsı jawıngerlik háreketler alıp barıldı. Onıń qol astında Buxaranıń batıs bóliminde 20 qurbası birlesken. Mulla Abdulqahhar qurbası 1924-jıldıń aqırında Qızılqumda qızıl áskerlerge qarsı bolğan sawashlardıń birinde qaytıs boldı.

Ibrahimbek qol astındağı Shığıs Buxara aymağında jańa Buxara húkimeti tamamlanıp, onıń ornına ámirlik dáwirindegi basqarıw usılı engizilgen. Túrkstan frontı siyasiy basqarması tárepinen Ibrahimbek penen basqa qurbası toparları arasında kelispewshilik shığarıw ushın usınıslar beriledi. Soğan qaramay, Ibrahimbek qurbası kóp jıllar dawamında Shığıs Buxarada qızıl armiyağa qarsı pidákerlik penen gúresti.

Buxaradağı azatlıq háreketi basshıları arasında Turkiyadan kelgen generallar – Anvar Pasha hám Salim Pasha ayrıqsha ajıralıp turadı. Anvar Pasha 1921-jıldıń gúzinde Mulla Nafis qurbası menen ushırasıp, arnawlı bayanat penen shığadı hám de túrkstanlılar hám buxaralılardıń sovet rejimi hám qızıl armiyağa qarsı gúresine qosılğanlığın járiyalaydı. Anvar Pashanıń is-háreketleri menen Shığıs Buxarada birlesken bólimler qurıldı hám ol túrk oficerleri menen bekkemlendi, batısshа komandirlik usılı engizildi. Anvar Pasha 1922-jıl avgustta Shığıs Buxaranıń Baljuvan átirapındağı Abidara awılında qızıl áskerlerge qarsı bolğan sawashta qaytıs boldı.



Azatlıq ushın gúresiwshiler



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## MAĠLÍWMAT USHÍN

Xorezmde Junaydxan basshılıǵındaǵı qurallı toparlar qatarında túrkmen hám ózbeklerden basqa qazaq hám qaraqalpaqlar da kópshilik edi. Góne Úrgenish, Tashawız, Mańǵıt, Qoskópir, Shımbay, Qońırat hám Tórtkúlde háreket etken onlap sárdarlardıń toparları qızıl armiyaǵa keskin soqqı bergen. Junaydxan tariyx betlerinde qaytpas hám qatal shaxs sıpatında jazılǵan. Ol dáslep Rossiya imperiyası hám Xiywa xanlıǵına qarsı gúresken bolsa, 1918-jıldıń ortalarınan baslap qızıl áskerlerge qarsı ǵárezsizlik ushın sawashqa kirisken.

Junaydxan 1924-jılı 17-iyunde óziniń 20 joldası menen Awǵanstandaǵı Gerat qalasına jetip keldi. Dereklerde aytılıwına qaraǵanda, ol bul jerde turıp óz áskerleri qatarın toltırıwǵa tayarlanǵan. Aradan kóp waqıt ótpey, Junaydxan XXSR aymaǵına qaytıp keldi hám azatlıq háreketine basshılıq etiwdi dawam etti.

Hárekettiń áhmiyetin sovet komandiri wákilleri de moyınlawǵa májbúr boldı. Túrkstan frontınıń komandiri M. Frunze: «Baspashılıqqa qarsı gúres pútkilley jańa, ayrıqsha ózgesheligi bolǵan, ózine tán dushpan menen gúresiw demek», dep jazǵan edi. Onıń aytıwına qaraǵanda «Joq bolsın sovet hákimiyatı!» hám «Ǵárezsiz bir musılman mámleketin dúzemiz!» sózleri hárekettiń qısqa ideyasın bildiretuǵın edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



1921-jıl iyun-sentyabr aylarında alapta 200 den artıq qurbası toparları háreket etken.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Azatlıq háreketiniń eń ázzi tárepi nelerden ibarat bolǵan dep oylaysız?

2. Tekstti oqıp pikir bildiriń.

«...Túrkstannıń merwerti bolǵan Ferǵana eki jıldan artıǵıraq waqıttan berli qanlı urıs maydanı jaǵdayında... Bul jerdegi sovet hákimiyatı dáskepki dúziliw dáwirinde rus hám jergilikli jumısshı, diyqan keń qatlamların ózine tartıw ornına miynetkesh xalıqtı ózinen uzaqlastırıw ushın qolınan kelgeninshe háreket etti...

*Bul jerde háreket etken qızıl ásker bólimleri, revolyuciyanı qorǵaǵan ayırım basshılar jergilikli miynetkesh xalıqtıń tiykarǵı mápleri menen esaplaspadı, onıń arzısına qulaq salmadı. Baspashılıq háreketi sol tiykarda júzege keldi.*

*M. Frunze*



Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

1924-jılı gúzde Orta Aziyada milliy-aymaqlıq shegaralanıw ótkeriliwi nátiyjesinde quralllı gúrestiń birinshi dáwiri juwmaqlandı.

Onıń ekinshi dáwiri (1925–1935-jıllar) bolsa jáne 10 jıl dawam etip, óziniń xarakteri hám kúshler qatnası jaǵınan aldıńǵı dáwirge salıstırǵanda biraz ajıraladı.

Bul dáwirde tiykarınan Shıǵıs Buxara, Xorezm oazisi hám Ferǵana oypatınıń ayırım aymaqlarında urıslar dawam etti. 1935-jılǵa kelip Túrkstandaǵı azatlıq háreketi jeńiliske ushıradı. Tiri qalǵan kóterilisshilerdiń kópshiligi sırt mámleketlerge emigrant bolıp ketiwge májbúr boldı.

Azatlıq háreketiniń eń ázzi tárepi onıń Túrkstan aymaǵında birden bir oray astında tolıq birlese almaǵanlıǵı hám áskeriy tayarlıqtıń jeterli dárejede emesliginde edi.

Sonday-aq, azatlıq háreketine baylanıslı bolmaǵan bazıbir jınayıy toparlar talawshılıq hám basqınshılıq penen shuǵıllanıp, kóplegen gúnasız adamlardı óltirdi. Bunnan qızıl armiya komandirligi hám bolshevikler sheberlik penen paydalandı. Olar arnawlı jansızlar, hár túrli tıńshılar hám satqınlar járdeminde háreket ishindegi birlikti tarqatıp, ayırım toparlar basshıları arasındaǵı pıtıranqılıq hám óz ara qarama-qarsılıqlardı jáne de háwij aldırıwǵa urındı.

Sovet dáwirinde usı azatlıq háreketiniń wákilleri «baspashılar» dep atalǵan.

## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Qanday sebepler Túrkstanda sovet hákimiyatına qarsı quralllı háreketti keltirip shıǵardı?
2. Ferǵanadaǵı háreket basshıları arasında kimlerdiń atların ayrıqsha ajıratıp kórsetken bolar edińiz?
3. Madaminbek shaxsın qalay bahalaysız?
4. Samarqandtaǵı háreket basshıları arasında kimlerdiń atların ayrıqsha ajıratıp kórsetken bolar edińiz?
5. Alap qurbasılarınıń bir-biri menen jeterli dárejede birlese almaǵanlıǵınıń sebeplerin qalay túsindiresiz?
6. Ne sebepten BXSR húkimeti aǵzalarınıń ayırımları qurbasılar tárepine ótip ketti?
7. Buxara hám Xorezmde qızıl armiyaǵa qarsı azatlıq háreketiniń baslanıwına neler sebep boldı?
8. Azatlıq háreketiniń jeńiliske ushırawı menen baylanıslı bolǵan sebeplerdi sanap beriń.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ORTA AZIYADA AYMAQLÍQ SHEGARALANÍW

**BÚGIN SABAQTA**

- Orta Aziyada milliy shegaralanıw.
- TASSR, BXSR hám XXSRlarınıń tamamlanıwı.
- Ózbekstan SSRnıń dúziliwi.

**PIKIRLESIW USHÍN**

7-klass «Ózbekstan tariyxı» sabaqlığınan úlkemiz qashannan baslap «Túrkstan» atı menen atala baslanǵanın esleń. Úlkemiz aymaǵınıń bunday atalǵanlıǵı boyınsha qanday faktorlar bar?

**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Orta Aziyanı aymaqlıq shegaralap bóliw máselesi 1924-jıl baslarınan ámelge asırıla baslandı. 1924-jılı fevral – iyun aylarında SSSRdaǵı oraylıq organlar, Túrkstan, Buxara, Xorezm kommunistlik partiyaları hám Rossiya kommunistler partiyası (bolshevikler) RKP (b) OK Orta Aziya byurosı milliy shegaralanıw máseleleri boyınsha jaqsı jumıs alıp bardı.



Turor Risqulov

Túrkstan hám Buxara Kompartiyaları Oraylıq Komitetleri janında arnawlı komissiyalar dúzildi.

Turar Rısqulov basshılıǵındaǵı bir topar milliy kommunistler 1920-jılı-aq túrkiy xalıqlar jeke bolıp, olardıń tariyxıy tamırları, dinleri, dástúrleri hám mádeniyatı ortaq bolǵan Túrkstandı óz aldına bólimlerge ajıratıp bolmaydı, degen ideyanı alǵa súrdi. Biraq Oray kommunistleri bul pikirdi biykarlap, onı «panturkizm», «panislamizm», «burjua milletshiligi hám sananıń turaqsızlıǵı» dep bahaladı.

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Jáhán tariyxı sabaqlıǵındaǵı maǵlıwmatlarǵa tayanıp, «panturkizm», «panislamizm», «burjua milletshiligi», «kommunist» sıyaqlı túsiniklerge túsinik beriń. Olardıń úlkemiz tariyxına qanday baylanısı bar?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAĆLÍWMAT USHÍN

Sovet hákimiyatınıń shegaralanıw siyasatına dáslep Túrkstan ASSR, BXSR hám XXSR basshıları qarsı bolǵan. 1924-jılı fevralda Buxara Kompartiyası shegaralanıw máselesi boyınsha Fayzulla Xojaev tárepinen jazılǵan tezislerdi qabıl etti.

Onda RKP (b) OK Orta Aziya byurosınıń bul tarawdaǵı kózqarasları qáte ekenligi sınǵa alınǵan edi. 1920-jılı 10-martta bolǵan Túrkstan ASSR OAK hám Túrkstan Kompartiyasınıń birlesken keńesinde Sultanbek Xojanov, Sanjar Asfandiyarov, N. Paskuckiy sıyaqlı ataqlı partiya xızmetkerleri Sovet Socialistlik Respublikalarınıń Orta Aziya federaciyasın dúziw usınısı menen shıqtı.

Sonıń menen birge, S. Xojanov Túrkstan birden-bir hám pútin, onıń pútinligin buzıw maqsetke muwapıq emes, dep ayttı.

Bunnan tısqarı, 1923-jılı dekabrde Ferǵana oypatlıǵı wákilleri RSFSR quramında Ferǵana avtonom wálayatın dúziw haqqındaǵı usınıs penen shıqqan edi. Qullası, tartıslar kem-kemnen qızıp bardı.

XXSR basshılarında da ayrıqsha kózqaraslar bolǵan. 1924-jılı 8-mayda bir topar Xorezm basshıları RKP (b) OKne «Xorezmde milliy máseleni sheshiw haqqında xat» jiberip, oǵan Xorezmdi shegaralanıwǵa qospawın ótinish etti. Olar ózleriniń bul kózqarasların respublikanıń alısta jaylasqanlıǵı, ekonomikalıq jaqtan ajıralıp turǵanlıǵı menen tiykarladı. Bul kózqarastı qollap-quwatlaǵan Xorezm Kompartiyası Oraylıq Komiteti juwaplı xatkeri Qalandar Odinaev 1924-jılı iyulde óz wazıypasınan alıp taslandı hám XXSR aymaǵı milliy shegaralanıwǵa tartıldı.

Sultanbek Xojanov milliy máselede «turaqsızlıq»qa jol qoyıwda ayıplanǵan hám 1937-jıl 16-iyunda qamaqqa alınǵan hám atıwǵa húkim etilgen (1938-jıl 8-fevral). 1957-jılı aqlanǵan.





Xorezm xalıq sovet respublikasınıń gerbi hám teńgesi

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. S. Xojanov Túrkstan birden-bir hám pútin, onıń pútinligin buzıw maqsetke muwapıq emes, dep aytqanında neni názerde tutqan?
2. Oylap kóriń, sovet húkimetine ne ushın milliy shegaralanıw kerek edi? Bunnan gózlengen tiykarǵı maqset ne bolǵan?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAĞLÍWMAT USHÍN

1924-jıl 15-iyulde RKP (b) OK Orta Aziya byurosı jańadan dúziletuğın milliy respublikalar hám oblastlardıń waqıtsha byurosın dúzdi. Ózbekler byurosı quramına Fayzulla Xojaev, Rustam Islamov, Akmal Ikramov, Qari Yuldash Polatov, Muxtarjan Saidjanov, Kalugin ağza sıpatında, Inayatov kandidatura sıpatında kirgizildi.

1924-jılı 12-iyunde I. V. Stalinniń usınısı menen RKP (b) OK Siyasiy byurosınıń «Orta Aziya respublikaların milliy-aymaqlıq shegaralaw haqqında»ğı arnawlı qararı qabıllanğan.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. *«Milliy respublikalar dúziw zárúrligi ideyasınıń baslamashıları óz pikirlerin Túrkstandağı túpkilikli xalıqlar turmısında teńsizlik bar ekenligi hám milliy narazılıqlar kúsheyip baratırğanı menen tiykarladı».* Joqarıdağı pikirdi túsindiriń. Tiykarında ne názerde tutılğan? Juwaplarıńızdı azatlıq háreketleri menen baylanıstırıp túsindiriń.
2. Milliy shegaralanıw dáwirinde xojalıqqa baylanıslı ekonomikalıq faktorlardıń, bar suw resursları hám suwğarıw sistemaları ulıwmalıq ekenligi esapqa alınbağanlığı nelerge sebep boldı?
3. Suw resursları degende neler názerde tutılğan?
4. Bul shegaralanıw Ózbekstannıń ekonomikasına qanshelli tásir kórsetedi?

## PIKIRLESIW USHÍN

1918 – 1924-jılları bolğan Túrkstan ASSR, BXSR, XXSRnıń tiykarğı xalıqları ásirler dawamında turmıs tárizi hám dástúrleri jağınan bir-birine júdá jaqın bolğan. Túrkstandağı hár túrli mámleketlerdiń hárbirinde ózbekler, qazaqlar, qırğızlar, túrkmenler, qaraqalpaqlar, tájikler ázelden jaqın jasağan. Bul tariyxıy waqıya edi. Túrkstan aymağınıń xalıqları usı topıraqtı, Turan jerin áyyemnen ózleriniń tiykarğı Watanı dep bilgen.



Aymaqlardı qaytadan belgilew hám shegaralaw tárepdarları til hám milliy ayırmashılıqlarına dıqqattı kóbirek qaratıp, xojalıqqa baylanıslı ekonomikalıq faktorlardı, bar suw resursları hám suwğarıw sistemalarınıń ulıwma ekenligine itibar qaratılmadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Xiywadaǵı medrese háwlisinde májilis



## MAǴLÍWMAT USHÍN

Túrkstan ASSR siyasiy basshılıǵı arasındaǵı evropalılar menen jergilikli xalıqlar wákilleri arasındaǵı qarama-qarsılıqlar, ayırım jergilikli kommunistleriniń toparpazlıq kórinisleri óz-ózinen Túrkstan xalıqları arasındaǵı qatnasıqlarǵa kóshirildi.

RKP (b) OK Bas xatkeri I. V. Stalin, RKP (b) OK Orta Aziya byurosı baslıǵı Y. Rudzutak hám basqalar Orta Aziyada milliy kelispewshilikler bar ekenligin aytıwdan sharshamaytuǵın edi. Qullası, milliy másele Oray tárepinen jasalma túrde bórttirilip jiberildi hám bul jaǵday jańadan dúziletuǵın milliy respublikalar hám wálayatlar aymaǵın túpten qayta belgilew ushın sheshiwshi tiykarǵı dálil sıpatında alǵa súrildi.

1924-jılı 27-oktyabrde Moskvada bolǵan Pútkil Awqam (SSSR) Oraylıq Atqarıw Komitetiniń III sessiyasında Orta Aziyada milliy respublikalar dúziw haqqında arnawlı qarar qabıl etti.

1924-jılı sentyabr – oktyabr aylarında Orta Aziyada ótkerilgen milliy-aymaqlıq shegaralanıwı Orta Aziya respublikaları, RSFSR hám SSSRdıń joqarı organlarınıń qararlarına muwapıq kúshke kirdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAĞLÍWMAT USHÍN

Orta Aziya aymaǵındaǵı Túrkstan ASSR, Buxara hám Xorezm respublikaları ornında altı milliy mámleketlik birlespeleri dúzildi:

- Ózbekstan SSR;
- Túrkmenstan SSR;
- Ózbekstan SSR quramında Tájikstan ASSR (1929-jılǵa shekem);
- RRSFSR quramında Qaraqırǵız (Qırǵızstan) avtonom wálayatı;
- RRSFSR quramında Qazaqstan ASSR;
- Qazaqstan ASSR quramında Qaraqalpaq avtonom wálayatı.
- Keyin Qaraqalpaqstan ASSR, 1936-jıldan ÓzSSR quramına kirgen.




## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. XXSR wákilleri óz aymaǵın milliy-aymaqlıq shegaralanıwǵa qosıw lazım emesligin neler menen tiykarlaǵan edi?
2. Milliy respublikalar dúziw zárúrligi ideyasınıń baslawshıları óz pikirlerin qalay tiykarladı?
3. Sovetlerdiń Orta Aziyada milliy-aymaqlıq shegaralanıwın ótkeriwden tiykarǵı maqseti ne edi?
4. XX ásirdiń 20-jılları ortalarına kelip Orta Aziyanıń siyasiy kartasında qanday ózgerisler júz berdi?
5. Túrkstan ASSR, Buxara hám Xorezm respublikaları ornında qanday respublika hám wálayatlar dúzildi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÓZBEKSTAN SSRnıń DÚZILIWI



Orta Aziyanı milliy shegaralaw komissiyası

## BÚGIN SABAQTA

- Ózbekstan SSRnıń dúziliwi, onıń aymaǵı hám xalqı.
- Ózbekstan SSRda hákimlik-aymaqlıq bóliniwler.
- Ózbekstan SSRnıń paytaxtları.

## PIKIRLESIW USHÍN

1. SSSR qashan dúzilgen edi? Onıń quramındaǵı respublikalardıń huqıqıy dárejesin qalay bahalaysız?
2. Qaysı ólshemler tiykarında bul aymaqlar Ózbekstan SSR aymaǵına kirgizilgen dep oylaysız?

Túrkstan ASSR da 9 uezd, 133 rayon hám 7 awıl okrugi; Buxara respublikasınıń 9 wálayatı; Xorezm respublikasınıń 23 rayonı bolǵan.

1924-jıldıń aqırında Orta Aziya respublikalarında barlıǵı bolıp 8 131 062 adam jasaǵan bolıp, olardıń derlik yarımı Ózbekstanda jasaǵan. Qurıltayda respublikanıń joqarǵı organları: Ózbekstan Sovet Socialistlik Respublikası Oraylıq Atqarıw Komiteti (ÓzSSR OAK) hám Ózbekstan SSR Xalıq Komissarları Soveti (ÓzSSR XKS) dúzilgen.

## MAǴLÍWMAT USHÍN

1925-jılı 13 – 17-fevral kúnleri Buxarada bolıp ótken Pútkil ózbek (Ózbekstan SSR) Sovetleriniń I shólkemlestiriwshilik qurıltayında «Ózbekstan Sovet Socialistlik Respublikasın dúziw haqqında Deklaraciya» qabıl etildi.

Deklaraciyada jańadan dúzilgen Ózbekstan SSR quramına Tashkent, Samarqand, Fergana, Qashqadárya, Zarafshan (Buxara), Surxandárya, Xorezm wálayatları hám Tájikstan ASSR kirgenligi ayrıqsha aytıp ótildi.

Qurıltayda Fayzulla Xojaev Ózbekstan SSR Xalıq Komissarları Soveti baslıǵı, «Qosshı» uyımı jetekshisi Yuldash Axunbabaev Ózbekstan SSR Oraylıq Atqarıw Komiteti baslıǵı lawazımlarına saylandı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAĞLÍWMAT USHÍN

Samarqand qalası respublikanıń orayında jaylasqan edi. Bul jağday jańadan dúzilgen Ózbekstan SSR aymağınıń barlıq bólimlerinde sovet shólkemleri jumısın janlandırıwğa járdem berdi.

Jergilikli hákimiyat organları bekkemlenip, olardıń oraylıq húkimet mákemeleri menen baylanısları kúsheygennen soń Ózbekstan paytaxtı 1930-jılı 20-sentyabrde respublikanıń eń áhmiyetli ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy orayı bolğan Tashkent qalasına kóshirildi.

Ózbekstan SSR dúzilgen waqıtta 1925-jıl fevral–aprel dawamında Buxara qalası, 1925-jılı aprelden 1930-jıl sentyabrge shekem Samarqand qalası Ózbekstan SSR paytaxtı esaplanğan.

## BILESIZ BE?

Ózbekstan SSR húkimetiniń baslığı Fayzulla Xojaev bir túnde paytaxtı Samarqandtan Tashkentke kóshirgen edi.

## MAĞLÍWMAT USHÍN

Ózbekstan SSRda 1925-jılı 29-yanvarda birinshi ret hákimshilik-aymaqlıq bóliniw ótkerilip, 7 wálayat (Zarafshan, Samarqand, Tashkent, Ferğana, Surxandárya, Qashqadárya, Xorezm) hám óz aldına Kenimex rayonı dúzildi. 1926-jılı 29-sentyabrde 10 okrug (Xorezm, Buxara, Orta Zarafshan, Samarqand, Tashkent, Xojent, Qoqan, Andijan, Surxandárya, Qashqadárya) hám óz aldına Kenimex rayonı dúzildi.

«Túrkstan úlkesin basqarıw haqqındağı Ustav»qa muwapıq, Túrkstan general-gubernatorlığı wálayatlar (oblast), rayon (uezd), jabhalar (uchastka), bolıslar (volost) hám aqsaqallarğa bólingen.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

«Túrkstan úlkesin basqarıw haqqındağı Ustav»qa muwapıq, Túrkstan general-gubernatorlığında qanday aymaqlıq birlespeler bolğan hám olar qalay atalğan?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

ÓzSSR dúziliwi qarsańında, 1925-jıl 6–12-fevralda eski Buxara qalasında bolıp ótken Ózbekstan Kommunistlik partiyasınıń I shólkemlestiriwshilik syezdinde Ózbekstan Kommunistlik (bolshevikler) partiyası shólkemlestiriwshilik jaǵınan rásmiylestirildi. Ózbekstan Kompartiyası Oraylıq Komiteti juwaplı sekretarları etip Vladimir Ivanov hám Akmal Ikramov saylandı.

Sovet hákimiyatı jılları respublika siyasiy turmısında Ózbekstan Kommunistlik partiyası tiykarǵı rol oynaǵan. Ózbekstan partiya shólkemi respublika hám ózbek xalqı máplerin esapqa almastan Moskvada islep shıǵarılǵan qararlardı orınlap kelgen.

Ózbekstan Kompartiyası tiykarında Sovet Awqamı Kommunistlik partiyası (KPSS) nıń Ózbekstan SSRdaǵı filialı esaplanǵan.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Házirgi kúnde Ózbekstanda neshe wálayat hám rayon bar?
2. Búgingi kúnde mámleketimizde qanday aymaqlıq birlikler bar hám olar qalay ataladı?
3. Ózbekstan Kompartiyasın dúziwden qanday máp (payda) gózlengen?
4. Ózbekstan SSR Rossiya úlkelerine qanday ónimler jetistirip bere baslaǵan? Bul qashanǵa shekem dawam etken?





Все учебники Узбекистана исключительно в ознакомительных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

1927-jılı 30-martta ÓzSSR birinshi Konstituciyası qabıl etildi. Pútkil Awqamda bolǵanı sıyaqlı Ózbekstanda da miynetkeshlerdiń ulıwma xalıqlıq shólkemi – kásiplik awqamları (profsoyuzlar) da partiya komitetlerine tolıq ǵárezli bolıp qaldı. 1925-jılı 21-mart Ózbekstan kásiplik awqamlarına tiykar salındı. Ózbekstan kásiplik awqamları respublika soveti (Uzsovprof) Pútkil awqamlıq Kásiplik awqamları Oraylıq Soveti (VSSPS) basshılıǵında jumıs alıp barǵan.

1925-jılı Ózbekstan leninshi kommunistlik jaslar awqamı (ÓzLKSM) shólkemlestirildi.

Ózbekstandaǵı diyqanlardı ideyalıq jaqtan birlestirip turǵan shólkemlerden biri «Qosshı» awqamı bolǵan. Ol 1920 – 1933-jılları xızmet kórsetken.

1925-jılı 200 000 adamdı ózine birlestirgen bul awqam da áste-aqırın bolsheviklerdiń awıldaǵı zorlıq siyasatınıń tiykarǵı tayanıshına aylandırılǵan.

Barlıq dúzilmeler (shólkemler, awqamlar) sovet ideologiyasın bekkemlewge hám onı rawajlandırıwǵa xızmet etken.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Jáhán tariyxınan alǵan bilimlerińiz tiykarında tómendegi sorawǵa juwap beriń:

Pútkil awqam leninshi kommunistlik jaslar awqamı (VLKSM) qashan dúzilgen edi hám onıń tiykarǵı maqseti ne edi?





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

1926-jılı 1 – 12-dekabrde Ózbekstan SSR quramında Tájikstan Avtonom Sovet Socialistlik Respublikası (Tájikstan ASSR) dúzilgenligi haqqında deklaraciya qabıl etildi.

1929-jılı 16-oktyabrde Tájikstan ASSR ornına Tájikstan SSR dúzildi hám ol Ózbekstan SSR quramınan shıqtı.

1936-jılı 5-dekabrde Qaraqalpaqstan ASSR aymaǵı Ózbekstan SSR quramına kirgizildi. Búgingi kúnde qaraqalpaq xalqı Ózbekstan Respublikası quramındaǵı suveren Qaraqalpaqstan Respublikasında jasap, qurıwshılıq isleri menen shuǵıllanbaqta.

VKP (b) – Pútkil Awqam kommunistler (bolshevikler) partiyası. KPSS (Sovet Awqamı kommunistlik partiyası)nıń 1925 – 1952-jıllardaǵı atı.



## BILESIZ BE?

1926-jılı Tájikstan ASSR aymaǵı 135.620 km², xalqı 739.503 adam bolǵan. Qaraqalpaqstan 1925—1932-jılları Qazaqstan, 1932 – 1936-jılları RSFSR quramında boldı.

## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. «Ózbekstan Sovet Socialistlik Respublikasın dúziw haqqında Deklaraciya»ǵa muwapıq dúzilgen Ózbekstan SSR qaysı aymaqlardan ibarat edi?
2. Ózbekstan SSR paytaxtı ne sebepten dáslep Samarqandqa kóshirilip, onnan Tashkentke qayta kóshirilgen edi?
3. Ózbekstan Kommunistlik partiyasınıń tiykarǵı wazıypaları nelerden ibarat bolǵan?
4. Pútkil Awqamnıń kásiplik soyuzı hám komsomol jaslar shólkemleri ne maqsette dúzilgen edi?
5. Milliy-aymaqlıq shegaralanıwdan keyin Orta Aziya respublikaları kartasındaǵı Ózbekstan SSR aymaǵın házirgi Ózbekstan kartası menen salıstırıń. Birdey hám ayırmashılıq táreplerin eki baǵanada salıstırıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SOVET HÁKIMIYATÍ ÁMELGE ASÍRǴAN REFORMALARDÍŃ ÁHMIYETI. INDUSTRIYALASTÍRÍW SIYASATÍ HÁM ONÍŃ NÁTIYJELERI



**BÚGIN SABAQTA**

- Kulaklastırıw siyasatı.
- Kollektivlestiriw.
- Jeke diyqan xojalıqlarınıń tamamlanıwı.



**PIKIRLESIW USHÍN**

1. «Kulaklar» – «zorlıqshı zulımlar» degen sózdi esitkensiz be?
2. Burıńǵı awqam xalıqqa nelerdi wáde bergen edi? Negizinde olardıń háreketi qanday edi?
3. 1918-jılǵa shekem jerge iyelik etiw forması qanday edi?



**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Orta Aziyada milliy-aymaqlıq shegaralanıw ótkerilgennen keyin 1925–1929-jılları jer-suw reformasınıń ekinshi basqıshı ámelge asırıldı. Reformanıń ekinshi basqıshı birinshisinen parıqlı túrde úlken jer iyeligin (rásmiy hújjetlerde «kulaklar» – «zorlıqshı zulımlar» dep júrgizilgen) pútkilley sheklew hám olardı klass sıpatında saplastırıw máselesin qoydı.

«Agrar revolyuciya»nıń strategiya hám taktikası (1925-jılı noyabr) nda tastıyıqlandı. Bul basqısh «Suw hám suwdı nacionalizaciyalaw haqqında» hám «Jer-suw reforması haqqında»ǵı dekretleri menen baslandı.

Bul reforma Ózbekstanda orınlardaǵı shárt-sharayat hám tayarlıq dárejesine qarap úsh basqıshta ótkerildi.

| Basqıshı | Birinshi basqısh | Ekinshi basqısh | Úshinshi basqısh |
|---|---|---|---|
| Aymaǵı | Ferǵana, Tashkent, Samarqand wálayatları | Zarafshan wálayatı (Buxara hám Orta Zarafshan okrugları) | Qashqadárya, Surxandárya, Xorezm okrugları |
| Dáwiri | 1925–1926-jıllar | 1927-jıl | 1928–1929-jıllar |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## MAǴLÍWMAT USHÍN

Jer-suw reformasın ótkeriw haqqındaǵı dekretke tiykarlanıp Tashkent hám Samarqand wálayatlarında 40-50 desyatina hám onnan artıq suwǵarılatuǵın jerleri mámleketlik jer fondına ótkeriliwi hám diyqanlarǵa bólip beriliwi názerde tutılǵan edi. Jer menen birgelikte barlıq isshi haywanları (ógiz, at hám b.), diyqanshılıq ásbap-úskeneleri de konfiskaciyalandı.

1925–1929-jılları ótkerilgen reformalar nátiyjesinde barlıq wálayatlarda 5000 ǵa jaqın bay xojalıqlar saplastırıldı, 23000 nan artıq ózine toq xojalıqlardıń «artıqsha» jerleri tartıp alındı. Hárbir bay hám ózine toq xojalıqtıń ózine 7–10 desyatinaǵa shekemgi jer qaldırılıwı múmkin edi. Biraq ózine toq diyqan xojalıqlarınıń iyeleri nátiyjeli paydalanǵan hám óndiristi keńeyttiriwge háreket etken.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Ne dep oylaysız, nege jer-suw reformaları hám «kulaklastırıw» siyasatı 20-jılları baslandı?

Ózbekstanda bay xojalıqlar tómendegi eki toparǵa bólingen:
1) 40–50 desyatina hám onnan artıq suwǵarılatuǵın jeri bar bay xojalıqlar;
2) 10–40 desyatinaǵa shekem jeri bar ózine toq diyqan xojalıqları. Keyin ala ózine toq diyqan xojalıqları «kulaklar» dep ataldı.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

**Kollektivlestiriwdiń májbúriy tezlikte ámelge asırılıwı hám de kolxoz hám sovxozlardıń dúziliwi.** Jańa ekonomikalıq siyasat sebepli óz xojalıǵın tiklep alǵan xojalıqlardı kulaklastırılıw maqsetinde 1930-jıl «Kollektivlestiriw hám kulak xojalıqların saplastırıw haqqında»ǵı qararı qabıl etildi.

Kollektivlestiriwdiń basshıları diyqanlardıń májilislerinde kolxozǵa kirmegenlerge suw berilmeydi, sanaat zatları menen támiyinlenbeydi, olarǵa kóp muǵdarda salıq salınadı hám de jasaw ornınan súrgin etiledi, dep abay etedi. Nátiyjede, kópshilik rayonlarda kollektivlestiriw birneshe hápte ishinde ámelge asırıldı. Ózbekstanda dáslepki kolxozlar (jámáát xojalıqları) hám sovxozlar (mámleketlik xojalıqları) dúzildi.

Respublikadaǵı diyqan xojalıqlarınıń 75 procenti ulıwmalastırılǵan sektorǵa, yaǵnıy kolxoz hám sovxozlarǵa birlesti. Ózbekstan awıl xojalıǵın kollektivlestiriw rásmiy túrde 1932-jılı juwmaqlandı.

Jeke diyqan xojalıqlarınıń bir bólimi kolxozlardan tısqarıda qaldı, lekin olarǵa ekonomikalıq jaqtan qısım ótkeriw jáne de kúsheydi.

Bunday xojalıqlarǵa salınatuǵın awıl xojalıq salıqları arttırıldı, mámleketke májbúriy tapsırılatuǵın ónim kólemi de kolxozlarǵa salıstırǵanda 50 procentke kóbeyttirildi. 1939-jılǵa kelip Ózbekstanda jeke diyqan xojalıqları pútkilley saplastırıldı.

1929-jılı sovet jámiyetinde bazar qatnasıqları ortalıǵı saplastırıldı.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### BILESIZ BE?

1934–1937-jılları Ózbekstannan kulaklastırıw siyasatı aqıbetinde kóplegen qurǵın diyqan xojalıqları kulak etilgen. Sovet hákimiyatı jıllarında kulaklıqqa tartılıp, súrgin etilgenlerden tiri qalǵanlarınıń erkin puqaralıq dárejesi alınǵan hám olardıń óz jurtına qaytıw procesi awır ótip, shama menen 20 jıldan kóbirek waqıttı, yaǵnıy 1934–1956-jıllardı óz ishine aladı.

### DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Sovet húkimeti bay xojalıq hám toq xojalıq arasındaǵı ayırmashılıqlardı qanday ólshem tiykarında júzege keltirgen?
2. Toq xojalıqlardıń qanday túrdegi materiallıq baylıqları konfiskaciyalanǵan edi?
3. Jer-suw reformasınıń aqıbetleri nelerge alıp keldi?
4. Úyge tapsırma: jer-suw reforması ótkeriliwine baylanıslı kesteni toltırıń.

| Basqıshı | Birinshi basqısh | Ekinshi basqısh | Úshinshi basqısh |
|---|---|---|---|
| Aymaǵı | | | |
| Dáwiri | | | |
| Procesleri | | | |
| Ózine tánligi | | | |
| Aqıbetleri | | | |

5. Táǵdiri kulaklastırıw siyasatı menen baylanıslı bolǵan jaqın tuwısqanıńız (ata-babalarıńız) ómiri haqqında esse jazıń.

### MAǴLÍWMAT USHÍN

Mámlekette awıl xojalıǵın kúsh penen kollektivlestiriw procesinde 1928-jılı sanaattı industriyalastırıw da ámelge asırıldı. Ózbekstan ushın sanaat qurılısın keń pátte jedellestiriw oǵada zárúr edi. 1927-jılı ÓzSSR xalıq xojalıǵında awıl xojalıǵınıń salmaǵı 62,6%, sanaattıń salmaǵı 37,4% quraytuǵın edi, sonıń menen birge sanaat óndirisiniń 90% i awıl xojalıq shiyki zatın qayta islewge tiykarlanǵan edi.

Ekonomika shiyki zat baǵdarında bolǵanı sebepli respublika sanaatı tek ǵana bir tárepleme qánigelestirilgen. Bunıń ústine industriyalastırıw siyasatı awıl esabınan ámelge asırıldı. Awıl xojalıq ónimleriniń satıw bahaları páseyttirildi. Nátiyjede, diyqanlar jarlılanıp, elde azıq-awqat mashqalası keskinlesti.

Birinshi bes jıllıq dáwirinde (1928-jıl oktyabr – 1932-jıl dekabr) Ózbekstanda 289 jańa sanaat kárxanası qurıldı hám iske túsirildi. Jeńil sanaattıń terishilik, ayaq kiyim islep shıǵarıw, tigiwshilik tarawları hám jip-gezleme islep shıǵarıw páti artıp bardı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1928-jıldıń gúzine shekem mámleket xalıq xojalıǵı bir jıllıq, bes jıllıq rejeleri engizildi. Birinshi bes jıllıq rejesi 1928-jılı oktyabrde baslanıp, 1932-jılı dekabrde múddetinen 9 ay aldın juwmaqlandı.

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Industriyalastırıw Ózbekstanda dáslep áste ámelge asırıldı. Mine, usı dáwirde Orta Aziya respublikalarında paxtashılıq hám mashinasazlıq sanaatınıń tuńǵıshı bolǵan Tashkent awıl xojalıǵı mashinasazlıq zavodı quruldı.

Tashkent toqımashılıq kombinatı hám Chırchıq elektr ximiya kombinatınıń qurılısı tez pát penen alıp barıldı. Elektr stanciyaları quwatlılıǵı 482 mln kilovattqa jetti. XX ásirdiń 30-jılları Chırchıq-Bozsuw GESler kaskadı quruldı.

Ózbekstanda sanaat kárxanalarınıń texnikalıq dárejesi hádden tısqarı tómen, injenerler, texnikler hám zamanagóy texnikanı biletuǵın tájiriybeli jumısshılar jetispeytuǵın edi. Biraq sanaat kárxanalarına uqıplı xızmetkerler hám tájiriybeli jumısshılar RSFSRdıń oraylıq qalalarınan alıp kelingen.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Oylap kórip, juwmaq shıǵarıń.

Jergilikli milletlerden, uqıplı qánigeler tayarlaw ornına Ózbekstanǵa, tiykarınan, evropalı xalıq kóshirip alıp kelindi. Olar paytaxt Tashkent, jańadan qurılıp atırǵan qalalar hám wálayat oraylarına jaylastırılıp, jaqsı aqshalı jumıs, náwbetsiz kvartira menen támiyinlendi. Universitet hám institutlarǵa jeńilletilgen tiykarda oqıwǵa qabıl etildi.

Awıllardan kelgen ózbek jigit-qızlar bolsa qalada ornalasa almay, hár túrli qıyınshılıqlar hám ayrıqsha jetispewshilikler nátiyjesinde, tiykarınan, «qara jumıslar» hám turmıslıq xızmet kórsetetuǵın tarawda xızmet etiwge májbúr boldı.

Chırchıq-Bozsuw GESler kaskadı





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE







### MAǴLÍWMAT USHÍN

Bul dáwirde eń áhmiyetli mashqalalardan biri kadrlar máselesi edi. Sebebi, mámleketlik hákimiyatı hám xojalıq basqarıwı organlarında milliy kadrlar júdá az bolıp, is júrgiziw de rus tilinde alıp barılatuǵın edi.

Ózbekstan SSR Xalıq Komissarları Soveti baslıǵı Fayzulla Xojaev túpkilikli xalıqlardan jergilikli kadrlar tayarlaw hám olardı joqarı lawazımlarǵa kóteriwde belsendilik kórsetti. Onıń baslaması menen ÓzSSR OAK janında 1925-jılı martta Baban Mavlanbekov basshılıǵında «Mámleket apparatın milliylestiriw Oraylıq komissiyası» dúzildi. Akmal Ikramov, Rahim Inaǵamov hám basqalar oǵan aǵza boldı. Oraylıq komissiyanıń Samarqand, Zarafshan, Tashkent, Ferǵana hám basqa wálayatlarında da bólimleri dúzildi.

Milliylestiriw komissiyası basshılıǵı juwapkershiligine Ózbekstandaǵı oqıw orınları, ilimiy hám mádeniy-aǵartıw (xalıqtıń bilim hám sanasın arttırıw) shólkemleri, sanaat kárxanaların milliylestiriwdiń tiykarǵı rejesin islep shıǵıw júkletildi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

1925-jılı noyabrde Samarqand qalasında bolıp ótken Ózbekstan Kommunistlik partiyasınıń II syezdinde «Partiya, sovet, xojalıq, kásiplik uyımları hám kooperativ shólkemlerine jergilikli xalıqtı tartıw» máselesi kórip shıǵıldı. Syezdde basqarıw hám basshılıq islerine jumısshı, diyqan hám zıyalılardan jergilikli kadrlar tayarlaw zárúrligi aytıldı.

1927-jılı Ózbekstan SSR OAK janındaǵı «Mámleketlik apparatın milliylestiriw Oraylıq kommissiyası»nıń atı «Mámleketlik apparatı hám sanaatın Ózbeklestiriw Oraylıq komissiyası» dep ózgerttirildi.

Komissiya qararına muwapıq ózbek xalqı kóbirek bolǵan rayonlardaǵı barlıq mámleket, jámáát, kooperativ mákemeleri hám shólkemlerinde is júrgiziwdi ózbek tilinde alıp barıwları shárt edi.

1931-jıl SSSR OAKnıń «ÓzSSR apparatın ózbeklestiriw haqqında»ǵı qararı qabıl etilip, oǵan baylanıslı Ózbekstan mámleketlik apparatın Ózbeklestiriw Oraylıq komissiyası xızmeti toqtatıldı. Oray tárepinen basqa awqamlas respublikalarda bolǵanı sıyaqlı Ózbekstan SSRda da milliylestiriw procesi toqtatılıp, ol «burjua milletshiligi» dep járiyalandı.

Ózbeklestiriw siyasatına keskin soqqı berilip, ruslastırıw procesi óziniń jańa basqıshına qádem qoydı.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1927-jılı 16–24-noyabrdegi syezdde qabıllanǵan qararda mámleket apparatın milliylestiriw hám ózbeklestiriw haqqında bılay aytılǵan edi: «Ózbeklestiriw» túsinigi, tiykarınan, Ózbekstan Respublikası territoriyasındaǵı mámleket apparatı hám is júrgiziwdi ózbeklestiriwdi kózde tutadı, lekin mayda milletlerge óz ana tillerinde xızmet kórsetiwdi biykar etpeydi, bálkim kerisinshe talap etedi. Mayda milletler kópshilik jasaǵan rayonlarda sud organları, mektepler óz jumısların olardıń ana tilinde alıp barıwları shárt. Mayda milletlerdi mámleketti basqarıwǵa, jámiyet turmısına tartıw kerek. Mayda milletlerden kadrlar tayarlaw máselesine qatań itibar beriw lazım».

## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. ÓzSSR xalıq xojalıǵında awıl xojalıǵınıń úlesi bálent bolıwınıń sebepleri nede?
2. ÓzSSRda industriyalastırıw dáwirinde ámelge asırılǵan jumıslarda tiykarınan, qaysı tarawlarǵa itibar qaratıldı?
3. «Kadrlardı milliylestiriw» degende neni túsindińiz?
4. Ózbekstanda kadrlardı milliylestiriw siyasatı baslawshıları kim edi? Milliylestiriw qanday tártipte alıp barıldı?
5. Ózbekstanda kadrlardı milliylestiriw siyasatınıń nátiyje hám aqıbetleri qanday boldı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÓZBEKSTANDA SOVET HÁKIMIYATÍ ALÍP BARĠAN MÁDENIY SIYASAT

### BÚGIN SABAQTA

- Bilimlendiriw hám ilim tarawındaġı jumıslar.
- Sawatsızlıqqa qarsı gúres.
- Álipbeniń ózgertiliwi.
- Hayal-qızlardı azatlıqqa shıġarıw.

### PIKIRLESIW USHÍN

1. Jádit mektepleriniń maqset-wazıypaları sovet ideologiyasına sáykes keledi me?
2. *Sawatsızlıq* degende neni túsinesiz?

### MAĠLÍWMAT USHÍN

Bolshevikler barlıq tarawlar sıyaqlı ruwxıy turmısqa da óz tásirin ótkerdi. Olar dáslepki jılları sovet mektepleri hám texnikumlar ashıwġa ayrıqsha itibar qarattı. Jádit mektepleri jabıldı. Eski usıl mektepleri hám waqım mektepleri de saplastırıldı. Respublikada universitet hám institutlar shólkemlestirildi. Biraq universitet hám institutlardaġı studentler, sabaq bergen oqıtıwshılar arasında jergilikli millet wákilleri az bolġan.

1932-jıl 14-oktyabrde Ózbekstan ilimiy tekseriw mákemelerine basshılıq etiwshi Ózbekstan SSR Ilimler komiteti dúzildi.





Tashkent hám Samarqand Mámleketlik universitetleri

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## MAĆLÍWMAT USHÍN

Ózbekstan SSR Sovetleriniń V qurıltayı 8 jastan tap 15 jasqa shekem bolǵan barlıq balalardı májbúriy jeti jıllıq bilimlendiriwge tartıw hám de respublika qala hám awıllarında jańa mektep imaratların qurıw baǵdarlamasın islep shıǵıw usınısı kirgizildi.

Ekinshi bes jıllıq dáwirinde barlıq ulıwma bilim beriw mekteplerindegi oqıwshılardıń sanı tez pát penen ósip, 931 800 ge jetti, olardıń 725 mıńǵa jaqını awıl mekteplerinde oqıytuǵın edi. Respublika mekteplerinde oqıw 18 tilde alıp barılǵan. Ózbek tilinde oqıtılatuǵın mekteplerdiń sanı on jıl ishinde 10 ese artqan.

Hayal-qızlar arasında sawatsızlıqtı saplastırıw boyınsha kóplegen orınlarda arnawlı sawat mektepleri ashıldı. 1937-jılı 139.000 hayal-qızlar oqıw hám jazıwdı úyrenip aldı.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Bilimlendiriwdiń 18 tilde alıp barılıwınıń tiykarǵı sebepleri ne edi?
2. Búgingi kúnde elimizde bilimlendiriw neshe tilde alıp barıladı?

## BILESIZ BE?

Orta Aziyada joqarı bilimlendiriwdiń besigi, Túrkstan xalıq universiteti (házirgi Ózbekstan Milliy Universiteti) birqansha joqarı oqıw orınlarına tiykar boldı, 1940-jılı respublikada 30 joqarı, 100 ge jaqın orta arnawlı oqıw orınları islep turdı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## MAǴLÍWMAT USHÍN

Sovet hákimiyatınıń dáslepki on jıllıqlarında Ózbekstanda imla 3 ret ózgertildi. Bul jaǵday jergilikli xalıqtı sawatsız etiwge, onıń ásirlik qádiriyatlarınan ayırıp, sovet mádeniyatı ruwxında tárbiyalawǵa hám de ruslastırıw siyasatın ámelge asırıwǵa arnalǵan edi.

1929-jılı may ayında Samarqandda ótken Ózbekstan jazıwshıları, imlashıları hám jetek-shi zıyalıları konferenciyasında ózbek jazıwın arab grafikasınan latın grafikasına ótkeriw haqqında qarar qabıl etildi, 1-dekabrde Ózbekstanda arab álipbesinen latın jazıwına ótildi.

Biraq tez arada jazıwdı kirillicaǵa ótkeriw haqqında jańa qarar qabıl etildi. 1940-jılı 8-mayda bolǵan Ózbekstan SSR Joqarǵı Soveti III sessiyasında latın jazıwınan kirill (rus grafikası) tiykarındaǵı ózbek jazıwına ótiw haqqında qarar qabıl etildi. Ózbekstan menen birge Orta Aziya basqa respublikaları hám Azerbayjan da rus grafikasına ótkerildi.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Jáhán tariyxı sabaqlarında alǵan bilimlerińizge tayanıp, kirill álipbesine qashan, kimler tárepinen tiykar salınǵanlıǵın esleń. Bul jazıw Rossiya aymaǵına qalay kirip kelgen?

Islam dini aymaqqa kirip kelgennen keyin, ásirler dawamında elimizde jaratılǵan shıǵarmalar arab álipbesindegi eski ózbek jazıwında jazılǵan edi. Bolshevikler bolsa bunday ádebiyattan bas tartıp, sovet ádebiyatın hám proletar mádeniyatın jaratıwǵa umtıldı.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Shepten ońǵa: *1-qatar:* Ǵafur Ǵulam, Uyǵın, Kamil Yashin, Aybek, Zulfiya. *2-qatar:* Asqad Muxtar, Mirmuhsin, Hamid Ǵulam, Mamarasul Babaev.

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Jámiyetlik turmısta kúshli qarama-qarsılıqlar húkim súrgen hám qıyın dáwirde ádebiyat hám kórkem óner milliylik, insanıylıq, xalıqshıllıq sıyaqlı principlerge sadıqlıǵın saqlap qaldı.

Ózbek jazıwshı hám shayırlarınan Fitrat, Sholpan, Abdulla Qadiriy, Sadriddin Ayniy, Hamza hám basqalar óz shıǵarmaları menen milliy qádiriyatlardı saqlaw hám qorǵawǵa urındı. Bul dáwir ádebiyat maydanına Ǵafur Ǵulam, Aybek, Hamid Alımjan, Zulfiya, Abdulla Qahhar, Usman Nasır, Mirtemir, Aydın Sobirova, Uyǵın, Kamil Yashin, Ǵayratiy, Sultan Jura, Amin Umariy sıyaqlı bir qatar talantlı jas shayırlar, jazıwshılar hám dramaturgler qosıldı.

Bul dáwir respublikadaǵı dóretiwshiler ushın hár túrli izleniwler, dúnya qarası jaǵınan bir-birinen parıqlanıwshı talay baǵdarlardıń keskin soqlıǵısıwları menen tolıptasqan hám de kóplep qurbanlar berilgen hám ayırımlar ushın qayǵı menen juwmaqlanǵan hám sonıń menen birge jańadan jańa talantlılar dúnyaǵa kelgen hám keń en jayǵan dáwir boldı.



Abrar Hidayatov Otello obrazında

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Ózbek milliy muzıkasın rawajlandırıwda ózbek kompozitorlarınan Toxtasın Jalilov, Yunus Rajabiy, Muxtar Ashrafiy, Mutavakkil Burhanov úlken miynet etti.

Ájayıp rejissyorlar hám aktyorlar Mannan Uyǵır, Abrar Hidayatov, Sara Eshantoreeva, Razzaq Hamraev, Alım Xojaev, Shukur Burhanov hám basqalar sebepli ózbek teatr kórkem óneri gúllep-jasnadı. Kamil Yormatov, Nabi Ǵaniev, Rahim Pirmuhammedov sıyaqlı kinematografiya ǵayratkerleri jetisip shıqtı.

Ayaq oyın óneri hám qosıqshılıqta Xalima Nasirova, Tamaraxanım, Mukkarrama Turǵunbaeva, Lutfixanım Sarimsaqova, Muhiddin Qari Yoqubov, Kamiljan Ataniyazov, Karim Zakirov hám basqalar joqarı sheberlikke eristi.

Ózbek muzıka hám vokal kórkem ónerinıń rawajlanıwında 1936-jılı Tashkentte ashılǵan mámleketlik konservatoriyası áhmiyetli rol oynadı.



...тельно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## MAǴLÍWMAT USHÍN

Sovet hákimiyatı Shıǵıs hayalların «azatlıq»qa shıǵarıw, eski turmıs tárizine hújim etiw, hayallardıń chachvan (bet perde) hám párenjesin taslaw kún tártibine qoyıldı.

«Hújim» kompaniyası 1926-jılı sentyabrde Orta Aziya hayal-qızları keńesinde járiyalanıp, onı 1927-jılı 8-marttan baslawǵa qarar etildi.

1927-jılı 8-martta massalıq mitingler baslandı. Olarda 100 000 nan artıq hayal-qızlar párenjelerin otta jaqtı. Lekin bolshevikler partiyasınıń ózbek hayal-qızların azatlıqqa shıǵarıwdı tezlestiriw siyasatı jaman aqıbetlerge alıp keldi. «Hújim»ge qarsı bolǵanlar hayallarǵa zulım ótkere basladı.

Ókinishlisi aymaqtıń milliy qádiriyatları hám ózine tánligi esapqa alınbaǵanlıǵı nátiyjesinde «Hújim» háreketi eń aktiv ótkerilgen 1927–1928-jılları Ózbekstanda 2500 den zıyat belsendi hayal-qızlar qayǵılı qurban boldı.

## BILESIZ BE?

Sovet húkimeti «Hújim» kompaniyasın ótkeriwden tómendegi maqsetlerdi gózlegen edi:

**birinshiden,** ózbek xalqınıń tariyxıy jaqtan payda bolǵan milliy ádep-ikramlılıq shıǵısqa tán dástúr hám qádiriyatlardı joq etiw hám ruwxıylıǵımızǵa soqqı beriw;

**ekinshiden,** «hayal-qızlardı azat etiw», bánesi menen sanaat kárxanaları, kolxoz hám sovxozlarda arzan girewde isleytuǵın qosımsha isshi kúshleri sıpatında olardan paydalanıw edi.



Párenjesin taslaǵan hayal-qızlardıń ushırasıwı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

1930-jılı respublika ónermentshilik kooperaciyasınıń 50 den artıq artellerinde 5 000 nan kóbirek jergilikli hayallar isleytuǵın edi. Olardıń kópshiligi tigiwshilik kárxanalarında miynet etken.

Hayal-qızlar iri sanaat kárxanalarına da tartıla baslandı. Bul jaǵday hayallardıń densawlıǵına ayrıqsha jaraqat tiygizdi.

Bul dáwirde ózbek hayal-qızları basshılıq lawazımlarında da islew qábiletin kórsetti. 1927-jılı respublikadaǵı rayonlıq atqarıw komitetleri aǵzalarınıń 20% i, okrug atqarıw komitetleri aǵzalarınıń 17% i hayallar edi.

Jáhán Abidova ÓzSSR Oraylıq Atqarıw Komiteti Prezidiumı baslıǵınıń orınbasarı, Tájixan Shodieva bolsa Prezidium aǵzası bolǵan. Biraq keyin ala bul 2 ataqlı ózbek hayalları sovet hákimiyatı tárepinen repressiya etildi.

XX ásirdiń 30-jılları hayallar arasınan belgili ilimpazlar, shayıralar, jazıwshılar, injenerler, shıpakerler, kórkem óner ǵayratkerleri, muǵallimler jetisip shıǵa basladı. Sol jılları Xalima Nasirova, Tamaraxanım, Sara Eshantoreeva, Mukaramma Turǵunbaeva sıyaqlı ózbek qızlarınıń talantı kózge taslandı.



Jáhán Abidova
Joldas Axunbabaev penen

Mukaramma Turǵunbaeva



## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Sovetler Túrkstan xalıq bilimlendiriwin shólkemlestiriw, rawajlandırıwǵa qanday kózqarasta qatnas jasadı?
2. Úlkemiz xalıq bilimlendiriwi sistemasında júz bergen qáte, kemshilikler, qıyınshılıqlar hám mashqalalr haqqında ne ayta alasız?
3. Respublika joqarı bilimlendiriw sistemasın qáliplestiriw qanday maqsetlerde ámelge asırıldı?
4. Ózbekstanda «Hújim» háreketin ótkeriwden gózlengen maqset ne edi?
5. 1920-jılları respublikada ótkerilgen «Hújim» háreketi hayal-qızlar turmısına qanday ózgerisler alıp kirdi?
6. Párenjeden «azat» etilgen hayal-qızlar dáslep qaysı tarawlarǵa tartıldı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SOVET HÁKIMIYATÍNÍŃ ÓZBEKSTANDAĞÍ REPRESSIYA SIYASATÍ

### BÚGIN SABAQTA

- SSSRda totalitar dúzimniń ornawı hám onıń mánisi.
- Ózbekstanda dáslepki repressiyanıń baslanıwı.
- Huqıq hám bilimlendiriw sistemasında repressiyanıń kúsheytiliwi.
- 1937–1938-jılları mámleket ğayratkerleri, zıyalılar, ulamalar hám áskerlerdiń repressiya etiliwi.
- «Shahidlar xotirasi» estelik kompleksi hám de «Qatağon qurbonlari xotirasi» muzeyi.

### PIKIRLESIW USHÍN

1. «Repressiya» degende neni túsinesiz?
2. Repressiya qurbanları haqqında nelerdi bilesiz?
3. «Shahidlar xotirasi» estelik kompleksi qay jerde jaylasqan?

### MAĞLÍWMAT USHÍN

Sovet rejimi óz hákimiyatın bekkemlep alğannan keyin, onıń ózgeshelikleri kem-kemnen ashıqtan-ashıq kórine basladı. Bul jağday atap aytqanda, milliy respublikalardağı basshı xızmetkerlerge qatnasıqta anıq kózge taslandı.


Ashurali Zahiriy

XX ásirdiń 20-jıllarınıń ekinshi yarımı hám 30-jıllar basında Ózbekstan SSRda *on segizler topar*ı (Abdurahim Hájibaev, Inamjan Xidiraliev, Muxtarjan Saidjanov hám b.), *inağamovshılar* (ÓzSSR Bilimlendiriw xalıq komissarı Rahim Inağamov hám b.), *qasimovshılar* (ÓzSSR Joqarğı sudı baslığı Sadulla Qasimov hám b.), *badriddinovshılar* (ÓzSSR Joqarğı sudınıń prokurorı Shamsutdin Badriddinov hám b.), *«milliy awqamlasshılar» hám «milliy azatlıq ushın gúresshiler»* (Munavvarqari Abdurashidxanov basshılığındağı 87 adam), «narkompros» isi (ÓzSSR Bilimlendiriw xalıq komissarı Mannon Ramziy, onıń orınbasarı Batu hám b.), *«batır sózliler»* (Qoqanda Ashurali Zahiriy basshılığındağı 19 adam) hám basqa siyasiy isler oylap tabıldı. Nátiyjede ózbek xalqınıń kóplegen jetik perzentleri repressiya etildi.

Bul dáwirde kommunistlik partiya qatarların «tazalaw» kompaniyası nátiyjesinde Ózbekstan Kompartiyası ağzalarınıń 25,6%i partiyadan shığarıldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Repressiyaǵa ushıraǵan adamlar súrgin etilmekte

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Milliy basshı xızmetkerler lawazımlarınan shetletildi. XX ásirdiń 20-jıllarınıń aqırına kelip, sovetler millet jetekshilerin fizikalıq tárepten joq etiwge kiristi.

Ózbekstan SSR Joqarǵı sudınıń baslǵı Sadulla Qasimov 1929-jılı mart ayında lawazımınan bosatılıp, qamaqqa alındı. S. Qasimov hám onıń 6 tárepdarı «baspashılar»dı qollap-quwatlawda, «kontrrevolyuciyashı milletshil shólkemler» aǵzaları menen baylanısta bolǵanlıqta, islam dinin qorǵawda ayıplanıp, olarǵa «qasimovshılar» tamǵası basıldı. Sud olardı 10 jıl múddetke qamaq jazasına húkim etti. Olardıń barlıq mal-múlki mámleket esabına ótkerildi.

Aradan kóp ótpey náwbettegi is – badriddinovshılar oylap tabıldı. 1932-jılı 5-may – 15-iyunde Ózbekstan Joqarǵı sudınıń burıńǵı prokurorı Shamsutdin Badriddinov hám onıń 5 tárepdarı ústinen sud procesi ótkerildi. Olar da uzaq múddetli qamaq jazasına tartıldı.

## BILESIZ BE?

Sovet rejimi milliy basshı xızmetkerlerdi repressiya etiw tártıw menen birge bilimlendiriw tarawındaǵı zıyalılarǵa da qısım ótkere basladı.

1929-jılı 5-noyabrde Tashkentte aǵartıwshı Munavvarqari Abdurashidxanov basshılıǵındaǵı 38 adam qamaqqa alındı. Aradan kóp ótpey qamaqqa alınǵanlardıń sanı 87 adamǵa jetti. Olarǵa «Milliy Awqam» hám «Milliy Azatlıq» shólkemleriniń aǵzaları degen ayıp qoyıldı. Tergew procesi keyin ala, Moskvaǵa kóshirildi. Bul jaǵday sovetlerdiń milliy-ruwxıy turmısına zulımlıǵınan derek edi.

1931-jılı 25-aprelde Moskvada bolıp ótken sud májilisinde Munavvarqari basshılıǵındaǵı millettiń 15 pidáyısı bolǵan «Milliy Azatlıq» aǵzaların atıp óltiriwge, qalǵan 72 adam bolsa uzaq múddetli qamaq jazasına húkim etildi. Ózbek xalqınıń 15 perzenti Moskva átirapında atıp taslandı. Qamaqtan da derlik heshkim Tashkentke qaytıp kelmedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Qamaqqa alınǵan kóplegen jurtlaslarımız ǵalaba túrde 1938-jıl 4-oktyabrde óltirilgen.

XXSR áskeriy isler qadaǵalawshısı, ayrıqsha Ózbek atlı áskerler polkiniń komandiri hám komissarı, 19-tawlı atlı Ózbek diviziyası komandiri lawazımlarında islegen Mirkamil Mirsharapov sovet rejimi tárepinen Maykopda 1937-jılı 28-oktyabrde qamaqqa alındı.

Ol ózbek diviziyasın milliylestiriw hám bul diviziya járdeminde Ózbekstandı SSSR quramınan ajıratıp alıw hám ǵárezsiz mámleketti dúziwge urınıwda ayıplandı. Dáslepki Ózbek diviziyası tarqatıp jiberildi hám de M. Mirsharapov basshılıǵında 18 ózbek áskeriy komandirleri hám áskerleri 1938-jılı 10-oktyabrde atıp taslandı.



Ózbek diviziyası komandiri Mirkamil Mirsharapov

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Xalıqtıń zıyalı qatlamların qırǵın etiwden gózlengen maqset ne bolǵan?
2. Ne ushın bolshevikler hár túrli ótiriklerdi oylap tapqan?
3. «Milliy basshı xızmetkerlerdi lawazımlarınan shetletip, olardı dáslep «ideyalıq» jaqtan qıyratıp atırǵan sovet rejimi XX ásirdiń 20-jıllarınıń aqırına kelip, olardı fizikalıq jaqtan joq etiwge kiristi,» – degende neni túsindińiz?

XX ásir ózbek mádeniyatınıń 3 jarqın juldızları – Fitrat, Sholpan, Abdulla Qadiriy bir kúnde – 1938-jılı 4-oktyabrde Tashkent qalası átirapında atıp taslandı.

## PIKIRLESIW USHÍN

1937–1938-jılları oylap shıǵarılǵan jalǵan ayıplar boyınsha Ózbekstanda 41 000 nan artıq adam qamaqqa alınıp, olardan 37 000 adamnan kóbiregi jazalandı, 6 920 adam bolsa atıwǵa húkim etildi.

Tek ǵana mámleket hám jámáátlik ǵayratkerleri, jazıwshı, shayır hám alımlardan 5 758 adam qamaqqa alınıp, olardan 4 811 adam atıp taslanǵan edi. Bul maǵlıwmatlar respublikamız kóleminde qızıl terror qanshelli keń kólemde ayawsız túrde ámelge asırılǵanlıǵınıń anıq dálili esaplanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



«Shahidlar xotirasi» estelik kompleksi

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Ózbekstan Respublikası ǵárezsizlikke eriskennen keyin repressiyaǵa ushıraǵanlardıń kópshiligi huqıqıy jaqtan aqlandı. Olardıń pák atları tiklendi. Zulım sovet rejimi dáwirinde Bozsuw kanalı boyında – millet pidáyılarınıń kópshiligi atıp taslanǵan jerde – olardıń esteligine arnap estelik ornatıldı.

2000-jıl 12-mayda Tashkent qalası Yunusabad rayonındaǵı Bozsuw kanalı boyında «Shahidlar xotirası» estelik kompleksi ashıldı.

## BILESIZ BE?

Ózbekstan SSRda bul dáwirde kóplegen medreseler, meshitler hám namaz oqıytuǵın orınlar buzıp taslandı. Buzılmay qalǵan medreseler hám meshitler xojalıq qoymalarına aylandırıldı, qızıl ásker garnizonları ushın orınlar islenip qayta úskenelendi, shetten kelgenler ushın turaq jay sıpatında berildi hám hár túrli maqsetlerde paydalanıldı. Mádeniy-ruwxıy miyrasımız bolǵan qoljazba shıǵarmalar hám basqa kitaplardıń úlken bólimi joq etildi.



## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. «On segizler toparı» hám «qasimovshılar» sıyaqlı siyasiy islerdi jalǵannan shıǵarıw hám olardıń xızmetine siyasiy tús beriwden kózde tutılǵan maqsetleri ne edi?
2. Ne sebepten XX ásirdiń 30-jıllarınıń ekinshi yarımına kelip respublika basshılıǵı repressiyaǵa ushıradı, olarǵa qanday «ayıp» qoyılǵan?
3. Aldınǵı ózbek zıyalıların repressiyaǵa ushıratıw ne ushın kerek bolıp qaldı?
4. Totalitar dúzim basqarıwshılarınıń insan huqıqları hám erkinlikleri máselesindegi eki júzliligi, júzekiligin siz qalay túsindiresiz?
5. Siz jasap atırǵan qala hám rayonda repressiyaǵa ushıraǵanlardan kimlerdi bilesiz, olar haqqında aytıp beriń.
6. Repressiyaǵa ushıraǵan siyasiy ǵayratkerler hám jazıwshılardıń atların óz aldına baǵanalarda talqılań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÓZBEKSTAN EKINSHI JÁHÁN URÍSÍ JÍLLARÍNDA

## BÚGIN SABAQTA

- II jáhán urısında Ózbekstannıń qatnasıwı.
- Urıs jılları Ózbekstan sanaat sistemasında júz bergen ózgerisler.
- Ózbek xalqınıń keń peyilligi.

## PIKIRLESIW USHÍN

1. II Jáhán urısı qashan baslandı?
2. Onda qaysı mámleketler qatnastı?
3. «Germaniya hám Sovet Awqamı arasında óz ara hújim etpew haqqında»ğı shártnama ne haqqında edi? Ol qaysı mámleketler arasında qol qoyılğan?



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Jáhán tariyxı páninen alğan bilimlerińiz tiykarında tómendegi sorawlarğa juwap beriń.

1. Gitler «Barbarossa» rejesin qashan tastıyıqladı hám aradan qansha waqıt ótkennen soń SSSR aymağına bastırıp kirdi?
2. «Úshler awqamı» qashan hám qaysı mámleketler arasında dúzilgen? Bul awqamnıń urısqa qanday baylanısı bolğan?

## BILESIZ BE?

1939-jıldıń gúzinde Estoniya, Latviya hám Litva menen dúzilgen óz ara járdem beriw haqqındağı shártnamalar tiykarında SSSR bul mámleketlerge áskeriy bazaların jaylastırğan edi. 1940-jıl jazında SSSR Baltik boyı mámleketlerine qosımsha Qızıl Armiya armiyaların kirgizip, sovet respublikaların shólkemlestirdi. Rumıniya SSSRğa Bessarabiya hám Arqa Bukovinanı beriwge májbúr boldı.

Ekinshi jáhán urısı 1939-jıl 1-sentyabrden 1945-jıl 2-sentyabrge shekem dawam etken. Onda shama menen 1,7 milliard adam qatnasqan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## PIKIRLESIW USHÍN

SSSR 1939-jıl 14-dekabrde agressiyashı mámleket sıpatında Milletler ligasınan shıǵarıldı, Sovet-Finlyandiya urısı waqtındaǵı joǵaltıwlar kólemi Germaniyada sovet Qızıl Armiyası kúshsiz, degen kózqaras qáliplesiwine alıp keldi.

## BILESIZ BE?

Ózbekstanlılar yapon milletshileri menen bolǵan sawashlarda, sonday-aq, Sovet-Finlyandiya urısına qatnastı. Ásirese, sońınan artilleriya general-leytenantı bolǵan Fayzulla Narxojaev Xasan kóli boyındaǵı áskeriy háreketlerde, keyin Sovet Awqamı Qaharmanı bolǵan Amirali Saidbekov Sovet-Finlyandiya urısında qatnasqan edi.





Fayzulla Narxojaev

Ekinshi jáhán urısı jılları Ózbekstannan 1 million 951 mıńǵa jaqın adam qatnastı. Bul bolsa, hár úsh ózbekstanlıdan birewi urısqa barǵanlıǵın kórsetedi.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## MAǴLÍWMAT USHÍN

1941-jıl 22-iyun kúni gitlershiler Germaniyasınıń SSSRǵa hújim etiwi Sovet Awqamı dep atalıwshı aymaqqa birlestirilgen xalıqlar ushın awır sınawlardan ibarat urıs baslandı.

23-iyun kúni Tashkentte kóp mıń adamlıq miting bolıp ótti. Hár túrli kárxana hám de mákemelerdiń jumısshı hám xızmetshileri, oqıtıwshılar, studentler ózi fashizmge qarsı gúreske, frontta hám front artında dushpan ústinen jeńiske erisiwge tayar ekenliklerin bildirdi.

Urıs pútkil mámleket xojalıǵı, onıń turmısın túpten ózgertip jiberdi. 1941-jıl 30-iyunda Mámleketlik qorǵanıw komitetiniń dúziliwi menen mámlekettegi pútkil hákimiyat onıń qolına ótti. Mámleketlik qorǵanıw komitetiniń qararları urıs dáwiri nızamları kúshine iye edi.



Urıstıń dáslepki kúnlerinde qabıl etilgen kórsetpeler, qararlarda front artın qorǵaw máplerine boysındırıw hám barlıq islerdi áskeriy tártipke salıw, dushpan iyelegen aymaqlarda partizanlıq toparların shólkemlestiriw zárúrligi jazıldı.

Front hám front aldı aymaqlarınan Ózbekstanǵa 1 million 500 mıń adam, sonıń ishinde, 200 mıńnan artıq jetim balalar, zavod hám fabrikalar hám de olardıń mal-múlkleri evakuaciya etildi. Ele kárxanalar jumıs baslamaǵan sharayatta evakuaciya etilgenlerdi pul, kiyim hám azıq-awqat ónimleri menen támiyinlewge itibar berildi.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Zavodtıń kóshirip alıp keliniwi

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Evakuaciya boyınsha Keńes qanday wazıypanı dodalaǵan?

Búgilmeytuǵın jiger hám erlik úlgisin ámelde kórsetip, óz ómirin áziz Watanımızdıń hár tárepleme rawajlanıwı, búgingi tınısh hám paraxatshılıq kúnler ushın janın pidá etken ata-babalardıń muqaddes esteligin eske alıp, jaqsılıq islerdi dawam ettiriw, qatarımızda júrgen jası úlkenlerdi húrmetlew – adamgershiliktiń eń joqarı norması hám bizge tınıshlıq, amanlıq kerek, dep jasaytuǵın keń peyil hám joqarı mártebeli xalqımızǵa tán ázeliy qádiryat.

Shavkat MIRZIYOEV

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Jetim balalarǵa ǵamxorlıq etiw – ulıwma xalıq háreketine aylandı. Mıńlap ózbekstanlılar balalardı óz shańaraǵına aldı. Tashkentli temirshi Shoaxmed Shamaxmudov hám onıń ómirlik joldası Bahri Akramova hár túrli milletke tiyisli 14 balanı óz tárbiyasına aldı. Urıstan awır jaradar bolıp qaytqan kattaqorǵanlı Hamid Samadov 13, ómirlik joldasın frontqa shıǵarıp salǵan samarqandlı Fatima Qasimova 10 balanı asırap aldı.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Tashkenttegi áskeriy gospital

## BILESIZ BE?

Ózbekstanda frontta jaradar bolǵan jawıngerlerdi emlew boyınsha áskeriy gospitallar tarmaǵı júzege keldi. Bul jılları 120 dan artıq evakuaciya gospitalı xızmet alıp bardı. Gospitallarda emlenip atırǵanlardıń tiykarǵı bólimi jawıngerlik sapına qayttı.







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BILESIZ BE?

Ózbekstan xalqı urıs jılları qorǵanıw fondına ulıwma 649,9 mln rubl pul, 3 mlrd 669 mln 817 mıń rubl obligaciyalar, 22 mln 374 mıń rubl muǵdarındaǵı qımbat baha buyımlar, 55 kg nan zıyat qımbat bahalı metallardı tapsırdı.

Hayallar áwladtan-áwladqa miyras bolıp kiyatırǵan zergerlik buyımların da berdi. Bul qarjılardıń bir bólimine bronlı poezdlar, samolyotlar, tankler islenip, frontqa jiberildi.

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Ózbekstan óz xalqın, evakuaciya etilgenlerdi azıq-awqat ónimleri menen támiyinledi, bul ónimlerdi frontqa, qamalda qalǵan hám azat etilgen qala hám rayonlarǵa jiberdi. Sonday-aq, sawash maydanlarına qural, kiyim, dári-dármaq hám basqa zárúr ónimler turaqlı jetkerip berildi.

Frontqa ulıwma xalıq járdemi qorǵanıw fondın shólkemlestiriwde de kórindi. Urıs jılları Ózbekstan xalqı frontqa óz delegaciyaların jawıngerlerge sawǵalar menen jiberdi. 1941-jıl dekabrinde Tashkentten Moskvaǵa azıq-awqat ónimleri tiyelgen eshelon jiberildi. Jolda bombalanıwına qaramastan eshelon Batıs frontqa jetip bardı. Bul haqqında belgili «Qırq birinshi jıl alması» atlı film islengen.

Delegaciyanıń bir toparına Joqarı Sovet Prezidiumı baslıǵı Joldas Axunbabaev ekinshi toparǵa belgili xalıq bilimlendiriw xızmetkeri, sol waqıtta frontta sawashta júrgen úsh balanıń ákesi Xasan Islamov basshılıq etti.

Ózbekstan xalqınıń delegaciyası. 1941-jıl





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Kolxozshılar Sovet armiyası jawıngerlerine jeke qarjıları esabınan soǵılǵan tanklerdi tapsırmaqta, 1942-jıl.







Jumısshı hayallar jawıngerler ushın posılkalar tayarlamaqta. Tashkent, 1941-jıl

**PIKIRLESIW USHÍN**

Fashizmge qarsı gúresiwde front artında erlik penen miynet etken, evakuaciya etilgenlerge mehir bergen kóp milletli Ózbekstan xalqınıń – ápiwayı, sonıń menen birge kewli keń hám márt adamlardıń birdemligi áhmiyetli faktorlardan biri boldı.

Xalıq kúshi hám imkaniyatların birlestiriwde usı waqıtta respublikaǵa basshılıq etken Usman Yusupovtıń xızmeti úlken boldı. Usman Yusupovtı – «mámleket ishindegi marshal» dep ataytuǵın edi.

Urıstıń dáslepki waqtında-aq jámáátlerde soqqı beriwshiler háreketi rawajlandı. Kúnine eki normanı orınlap kiyatırǵan jumısshılar úsh hám onnan da artıq norma bere basladı. Kúnlik rejeler 350 – 470% ke shekem jetkerip orınlandı. «Frontshasına islew» artındaǵı millionlap watanlaslarımızdıń miyneti dushpandı joq etip, jeńiske erisiw ushın zárúr qural hám ónimler menen támiyinlew jaǵınan sheshiwshi áhmiyetke iye boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# Ózbekstan 1941–1945-



## Samolyotlar



## Aviamotorlar

## Mina hám snaryadlar





## Radio lampochkalar



## Kóshpeli asxanalar

Ózbekstan xalqı sawash maydanlarına úlken muǵdarda qural-jaraq, azıq-awqat, kiyim-kenshek, dári-dármaq hám basqa kerekli ónimlerdi jetkerip berdi.

Respublikadaǵı 300 ge jaqın kárxanada áskeriy ónimler islep shıǵarılǵan. Sol dáwirde front aymaqlarınan Ózbekstanǵa 151 zavod kóshirip alıp kelingen hám oǵada qısqa pursatta iske túsirildi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# jıllar dawamında





## Aviabombalar

## Granatalar



Ózbekstan xalqı mámleketke 4 millionnan artıq tonna paxta, 1 mln 283 mıń tonna dán, 200 mıń tonnaǵa jaqın gúrish, 108 mıń tonna kartoshka, 374 mıń tonna miywe-palız, 36 mıń tonna keptirilgen miywe, 57 mıń tonnadan artıq júzim, 1,5 million tonnadan artıq gósh, 5 million 300 mıńǵa jaqın qurım-teri ónimlerin jetkerip berdi.

## Sanitariya poezdları





Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





## MAĠLÍWMAT USHÍN

Urıstıń dáslepki waqıtlarınan-aq, sanaattı áskeriy ónim islep shıǵarıwǵa sáykeslep qayta islewge túsiriw ilajları kórildi. Nátiyjede, 1941-jıl dekabrine kelip, respublikadaǵı 230 kárxana qorǵanıw ónimlerin bere basladı.

Frontqa jiberiw sharayatında jumısshı kúshiniń jetispewshiligi barǵan sayın kúsheyip bardı. Urısqa ketkenlerdiń ornın qariyalar, hayallar hám jas óspirimler iyeledi. Jaslardan jumısshılar tayarlawda fabrika-zavod bilimlendiriwi hám óner mektepleriniń ornı úlken boldı. Soń, urıstan qaytqan mayıplar da olar menen bir qatarda miynet etti.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Ózbek xalqınıń qorǵanıw fondına qosqan úlesin qalay túsindiresiz?
2. Urıstıń baslanıwı menen mámleket ishindegi jaǵdayda qanday ózgerisler payda boldı?
3. QR kodlarda berilgen maǵlıwmatlar menen tanısıp shıǵıń. Maǵlıwmatlardan infografika tayarlań.
4. Aybektiń «Quyosh qoraymas», Utkir Xashimovtıń «Urushning so‘ngi qurboni», Ulmas Umarbekovtıń «Qiyomat qarz», Said Axmadtıń «Ufq» shıǵarmalarınan birin oqıń. Urıs haqqında qanday maǵlıwmatlarǵa iye boldıńız? Pikirlerińizdi tiykarlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## PIKIRLESIW USHÍN

Urıs sebepli awıl xojalıǵındaǵı jogaltıwlar Ózbekstan sıyaqlı front artı aymaqları tárepinen qaplandı. Urıstıń dáslepki jılları paxtaǵa ajıratılǵan maydanlar qısqartıldı hám onıń ornına gálle, miywe-palız eginleri jetistiriliwi jolǵa qoyıldı. Awıl xojalıǵında paydalanılıp atırǵan mashinalar hám atlardıń bir bólimi armiya ushın jiberilgen, janılǵı hám mineral tóginler jetkerip beriw azayǵan. Nátiyjede qol miynetine zárúrlik kúsheydi.

Awıl xojalıǵı ónimleri jetistiriwdi kóbeyttiriw mashqalasın sheshiw ushın 10 iri hám bir qatar kishi irrigaciya qurılmaları paydalanıwǵa tapsırıldı, respublikada suwǵarılatuǵın jer maydanları 345,7 mıń gektarǵa keńeydi.

Jańa irrigaciya qurılmaları salı maydanların keńeyttiriwge de imkaniyat berdi.

Urıs jılları jumıs waqtı jası úlkenler ushın 11 saatqa shekem, 16 jasqa shekem bolǵan jas óspirimlerge 10 saatqa shekem dep belgilendi. Awıllıq jerlerde 12 jastan baslap miynet minimumı engizildi.



## MAǴLÍWMAT USHÍN

Samarqand, Ferǵana, Tashkent 1943-jıldan Qashqadárya wálayatlarında Ózbekstan ushın jańa egin – qant láblebige ónimli jerler ajıratıldı. Qant láblebisin qayta islewshi Zirabulaq, Krasnogvardeysk, Qoqan hám Yangiyol qant zavodları qurıldı. 1945-jılı 1,6 mln centnerden artıq láblebi mámleketke tapsırıldı hám bul pútkil SSSRda islep shıǵarılatuǵın qanttıń yarım bólimin quradı. Bunnan tısqarı, ayǵabaǵar, zıǵır, mákke, gúnji sıyaqlı azıq-awqat ónimleri, kanoptı jetistiriwde de jolǵa qoyıldı.



Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Tashkentke kóshirip alıp kelingen zavodlar



Hayallar miynet sırların úyrenbekte





## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Urıs jılları ózbek xalqınıń kóshirip alıp kelingen xalıqlarǵa kórsetken mehribanlıqları nelerde kórindi?
2. Urıs jılları Ózbekstanda awıl xojalıǵında qanday ózgerisler payda boldı?
3. Úyge tapsırma. Tómendegi kesteni toltırıń:

| Qorǵanıw fondı | Sanaat | Awıl xojalıǵı | Kóshirip alıp keliniw |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÓZBEKSTANLÍLARDÍŃ FRONTTAĞÍ ERLIGI HÁM QAHARMANLÍQLARÍ

## BÚGIN SABAQTA

- Ózbekstanlılardıń erligi.
- Ózbekstanlı general Sabır Raximov.
- Eslew maydanı «Shon-sharaf» mámleketlik muzeyi bolǵan ullı «G‘alaba bog‘i» estelik kompleksiniń qurılıwı.

## PIKIRLESIW USHÍN

1. Ózbekstan Respublikasında 9-may qanday kún sıpatında belgilenedi?
2. Ne ushın usı kún «Eslew hám qádirlew kúni» dep atalǵan?
3. Xalqımızdıń front artındaǵı erligi haqqında qanday shıǵarmalar oqıǵansız, yamasa kórgensiz?

## BILESIZ BE?

Kewilliler, shaqırıw jasındaǵılar hám frontqa jiberildi. Tiykarında urıs baslanǵan waqıtta, áskerlerdiń sanınıń keskin kóbeyiwi shara-yatında kiyim hám qural jetispeytuǵın edi, olar tayarlıq kórmesten sawash maydanlarına jiberiletuǵın edi. Bul bolsa, urısta kóp adamlardı joǵaltıwlarǵa sebep boldı. Front artındaǵı ilajlar, áskeriy oqıw shınıǵıwları, lend-liz arqalı alınǵan qorǵanıw ónimleri sharayattı ońlap barıwǵa imkaniyat berdi.

## MAĞLÍWMAT USHÍN

Áskeriy xızmette bolǵan mıńlap ózbekstanlılar hár túrli aymaqlar qorǵaw bóliminde qatnastı. Atap aytqanda, Brest qorǵanı qorǵawında Avazmat Nıyazmatov qaytıs boldı.

1941-jıl jazında Samarqandta dúzilgen motorlastırılǵan diviziya Elnya janında sawashqa kirdi. Oqshı diviziya sıpatında dúzilip, Moskva átirapındaǵı sawashlarda qatnastı. Onıń tiykarǵı bólimi oktyabr ayında Vyazma qalası átirapında qorshawda qalıp qaytıs boldı.

Ózbekstanda 9 ayrıqsha oqshılar brigadası, 5 kavaleriya diviziyası dúzildi. Brigadalar hám diviziyalar quramı jergilikli milletler wákillerine tiyisli 40 jastan úlken bolmaǵan salamat hám kúshli adamlar menen toltırıldı.

1942-jıl hám 1943-jıl baslarında 90 hám 94- óz aldına oqshı brigadaları Moskvanı qorǵawı hám Stalingrad sawashlarında qatnastı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Sabır Yunusov



Ikram Jalilov



Qoshqar Turdiev

## MAĠLÍWMAT USHÍN

Moskva bosaġaların qorġaġan 316-oqshı diviziya quramında Tashkent piyada áskerler bilim jurtınıń kursantları da bar edi.

Ózbekstanlılardan 1753 adam «Moskva qorġanısı ushın» medalı menen sıylıqlandı. Olar arasında Sabır Yunusov, Ikram Jalilov hám basqalar bar edi.

Ózbekstanlı jawıngerler Leningrad, Kiev, Odessa, Sevastopol hám basqa qalalardı qorġawda da mártlik úlgilerin kórsetti. Atap aytqanda, 1941-jıl 15-oktyabrde Xarkov wálayatındaġı Trudolyubovka awılı ushın sawashta 47-oqshı diviziya oqshısı Qoshqar Turdiev dushpanġa qarsı hújim shólkemlestiriwde erlik kórsetti. 1942-jıl 27-martta oġan SSSR Joqarı Soveti Prezidiumınıń pármanı menen ózbeklerden birinshi bolıp Sovet Awqamı Qaharmanı ataġı berildi.

## BILESIZ BE?

Zebo Ǵanieva Moskva ushın sawashlarda hámshiyra, minomyotshı hám pulemyotshı sıpatında qatnastı. Keyin qısqa múddette ol snayperlikti úyrenip aladı hám Leningrad baġdarındaġı sawashlardan birinde awır jaradar boladı. Buġan shekem Z. Ǵanieva 129 fashistti joq etken edi.



Zebo Ǵanieva



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



General-mayor Sabır Raximov polkovnik Rudenko hám general-adyutantı L. Yusupov penen háreketler rejesin dúzbekte

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Stalingrad sawashı Ekinshi jáhán urısında túpten burılıs isledi. Kavkaz ushın sawashlarda Sabır Raximov komandirligindegi 395-oqshı diviziya ózin kórsetti hám oǵan 1943-jıldıń 19-martında general-mayor ataǵı berildi. Stalingrad sawashlarında Sabırjan Axunjanov, Abdulla Ayupov sıyaqlı mıńlap ózbekstanlılar qatnastı. Olar arasında Stalingradtaǵı «Pavlov úyi»n qorǵaǵan Kamal Turǵunov da bar edi. Ulıwma 2 738 ózbekstanlı «Stalingrad qorǵanısı ushın» medalı menen sıylıqlandı. Kavkaz ushın sawashlardıń juwmaqlanıw basqıshında Samıǵ Abdullaev dushpan soqqıları astında 3 mıńǵa jaqın minalardı zıyansızlandırdı hám de kórsetken erligi ushın Sovet Awqamı Qaharmanı ataǵına eristi.



Abdulla Ayupov



Kamal Turǵunov



Sabırjan Axunjanov



Samıǵ Abdullaev

## BILESIZ BE?

Don dáryasınıń oń jaǵasındaǵı Kletskiy awılı janındaǵı tóbeliklerden biri ushın sawashta Mixail Kabribov basshılıǵındaǵı 11 adam 300 dushpandı joq etiwge eristi. Bul jerge «Shıǵıslı on bir qaharman tóbeligi» atı berildi. Olardan 8 i ózbekstanlı edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAĆLÍWMAT USHÍN

Kursk sawashında Axmedjan Shukurov, Valdemar Shalandin, Qayumjan Karimov sıyaqlı mıńlap ózbekstanlılar qatnastı. Túpkilikli burılıs antigitler koaliciyasın bekkemledi hám de Ullı Britaniya hám AQSh óz áskerlerin Franciyaǵa kirgiziw arqalı Evropada ekinshi fronttı ashıwǵa qarar etti.

Ózbekstanlılar Dnepr dáryasın keship ótiwdegi sawashlarda aldıńǵı qatarda boldı. Bois Ergashev, Qudrat Suyunov sıyaqlı kóplep ózbekstanlılar Sovet Awqamı Qaharmanı boldı. Sovet Awqamı Qaharmanı Abdulla Qurbanovtıń razvedkadan dushpan kúshleri jaylasıwı haqqında áhmiyetli maǵlıwmatlardı jetkeriwi sheshiwshi jawıngerlik operaciya baslanıwına xızmet etti.

1944-jılı jazında Belorussiyanıń fashistlerden azat etiliwinde Shodi Shoimov (qaytıs bolǵannan keyin Sovet Awqamı Qaharmanı berilgen), Esan Jawbóriev sıyaqlı mıńlap ózbekstanlılar erlik kórsetti. Partizanlar arasında da Ǵanitay Tashniyazov, Luqman Oraqov sıyaqlı ózbekstanlılar kópshilikti quraytuǵın edi. Razvedkashı partizan Mamadali Tapivoldiev bolsa Sovet Awqamı Qaharmanı ataǵına miyasar boldı.



Bois Ergashev



Qudrat Suyunov

## MAĆLÍWMAT USHÍN

1944-jılı Sovet Awqamı óz aymaǵın tolıq azat etti, sovet áskerleri Shıǵıs Evropaǵa kirip keldi. 6-iyunda ekinshi front ashıldı. Ózbekstanlılar Polsha, Rumıniya, Bolgariya, Yugoslaviya, Chexoslovakiya, Vengriya, Avstriya mámleketlerin azat etiwde qatnastı. Tutqınlıqqa túsip, qashıwǵa muwapıq bolǵan ózbekstanlılar da Evropadaǵı Qarsılıq kórsetiw háreketinde aktiv qatnastı.



Abdulla Qurbanov



Mamadali Tapivoldiev



Esan Jawbóriev

## BILESIZ BE?

Italiyadaǵı Qarsılıq kórsetiw háreketi qatnasıwshısı Axmedjan Mamajanovqa qaharman dárejesindegi «Vatanparvar» gúwalıǵı berildi. Franciyadaǵı háreket qatnasıwshıları Xashim Ismailov, Tajibay Ziyoev ordenler menen sıylıqlanǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

1945-jıl 25-martta Polshanıń Dansig (házirgi Gdansk) qalası ushın bolǵan sawashta general-mayor S. Raximov awır jaradar boldı hám ertesine qaytıs boldı. Oǵan 1965-jılı Sovet Awqamı Qaharmanı ataǵı berildi. Sonday-aq, Polshanı azat etiwde Axmedjan Qurbanov, Amiralı Saidbekov qaharmanlarsha qaytıs boldı.

1945-jılı 16-aprelde baslanǵan Berlin operaciyasında ózbekstanlılar erlik úlgilerin kórsetti. Oder dáryasın Batır Babaev birinshilerden bolıp keship ótti. 1945-jıl 23-aprelde Berlin áspanında baqlawshı-lyotchigi Plis Nurpeysov qaytıs boldı.

Berlin operaciyası 8-may kúni Germaniyanıń sózsiz baǵınıwı menen juwmaqlandı. Usı kúni fashistler Germaniyasınıń kapitulyaciyası haqqında Aktke qol qoyıldı. Bul Akt hám de Jeńis bayraǵı oramın Berlinnen Moskvaǵa 9-may tańında alıp kelgen lyotchiklerdiń qatarında ózbek Abdusamat Taymetov da bar edi. 9-may SSSR da»Jeńis bayramı» dep daǵazalandı.


Axmedjan Qurbanov


Amiralı Saidbekov


Batır Babaev


Plis Nurpeysov

## BILESIZ BE?

1945-jıl 23-aprel kúni Tajiali Babaev Berlindegi Silez vokzalına birinshi bolıp kiriwge hám bayraq ornatıwǵa eristı.

30-aprelde Gitler Germaniyasınıń bas nıshanı bolǵan Reyxstag gúmbezine birinshi bolıp bayraq ornatqan 150-oqshı diviziya quramında ózbeklerden Karimjan Isaqov, Ǵulam Sultanov bar edi.

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Ózbek lyotchikleri-nen Abdusattar Eshanqulov Sovet Awqamı Qaharmanı ataǵına miyasar boldı. Fronttıń hár túrli noqatlarında Muqaddam Ashrapova, aǵa-inili Isaq hám Habibulla Kamilovlar sıyaqlı kóplegen áskeriy shıpakerler mıńlap jawıngerler ómirin saqlap qaldı. Hámshiyra Rixsixan Muminova bolsa Xalıqaralıq Qızıl Krest Komitetiniń Florenc Naytingeyl medalına miyasar boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAĜLÍWMAT USHÍN

Ekinshi jáhán urısında Germaniyanıń awqamlası bolǵan Yaponiyaǵa qarsı urıs 1945-jıl 9-avgustqa ótetuǵın túnde sovet áskerleriniń Uzaq Shıǵıstaǵı hújimi menen baslandı. Sawashlarda Monǵoliya armiyası áskerleri de qatnastı. Qısqa múddette Arqa-shıǵıs Qıtay hám Arqa Koreya aymaqları azat etildi, sovet áskerleri Qubla Saxalin hám Kuril atawların iyeledi.

Kvantun armiyasın joq etiwde Adil Yaqubov, Pidamat Rismatov, Usman Daniyorov, Fatqulla Polatov hám basqa kóplegen ózbekstanlı jawıngerler qatnastı.

Ekinshi jáhán urısı jılları **200 mıńnan artıq ózbekstanlı ásker hám oficerler** jawıngerlik orden hám medallar menen sıylıqlandı. Olardan **301 i Sovet Awqamı Qaharmanı** atağına, **70 i úsh dárejedegi «Slava» orden**ine eristi.



## PIKIRLESIW USHÍN

Bunnan tısqarı, XX ásirdiń 30-jılları basqa aymaqlarǵa qulaq etilgen ózbekler de urısqa jiberildi. Repressiya etilgenlerdiń perzentleri, qamaqta bolǵanlardıń arızlarına muwapıq jáｒiyma batalyonlarına jiberile baslandı. Qamaqtan járiyma batalyonına jiberilgenlerden Inayat Nawrızbaev keyinnen Sovet Awqamı Qaharmanı atağına eristi.



Inayat Nawrızbaev

Kóplegen ózbekstanlılar jaradar bolıp, áskeriy qatarǵa qaytalmaǵanında da miynet frontında gúresti dawam ettirdi.


НАГРАДНОЙ ЛИСТ





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

«Usı qararımız tiykarında Ózbekstan xalqınıń sawash maydanlarında hám front artında kórsetken sheksiz erligi hám shıdamlılıǵın tariyx betlerine mórlew, jas áwladımızdı Watanǵa muhabbat hám sadıqlıq ruwxında tárbiyalaw maqseti jámlengen».

Shavkat Mirziyoevtıń «G'alaba bog'i»n ashıw máresimindegi sózinen

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Tekstti oqıń «sheksiz erligi hám shıdamlı» sózlerine mısallar keltiriń.

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Ullı Jeńistiń dańqlı 75 jıllıǵında Ózbekstan xalqınıń fashizm ústinen erisilgen jeńiske qosqan úlesine baǵıshlanǵan kitap-albom birinshi ret basıp shıǵarıldı.

2020-jılı «Shon-Sharaf» mámleketlik muzeyi bolǵan ullı «G'alaba bog'i» estelik kompleksi qurıldı.

Bul baǵda sol kúni ótkerilgen saltanatlı máresimde Prezident Shavkat Mirziyoev sózge shıǵıp, xalqımızdıń Ekinshi jáhán urısında erisilgen jeńiske qosqan úlesine baylanıslı jańa tariyxıy maǵlıwmatlardı járiyaladı.

1995-jılı urıstan qaytpaǵan jerleslerimiz haqqında maǵlıwmatlar kórsetilgen 34 tomlıq (keyinnen jáne qosımsha 2 tom basıp shıǵarılǵan) Eslew kitabı hám de urıs jıllarındaǵı Ózbekstanǵa baǵıshlanǵan ulıwmalasqan tom basıp shıǵarıldı.

Olardıń atları 1999-jılı Tashkent qalasında qurılǵan Eslew maydanı aywanları tekshelerine ornatılǵan temir kitaplarǵa mórlendi. Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám rayon oraylarında da Eslew maydanları qurıldı.

1999-jıldan baslap Jeńis bayramı «Eslew hám qádirlew kúni» sıpatında belgilene baslandı.

## PIKIRLESIW USHÍN

Urısta 538 mıńnan zıyat ózbekstanlılar qaytıs boldı, 158 mıńnan artıǵı bolsa belgisiz joq boldı. Bul frontqa jiberilgen hár úsh ózbekstanlınıń birewi qaytpaǵanlıǵınan derek beredi...

Xalqımız kórsetken erligi hám shıdamlılıǵın esapqa alǵan halda Ózbekstanda hár jılı urıs qatnasıwshılarına 9-may qarsańında bir mártelik pul sıylıǵı beriledi.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



«Matonat madhiyasi» esteligindegi analarǵa arnalǵan músin

## PIKIRLESIW USHÍN

Jeńiske bes perzentin bawırına qayta basa almaǵan Zulfiya apa Zakirova sıyaqlı kempir apalarımız shıdamlılıǵı, sabır-taqatınıń arqasında erisildi. Prezident Shavkat Mirziyoev aytıp ótkenindey, Jeńis baǵınıń orayında «Matonat madhiyası» dep atalǵan ulken estelik barlıq Ózbekstan analarına qoyılǵan músin bolıp, ana Watan nıshanı bolıp boy tikledi.



## MAĹÍWMAT USHÍN

Baǵ aymaǵında tutqınlıqtıń awır azaplarına qaramay Watanına sadıq, qádiriyatlarında qatań bolǵan márt azamatlar esteligine arnalǵan Amersfort konslagerindegi 101 ózbek tutqını installyaciyası qurılǵan.

Haqıyqatında da, urıs jılları kempir apa-atalarımızdıń mártligi hám shıdamlılıǵın máńgilestiriw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan jumıslar negizinde qaharman xalqımızǵa múnásip húrmet kórsetiwdey ullı niyet óz kórinisin tapqan.

## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Urıstıń dáslepki kúnlerinde, Moskva ushın sawashlarda fashist basqınshılarına qarsı sawashlarda ózbekstanlı jawıngerler kórsetken erligi haqqında sóylep beriń.
2. Urısta túpkilikli burılıs jasawǵa ózbekstanlı jawıngerler qanday úles qostı?
3. Sabır Raximovtıń erliklerin bilesiz be?
4. «Eslew hám Qádirlew kúni» aldın qalay atalatuǵın edi? Bul kún haqqında nelerdi bilesiz?
5. Amersfort konslagerindegi 101 ózbek tutqınlarınıń shıdamlılıǵı negizinde qanday qádiriyat jámlengen?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# Qosımsha oqıw ushın
# GVARDIYASHÍ GENERAL–MAYOR SABÍR RAXIMOVTÍŃ JERLENIWI

Tashkent. 27-may. Tashkent miynetkeshleri ózbek xalqınıń sadıq perzenti, watanımızdıń azatlıǵı hám ǵárezsizligi ushın dushpanǵa qarsı gúreste qaharmanlarsha qaytıs bolǵan gvardiyashı general-mayor Sabır Raximov penen sońǵı ret xoshlastı.

Birinshi ózbek generalı Raximovtıń kúli salınǵan ıdıs Ózbekstan Joqarı Sovetiniń zalına qoyıldı. Eki kún ishinde generaldıń kúli salınǵan ıdıs janında on mıńlaǵan miynetkeshler boldı.

Aza mitingide Ózbekstan Xalıq Komissarları Sovetiniń baslıǵı Abduraxmanov, Orta Aziya áskeriy okrugi armiya komandiri general-mayor Lipatov hám respublikanıń xızmet kórsetken oqıtıwshısı Xasan ata Islamovlar sózge shıqtı.

Ózbekstan KP(b) Oraylıq Komitetiniń sekretarı joldas U. Yusupovtıń sózinen keyin general Raximovtıń kúli salınǵan ıdıs tórt qırlı pútin mramor tas ishine qoyıldı.

Ózbekstan miynetkeshleri ózleri-niń sadıq perzentiniń esteligin máńgi saqlaydı. Birinshi ózbek generalı Sabır Raximovqa Tashkentte músin qoyıladı. («Qizil askar haqiqati» gazetası, 1945-jıl 30-may, 35-san).

**BILESIZ BE?**

«Jeńis baǵın»da ózbekstanlı jawıngerlerdiń óshpes esteligine baǵıshlap, «Mangu jasorat» monumenti qurıldı. Onıń orayında qaharman urıs jılları tek Ózbekstan emes, al Orta Aziya xalıqlarınan shıqqan general Sabır Raximov.



«G'alaba bog'i»daǵı «Mangu jasorat» monumenti



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÓZBEKSTAN ILIMI HÁM MÁDENIYATÍ JEŃIS USHÍN XÍZMETTE

## BÚGIN SABAQTA

- Ózbekstan ilimi, ádebiyatı hám kórkem óner wákilleri fashizmge qarsı gúreske qosqan úlesleri.
- Ekinshi jáhán urısı jılları diniy qatnaslar.

## PIKIRLESIW USHÍN

1. Ekinshi jáhán urısı jılları evakuaciya etilgen rus, belorus, ukrain hám basqa xalıqlardıń ádebiyat wákilleriniń dóretiwshiligi qanday boldı?
2. Ekinshi jáhán urısı jılları qaysı ulama tuwılǵanınıń 500 jıllıǵı belgilendi?


Abdulla Qahhar


Hamid Alımjan


Ǵafur Ǵulam


Mirtemir

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Urıstıń dáslepki kúnlerinde-aq Ózbekstan jazıwshıları, bastakarları, rejissyor hám xudojnikleri óz shıǵarmaları menen xalıqtıń jeńiske isenimin bekkemlewge xızmet etti.

Aybektiń «Jawǵa ólim!» hám Xamid Alımjannıń «Qolıńa qural al» qosıqları adamdı Watanın qorǵawına shaqırıwshı shaqırıq bolıp jańladı.

Ǵafur Ǵulam, Maqsud Shayxzada, Abdulla Qahhar, Mirtemir, Amin Umariy, Aydın, Zulfiya, Mirmuhsin, Hamid Ǵulam, Turab Tulanıń jawıngerlik ruwxındaǵı shıǵarmaları da baspasóz betlerinde úzliksiz járiyalanıp barıldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Front aldı aymaqlarınan evakuaciya etilgen Aleksey Tolstoy, Korney Chukovskiy, Anna Axmatova, Yanka Kupala, Yakub Kolas, Svetlana Somova sıyaqlı rus, ukrain, belorus jazıwshı hám shayırları menen ádebiy birge islesiw jumısları alıp barıldı.

Atap aytqanda, «Biz jeńemiz» almanaxı hám «Ózbekstan shayırları – frontqa» antologiyası basıp shıǵarıldı.

1944-jılı ózbek romanshılıǵınıń jetik wákillerinen biri bolǵan akademik shayır Aybektiń «Nawayı» romanı basıp shıǵarıldı.

Aybek «Front boylap» prozalıq sawashnamasın jazdı, Ózbekstan xalıq xudojnigi Oral Tansıqbaev, «Urıs jollarında» atlı toplam dóretpelerin dóretti.



Korney Chukovskiy



Yanka Kupala

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Frontta shólkemlestirilgen ózbek tilindegi gazetalarda Jalalxan Azizxanov, Mirzakalan Ismailiy, Adham Rahmat, Nazarmat, Meli Jura, Ibrahim Rahim sıyaqlı bir qatar jazıwshı hám shayırlar jumıs alıp bardı.

Shuhrat, Sharaf Rashidov, Vali Ǵafurov sıyaqlı ádebiyat wákilleri sawashlarda dushpanǵa qarsı gúresti.

Abidjan Abdurahmanov, Sultan Jura, Burxan Tursunov sıyaqlı kóplegen jazıwshı hám shayırlar sawash maydanlarınan qaytpadı.

30-jılları repressiya etilgen belgili ózbek shayırı Usman Nasır 1944-jılı Kemerovodaǵı lagerde qaytıs boldı.



Usman Nasır

Urıs Alisher Nawayınıń tuwılǵanlıǵınıń 500 jıllıǵı belgilenetuǵın jılı baslandı. Soǵan qaramay, 1941-jıl dekabrinde qorshawda qalǵan Leningrad qalasında jaylasqan Ermitaj muzeyinde ilimiy jıynalıs ótkerildi.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

QR kodta berilgen Ǵafur Ǵulamnıń «Sen jetim emesseń» qosıǵın dıqqat penen tıńlań. Onda kóterilgen ideya menen ótilgen temalardaǵı maǵlıwmatlardı ulıwmalastırıp kórgizbe tayarlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**BILESIZ BE?**

Muxtar Ashrafiy 1942-jılı dóretken hám fashizmge qarsı gúreske arnalǵan «Qaharmanlıq simfoniyası» ushın mámleket sıylıǵına miyasar boldı. Kompozitor sıylıq pulın samolyot hám tank kolonnaların qurıw fondına tapsırdı.





«Qaharmanlıq simfoniyası» 1945-jıl sentyabrinde AQSHda atqarıldı hám bir jıl ishinde Amerika radiojetkerip beriw kompaniyası shıǵarma jazılǵan plastinkanı massalıq nusqada shıǵardı.



**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Urıs jılları Ózbekstan kórkem óneri sheberleri 30 dan artıq koncert brigadaları quramında fronttaǵı jawıngerlerge 35 mıńnan artıq hám Orta Aziya Áskeriy okrugi gospitalları, áskeriy bólimlerine 20 mıń koncert qoyıp berdi.

Front brigadaları quramında Tamara-xanım, Xalima Nasirova, Sara Eshanturaeva, Mukarrama Turǵunbaeva, Muhiddin Qari-Yoqubov, Abrar Hidayatov, Alım Xojaev, Gawhar Raximova, Karim Zakirov sıyaqlı kórkem óner iyeleri bar edi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



1941-jıl noyabrge shekem Ózbekstanǵa Ukraina, Belorus hám Rossiyadan 22 ilim izertlew institutı, 16 joqarı oqıw ornı, 2 kitapxana evakuaciya etildi.

## MAǴLÍWMAT USHÍN

1943-jıl 4-noyabrde Ózbekstan SSR Ilimler akademiyası shólkemlestirildi. Oǵan belgili ózbek matematik alımı Tashmuxammed Qarı-Niyaziy (1897–1970) birinshi prezidenti etip saylandı. Akademiyanıń qánigeleri tárepinen Farxad GESI jobası islep shıǵıldı. 1945-jılǵa kelip, Ilimler akademiyası iri ilimiy orayǵa aylandı, onıń quramına 20 ilim izertlew institutı, 2 laboratoriya hám 1 tájiriybe stanciyası bar edi.



Tashmuxammed Qarı-Niyaziy



Ózbekstan SSR Ilimler akademiyası imaratı



Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Ekinshi jáhán urısı jılları Germaniya hám onıń awqamlaslarına qarsı «Antifashist mámleketler awqamın» dúziw waqtında Batıs mámleketleri Sovet húkimeti aldına bir qatar demokratiyalıq talaplardı qoydı. Sol talaplar orınlanǵan jaǵdayda Sovet húkimeti menen áskeriy siyasiy awqam dúziwge ırazı bolıwın bildirdi. Olardan biri dinshillerge hám dinge qarsı siyasattı túpten ózgerttiriw talabı edi.

Batıs mámleketleri talabı hám xalıqtı urısqa jiberiw zárúrligi húkimetti din hám diniy shólkemlerge baylanıslı siyasattı waqtınsha bolsa da ózgerttiriwge májbúr etti. Mámlekette kommunistler ideologiyası ornatılǵan bolıwına qaramay, xalıqtıń tiykarǵı bólimin dinshiller quraǵan. Diniy siyasattı ózgerttirmey turıp, olardı Germaniyaǵa qarsı gúreske tartıw qıyın edi. Usı faktorlar sebepli kommunistler húkimeti ushın diniy másele áhmiyetli boldı hám diniy siyasat waqtınsha ózgertildi.

Din hám diniy shólkemlerge baylanıslı siyasattıń waqtınsha ózgerttirilgenligi tómendegilerde kórindi:

1. Dinshillerdi quwdalaw hám dinge qarsı úgit-násiyat waqtınsha toqtatıldı. Ayırım ruwxanıyler qamaqtan azat etildi. Dinge qarsı jedel úgit-násiyat júrgizip atırǵan «Jawınger qudaysızlar awqamı» toqtatıldı hám «Bezbojnik» («Qudaysız») jurnalı jabıldı;

2. Mámleket qadaǵalawı astında diniy shólkemler qayta shólkemlestirildi hám olardıń jumısı keńeyttirildi.

1943-jılı Ishki isler ministrligi janında Rus pravoslav shirkewi isleri wákilligi, 1944-jılı barlıq dinler ushın juwapker «Din isleri boyınsha wákillik» shólkemlestirildi. Pútkil Rossiya boylap shirkew hám ibadatxanalar Sinod (pravoslav shirkewiniń basqarıw organı»)qa qaytarıldı.



Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### MAǴLÍWMAT USHÍN

1943-jılı 20-oktyabrde Tashkent qalasında musılman wákilleri qurıltayı bolıp ótti. Onda Orta Aziya hám Qazaqstan musılmanları diniy basqarmasınıń shólkemlestiriliwi tiykarǵı másele etip qoyıldı. Kommisiya shólkemlestiriw komitetin dúzip, Eshan Babaxan basshılıǵında «Orta Aziya hám Qazaqstan musılmanları diniy basqarması» shólkemlestiriliwi haqqında qarar qabıl etti. Eshan Babaxan 1943-jılı Orta Aziya hám Qazaqstan musılmanları diniy basqarmasınıń muftisi etip saylandı.

Urıstaǵı jaǵday ózgerip sovetler hákimiyatınıń saqlanıp qalıwı anıq bolıp qalǵannan keyin, húkimet jáne dinge baylanıslı siyasatın ózgerttirdi. 1944-jıl sentyabrde kommunistler partiyası oraylıq komiteti jáne dinge qarsı eski quwdalawların basladı.



Eshan Babaxan

### BILESIZ BE?

1944-jılı Eshan Babaxan ibn Abdulmajidxan basshılıǵında wákiller birinshi ret Saudiya Arabiyasına hajı saparına jol aldı. Sapar dawamında olar Iran, Irak, Livan hám Mısrda da bolıp, birinshi ret shet eldegi dinshiler menen baylanısta bolıw, jeke baylanıslar ornatıw múmkinshiligine iye boldı. 1945- hám 1946-jılları da jáne basqa toparlar hajı saparların ámelge asırdı. Sonıń menen jáne belgili bir múddetke shekem sovet musılmanlarınıń hajı saparına barıwları toqtap qaldı.

### SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Ózbekstan Ilimler akademiyasınıń shólkemlestiriliwi haqqında aytıp beriń.
2. Ózbekstanǵa Batıstan qanday ilimiy orınlar kóshirip alıp kelindi?
3. Joqarı bilimlendiriw tarawında awhal qanday edi?
4. Urıs jılları dóretiwshilik penen shuǵıllanǵan jazıwshı hám shayılardan kimlerdi bilesiz? Sol jılları qanday shıǵarmalar dóretildi?
5. Úyge tapsırma. Tómendegi kesteni toltırıń.

| Ózbek jazıwshıları | Kóship kelgen jazıwshılar | Ózbek alımları | Kóship kelgen alımlar |
|---|---|---|---|
| | | | |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÓZBEKSTAN XALÍQ XOJALÍǴÍNÍŃ URÍSTAN KEYINGI JÍLLARDAǴÍ RAWAJLANÍWÍ

**BÚGIN SABAQTA**

- Ózbekstan xalıq xojalıǵınıń tınısh rawajlanıw jolına ótiwi.
- Urıstan keyingi repressiya siyasatı.

**PIKIRLESIW USHÍN**

1. Kolxozlastırıw siyasatınan gózlengen maqset ne edi?
2. 1933–39-jıllardaǵı repressiya siyasatında tiykarınan kimler quwdalanǵan edi?



**MAǴLÍWMAT USHÍN**

Ekinshi jáhán urısı jılları xalqınıń 10% ke jaqının joǵaltqan (qaytıs bolǵan yamasa dereksiz ketken), ekonomikasınıń 60% ti urıs qárejetlerine baǵdarlaǵan respublika ózine keliwge úlgermey turıp, endi paxta «front»ıda pidáyılıq kórsetiwge tuwrı kelgen.

Moskvanıń paxtashılıqtı rawajlandırıw boyınsha Ózbekstan aldına oǵada úlken reje qoyıwı nátiyjesinde 1949–1950-jılları reje tapsırmaları orınlanbadı.

Tórtinshi bes jıllıqta (1948–1952-jj) paxtashılıqqa ajıratılǵan maydan 148 mıń gektarǵa kóbeydi, respublikanıń tábiyiy hám insanıy imkanların rehimsiz isletiw esabınan paxtanıń jalpı ónimi sol dáwirde keskin kóterildi. Paxta egiletuǵın maydanlar kolxozshılardıń jeke jer múlkleri hám úy xojalıqları esabınan keskin keńeyttirildi.

1950-jılı sovet siyasiy basshılıǵı tárepinen kolxozlardı úlkeytiw hám olardı qánigeler menen támiyinlew siyasatı baslandı. Bul siyasat tek ǵana ekonomikanı emes, al siyasiy-ideologiyalıq maqsetlerdi de gózlegen edi. Bar



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mayda kolxozlar ornına jáne de iri kolxozlar dúzildi. Sovet húkimeti orınlardağı partiya basqarmaları arqalı kolxozlar xızmeti ústinen qatań qadağalaw ornattı. Bul Ózbekstanda kolxoz qurılısı procesiniń siyasiylastırılğanlığınan derek beredi.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. 1949 hám 1950-jılları Moskvanıń paxtashılıqtı rawajlandırıw boyınsha Ózbekstan aldına qoyğan rejesi nege orınlanbadı? Sebeplerin kórsetiń.
2. Sovet húkimeti orınlardağı partiya basqarmaları arqalı kolxozlar xızmeti ústinen qatań qadağalaw ornatıwınan maqseti ne edi?

## MAĞLÍWMAT USHÍN

Urıstan keyingi jılları Ózbekstanda shiyki zat jetistiriw tarawı tez pát penen rawajlandırıldı. Neft, kómir qazıp alıw, elektr energiyası, mineral tóginler, polat islep shığarıwdı tez pátlerde arttırıp barıw ekonomikanıń shiyki zatqa bağdarlanğanlığın jáne de bekkemledi.

Bul dáwirde sovet dúziminiń repressiya siyasatı dawam etip, bul process ilim hám mádeniyat wákillerine qarsı ótkerilgen kompaniyalarda óz kórinisin taptı. Oraydıń kórsetpesi boyınsha, respublika siyasiy basshısı ilim-pán, ádebiyat hám kórkem ónerdiń ayırım wákillerin «feodal ótmishti ideallastırıwda hám ondağı ayırım ğayratkerlerdiń ózbek xalqı tariyxındağı roline «marksistlik emes» qatnas jasawı arqalı baha bergenligi ushın ayıplağan edi.

Ózbekstan SSR kommunistlik partiyası oraylıq komitetiniń 1952-jıl fevraldağı X plenum qararlarında bir qatar ózbek alımları hám mádeniyat ğayratkerleriniń dóretpeleri qattı sınğa alındı, xalıq awızeki dóretpesi shığarmalarına júdá unamsız baha berildi. «Alpamıs» xalıq dástanın bolsa ulıwma nadanlıqta ayıpladı. Biraz keyinirek «feodal ótmishti ideallastırğanı» ushın Aybek, Maqsud Shayxzada, Shukrulla, Hamid Sulaymanov hám basqalar repressiya etildi.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Jáhán tariyxınan alǵan bilimlerińizge súyenip tómendegi sorawlarǵa juwap beriń.

1. Ne ushın respublikalarda nan hám azıq-awqattıń bahası kóterilip ketti?
2. Sol jılları awıl xojalıq tarawında qanday siyasat alıp barılǵan?
3. Shukrullanıń «Kafansiz ko'milganlar» shıǵarmasında 50-jıllar repressiya siyasatı sáwlelendirilgen.

1960-jıllar basında qalalarda, hátteki nan da jetispeytuǵın edi. 1962-jıl 1-iyunnan húkimet waqtınsha gósh hám maydıń bahasın kóteriwge májbúr boldı. Bul adamlar, dáslep, jumısshılar arasında narazılıqtı keltirip shıǵardı. 1963-jıldan baslap húkimet sırttan biyday satıp ala basladı.







## MAǴLÍWMAT USHÍN

Bul dáwirde Ózbekstanda hár túrli sanaat kárxanaları qurılǵan. Mırzashól, Surxan-Sherabad hám Qarshı shóliniń ózlestiriliwi nátiyjesinde egin maydanları keńeyttirilgen.

Sovet Awqamı basqarıwına kim keliwine qaramastan, ondaǵı jámiyetlik-siyasiy, ekonomikalıq turmıs tiykarları keyingi jılları ózgergen emes. 1970-jılları «SSSRda rawajlanǵan socialistlik jámiyet» qurılǵanı járiyalansa da, ámelde sovet hákimiyatı qol astında jasap atırǵan xalıqlardıń turmıs dárejesi dúnyanıń aldıńǵı mámleketlerinen birqansha artta qaldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1970–1980-jıllardıń ortalarındaǵı dáwir Ózbekstan diyqanshılıǵı ushın oǵada awır keldi. Paxta maydanlarınıń keńeyip barıwı Ózbekstan ekologiyasınıń buzılıwına sebep boldı.

XX ásirdiń 60-jıllarınan suwǵarılatuǵın egin maydanlarınıń keńeyttiriliwi nátiyjesinde teńizge Ámiwdárya hám Sırdáryadan quyılatuǵın suw muǵdarı jıldan-jılǵa kemeyip bardı. Aqıbetinde Aral teńizinde suw qáddi tez pát penen páseyip, ol qurıp basladı. Teńiz suwınıń shorlanıwı kúsheyip, balıq hám basqa suw janıwarları keskin azayıp ketti. Aral teńiziniń qurıp barıwı Oraylıq Aziya poyası hám de qońsılas mámleketlerdiń ekologiyasına misli kórilmegen dárejede unamsız tásir kórsetti.



Mırzashóldiń ózlestiriliwi



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. «Ózbekstan ekonomikasınıń bir tárepleme rawajlandırılıwı» degende neni túsindińiz?
2. Sanaat kárxanaları qanday maqsetlerde qayta úskenelendi?
3. Ónermentshiliktiń rawajlanıwına neler tosıq boldı? Sizińshe, jeke tártiptegi ónermentshiliktiń qadaǵan etiliwine ne sebep bolǵan bolıwı múmkin?

## BILESIZ BE?

1959-jıl 15-martta Ózbekstan Kompartiyası Oraylıq Komitetiniń birinshi sekretarı lawazımına Sharaf Rashidov (1917–1983) saylandı. Ol bul lawazımda ómiriniń aqırına shekem nátiyjeli xızmet kórsetti.

Sharaf Rashidov ataqlı mámleket, siyasat hám jámiyetlik ǵayratkeri hám de belgili jazıwshı bolǵan. 1917-jıl 7-noyabrde Jizzaxda tuwılǵan. Ol 1950–1959-jılları Ózbekstan SSR Joqarı Soveti Prezidiumınıń baslıǵı lawazımında talantlı shólkemlestiriwshi hám sheber basshı sıpatında jaqsı tásir qaldırdı. Sh.Rashidov basshılıǵında Ózbekstan ekonomikası hám mádeniyatın rawajlandırıwda anıq tabıslar qolǵa kirgizildi. Paxtashılıqtı rawajlandırıw, tıń jerlerdi ózlestiriw, 1966-jıldaǵı jer silkiniwden keyin Tashkentti qayta tiklew isine ol kóp kúsh-quwat hám ǵayratın sarpladı. Tashkent metropoliteni qurılısı onıń baslaması menen baslanǵan. Metropolitenniń birinshi náwbeti (9 bándirgi) 1977-jıl noyabrde iske túsirildi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



1977-jıl 7-oktyabrde qabıl etilgen SSSRdıń jańa Konstituciyası milliy respublikalar huqıqın rásmiy shekledi hám Orayǵa keń wákillikler alıp berdi. 1978-jılı ÓzSSR hám óz konstituciyasın qabıl etti. Konstituciyada belgilengen qaǵıydalar tek qaǵazda bolıp, ámelde sol dáwirdegi húkimdar partiyanıń ideyaları quwatlandı, barlıq shólkemlerde tiykarǵı basshılıq lawazımlarında kommunistler partiyası qolında edi.

Ózbekstanda da tap pútkil Awqamda bolǵanı sıyaqlı respublika Joqarı Soveti heshqanday máseleni partiya komitetlerinen ruqsat almastan sheshe almaǵan.

Komsomol hám basqa shólkemler partiya basqarmalarınıń kórsetpelerin orınlawǵa májbúr bolǵan. Buyrıqlardı orınlamaǵan basshılar óz lawazımlarınan azat etilgen. Sovet hákimiyatı dáwirinde partiya nomenklaturası (partiya organları menen kelisip tayınlanatuǵın lawazımlar) dep atalǵan tártip-qaǵıyda bolǵan.

Bul qaǵıydaǵa muwapıq, juwapkerli lawazımlarǵa tek partiya aǵzaları, yaǵnıy kommunistler saylanǵan. Sonıń menen birge, hár túrli dárejedegi Sovetler, komsomol hám de jámáátlik shólkemleri basshıları kommunistlik partiya basshılıǵı (Oraylıq Komitet, wálayat, qala hám rayon partiya komitetleri) quramına kirgizilgen. Solay etip, partiya organları bul shólkemler menen qosılıp, olardı ózine boysındırıp alǵan.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Ekologiyalıq mashqalalardıń kelip shıǵıwı haqqında kórgizbe tayarlań. Kórgizbede tómendegilerge itibar qaratıń:

- paxta maydanlarınıń keńeyiwi hám onıń aqıbeti.
- ekologiyanıń buzılıwına tásir etken faktorlar.
- Aral mashqalasınıń kelip shıǵıwına Ózbekstan basshılıǵınıń qatnası.
- BMSHnıń 72-sessiyasında Aral menen baylanıslı mashqalanıń kóteriliwi hám xalıqaralıq shólkemlerdiń qatnası.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAĆLÍWMAT USHÍN

XX ásirdiń 60–80-jılları Ózbekstanda jergilikli xalıqtan tısqarı hár túrli aymaqlardan kóship kelgen ruslar, tatarlar, ukrainler, koreecler hám basqa xalıqlar – ulıwma esapta 127 millet hám elatlar jasaǵan. 1970–1980-jılları respublikada ruslastırıw siyasatı jáne de kúsheydi. Bul siyasat ózbek ádebiy tiliniń rawajlanıw procesine unamsız tásir kórsetti. Biraq sol dáwirde bul «birden-bir sovet xalqı qáliplesiwindegi nızamlı process» sıpatında qabıl etildi.

Ózbekstanda zamanagóy kán-metallurgiya sanaatına tiykar salınıwı onıń industrial kórinisin ózgerttirip jiberdi. Kóplegen jańa qalalar hám posyolkalar (qalashalar) qurıldı. Ásirese, awqamǵa boysınıwshı hám «jabıq qalalar» dep atalıwshı Nawayı, Zarafshan hám Úshqudıq sıyaqlı qalalarǵa basqa aymaqlardan jumısshı kúshi tez alıp kelindi. Jabıq qalalar jergilikli hákimiyatqa boysınbaǵan. Bul jerlerde sırlı (jasırın) kárxanalar jaylasqan bolıp, olar tek Orayǵa esap beretuǵın edi.



1956-jılı Buxara wálayatında Gazli neft-gaz káni tabıldı. Jáhándegi eń iri gaz kánlerinen biri esaplanǵan bul kánniń ulıwma qorı 500 mlrd kubometr gaz bolǵan.

XX ásir 50–60-jılları Qızılqum shóli oraylıq rayonlarınıń sanaat tárepinen ózlestiriliwi altın hám uran qazıp alıw sanaatınıń payda bolıwına alıp keldi.

1958-jıl 3-sentyabrde Nawayı kán-metallurgiya kombi-natına fundament qoyılıwı menen Nawayı qalasına tiykar salındı.

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Kán-metallurgiya sanaatına mámleket sırtınan kardlar hám jumısshı kúshin qatnastırıwdan gózlengen maqset ne edi?
2. Ne ushın Nawayı, Zarafshan hám Úshqudıq sıyaqlı qalalar «jabıq qalalar» dep atalǵan?
3. Sovet jámiyeti siyasiy sistemasına qaysı shólkemler kirgen? Olardıń jumısındaǵı qanday máselelerde tosıqlar bolǵan?
4. 1978-jılı Konstituciyanıń Ózbekstan jámiyetlik-siyasiy turmısına tásiri qanday boldı?
5. Jámáát shólkemleri huqıqlarınıń shekleniwi qanday aqıbetlerge alıp keldi?
6. Oylap kórip, juwmaq shıǵarıń hám múnásibet bildiriń:

Ózbekstannıń jer astı baylıqlarınan qımbat bahalı resursların sorıp alǵan awqam kárxanaları alınǵan paydanıń tek 1% tin jergilikli byudjetke ótkergen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 1980–1990-JÍLLARÍ ÓZBEKSTAN

## BÚGIN SABAQTA

- Paxta jeke hákimshiligi hám jámiyetlik mashqalalardıń kúsheyip barıwı.
- «Paxta isi» hám onıń respublikadağı jámiyetlik jağdayğa tásiri.

## PIKIRLESIW USHÍN

Jáhán tariyxınan alğan bilimlerińiz tiykarında tómendegi sorawlarğa juwap beriń:

1. 1980-jıllarğa kelip SSSR mámlekettiniń ekonomikalıq rawajlanıwında qanday mashqalalar payda boldı? Bul mashqalalardıń Ózbekstanğa tásiri boldı ma? Ne ushın?
2. Ekonomikalıq mashqalalar qanday siyasiy mashqalalarğa sebep boldı?

## MAĞLÍWMAT USHÍN

1980-jıllarğa kelip sovet imperiyası qurmaqshı bolğan «socialistlik» dúzimniń tómenligi kórinip qaldı. Biraq birden-bir siyasiy húkimdarlıq hám awırlasıp baratırğan awhal ushın juwapker kúsh – kommunistler bul haqıyqattı tán alıwı múmkin emes edi. Sol sebepli burınğı Sovet Awqamı basshısı Yuriy Andropov bolğan barlıq mashqalalar hám joğaltıwlarda «ayıpkerlerdi» tabıw hám olardı «sovet xalqı»na kórsetiwge bel bayladı. Bunday «ayıpkerler» tez Moskva, Krasnodar wálayatı hám Ózbekstan SSR da «tabıldı». Yağnıy bir qatar shaxslarğa lawazımdı ózimshillik penen talan-taraj etiw, mámleket múlkin ózlestiriw, úlken muğdarda para alıw ayıpları qoyıldı.





## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Sovet hákimiyatınıń, dáslep, social-ekonomikalıq hám keyin siyasiy tiykarına «awğan urısı»nıń tásiri bolğan ba? Ne ushın? Pikirıńizdi tiykarlań.



Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**BILESIZ BE?**

«Internacionallıq járdem» kórsetiw bánesi menen tınısh Awǵanstanǵa bastırıp kiriw júdá qımbatqa tústi: ol jerde bárqulla saqlanǵan júz mıń áskerdi azıq-awqat, kiyim-kenshek, qural-jaraq hám basqa zárúrlikler menen támiyinlew ushın on jılda 100 000 000 000 rublden artıq qárejet sarplanǵan edi. Eń qayǵılısı, bul ǵayrı insanıy urısta 14 500 adamnan artıq sovet áskeri, atap aytqanda, 1515 ózbekstanlı qaytıs boldı, 100 000 nan artıq adam awır jaraqatlandı yamasa úyine mayıp bolıp qayttı.

**MAĞLÍWMAT USHÍN**

1984-jılı 23-iyunda Ózbekstan Kompartiyası Oraylıq Komitetiniń XVI plenumı qararları menen Oray tárepinen Ózbekstanda «paxta isi» dep atalǵan siyasiy repressiyalar baslandı.

SSSR Bas prokurorı janında ayrıqsha zárúr isler boyınsha arnawlı tergewshiler toparı dúzilip, olardıń dáslepkisi 1983-jıl baslarında Ózbekstanǵa jiberilgen edi. Mine, sonday arnawlı tergew toparlarınıń tiykarǵılarınan biri T. Gdlyan hám N. Ivanov basshılıǵında 1983-jıl aprelde dúzilgen edi. Olar keyin Oraydan respublikaǵa kelgen «desantshılar»ǵa súyenip, Ózbekstanda náwbettegi repressiyanı ámelge asırdı.



1985–1990-jılları Ózbekstanda «paxta isi» degen jala boyınsha jámi 40 000 tergew etildi, olardıń kópshiligi tergew izolyatorlarında prokuror sankciyasısız otırdı, 5000 adam bolsa jalǵan ayıplar menen jınayıy juwapkerlikke tartıldı. Tergew procesinde insan huqıqları ayaq astı etilip, tutqınlarǵa fizikalıq hám ruwxıy qısım ótkerildi. Olardıń shańaraq aǵzaları hám aǵayin-tuwısqanları da qamaqqa alındı. Kadrlardı almastırıw siyasatı ayanıshlı tús aldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. 1980-jıllardağı repressiya siyasatı onnan aldıngı dáwirde bolğan repressiyalardan nesi menen parıq etedi?
2. QR kodta berilgen tekstti 145-betinen 165-betine shekem oqıń hám sol dáwirdegi proceslerge múnásibetińizdi bildiriń.

## BILESIZ BE?

Moskvanıń tiykargı maqsetin jaqsı ańlağan Sh. Rashidov náwbettegi «siyasiy tazalawlar» tığını qolınan kelgenshe tómenletiwge urıngan bolsa da, onı pútkilley joq etiwge kúshi jetpegeni tábiyiy. Onıń ústine, oğan hám ózbek milletine ótkerile baslanğan hár tárepleme awır hám úzliksiz qısım óz isin etti – 1983-jıl 31-oktyabrde ol júrek infarktinen qaytıs boldı.

## MAĞLÍWMAT USHÍN

Sovet rejiminiń «paxta isi» aqıbetinde Ózbekstanda mıńlap adamlar nahaq túrde jazalandı. Xalıq xojalığı tarawlarında qosıp jazıw, paraxorlıq hám korrupciyağa baylanıslı jınayatlar SSSRdıń derlik barlıq aymaqlarında júz bergen bolsa da «tájiriybe maydanı» sıpatında Ózbekstan tańlandı hám de jınayıy iske baylanıslı adamlardan basqa kóplegen adamlar ayıpsız jazağa tartıldı. Kommunistlik ideologiyanıń repressiya siyasatı bunıń menen sheklenbesten paxta isin ózbekler isine aylandırıwğa urındı.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## BILESIZ BE?

1970–1980-jıllar dawamında mámleket byudjetinen qarjı ajıratıw 11% ten 8% ke qısqardı, oqıw imaratlarınıń jetispewshiligi anıq sezilip qaldı.

1987-jılı respublika ulıwma bilim beriw mekteplerinıń 5 596 sı (72,1%)da oqıw eki smenada shólkemlestirilgen bolsa, 1989-jılı Tashkent qalasında 30, Qaraqalpaqstan Respublikasında 25 mektep hátteki úsh smenada da islewge tuwrı kelgen bolsa, respublika kóleminde jámi 150 mıń oqıwshı úsh smenada oqıwǵa májbúr boldı.

Sovet mámleketi hám húkimdar partiya ruslastırıw siyasatın ulıwma bilim beriw mektepleri arqalı da dawam ettirip, rus mádeniyatı, tariyxı hám ádebiyatın mekteplerde jáne de tereńirek oqıtıwǵa itibarın qarattı. Mısalı, ózbek tilinde bilim alatuǵın mekteplerdiń hárbir klasına rus tili hám ádebiyatın úyretiw ushın 3 390 saat ajıratılǵan halda rus tilinde oqıtılatuǵın mektepler ushın ózbek tili hám ádebiyatın úyreniwge 560 saat yaki 6 ese az saat berildi.





Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Ruslastırıw siyasatı menen bir waqıtta jaslarǵa ateistlik tárbiya beriwde kúsheyttirildi. Islam dinin «ol buzǵınshı ideyalardan ibarat», dep dálillewge háreket etti. Barlıq joqarı pedagogika oqıw orınları hám bilim jurtlarında hár túrli ateistlik dógerekler, klublar shólkemlestirildi.

1980-jıllarǵa kelip, «Sovet awqamı» dep atalǵan úlken imperiyanıń qulawı anıq bolıp qalǵan soń, húkimet jáne dinshillerge hújim basladı. Bul saparı gúrestiń tıǵı tiykarınan mámleket basqarmaları hám mákemelerinde juwaplı lawazımlarda islep atırǵan partiya aǵzalarına qaratıldı. Olar ata-anası yamasa qanday da bir jaqın aǵayini qaytıs bolsa, namazǵa barǵanı ushın qısımǵa alındı. KPSS XXVII syezdiniń «Ateistlik tárbiya hám onı jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı qararı orınlanıwı boyınsha «Jaslar hám ateistlik tárbiya», «Lenin principleri ateistlik tárbiyada», «Din afyun», «Ilimiy kommunizm kommunistlik tárbiyanıń ajıralmas bólimi» sıyaqlı bayanat hám dógerek sáwbetlesiwleri shólkemlestirildi.

«Din afyun» degen ideya jáne qayta tiklendi. Diniy kitaplar, sonıń ishinde, arab imlasında jazılǵan barlıq túrdegi kitaplar «reakciyalıq» dep járiyalandı. Úyinen arab jazıwındaǵı kitap shıqqan hám de namaz oqıp, oraza tutqan partiya xızmetkerlerine qısım etiw dawam ettirildi.

Dinge qarsı gúres nıqabında xalqımızdıń áyyemgi úrp-ádetleri, qádiriyatları joq etildi. Mıń jıllar dawamında belgilenip kiyatırǵan Nawrız diniy bayram sıpatında pútkilley qadaǵalandı.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Mámlekettıń siyasiy turmısında 1982–1985-jılları júz bergen ózgerisler Ózbekstandı da shetlep ótpedi.

KPSS OK Aprel (1985-j) plenumı sovet jámiyeti turmısınıń barlıq tarawların tereń reformalaw jolın daǵazaladı. Qayta qurıwdıń tiykarǵı quramlıq bólimleri dep jámiyetlik turmıstı demokratiyalastırıw hám túp tiykarınan ekonomikalıq reforma ótkeriw belgilendi.

Qayta qurıwdıń birinshi basqıshı (1985–1986-jıllar) administrativlik shólkemlestiriwshilik ilajlardı dástúrlik usıllarda alıp barılıwı menen túsindiriledi. Bul basqıshta ilimiy-texnika rawajlanıwı jetiskenliklerin óndiriske qatnastırıw tiykarında jámiyette túp tiykarınan ekonomikalıq rawajlanıwdı jedellestiriw hám onıń negizinde insan faktorın jedellestiriw gózlengen edi.

Qayta qurıwdıń ekinshi basqıshı (1987–1989-jıllar) jámiyettiń barlıq tarawların kompleksli tárizde reformalawdı kún tartibine qoydı. Atap aytqanda, 1987-jıl yanvar hám 1988-jıl iyunda bul wazıypalar jáne de anıqlastırıldı hám onıń tiykarǵı maqseti sovet jámiyetin tolıq demokratiyalastırıwdan ibarat ekenligi aytıldı.

Qayta qurıw áshkaralıq, demokratiyalıq hám pikirler hár qıylılıǵınıń belgili mániste kúsheyiwine imkaniyat jarattı. Biraq mámlekette túp tiykarınan demokratiyalıq ózgerislerdi ámelge asırıw, baslanǵan reformalardı aqırına jetkeriw múmkin bolmadı.



## BILESIZ BE?

Mámlekette bolǵan qayta qurıw jámiyettiń jámiyetlik hám siyasiy dúzilisinde birqatar ózgerislerdi keltirip shıǵardı. KPSStıń sovet jámiyetindegi basshılıq hám jetekshilik dárejesine zıyan tiydi, saylaw sistemasın ózgertiw haqqında nızam qabıl etildi.

Qayta qurıw nátiyjesinde siyasiy jaqtan jalǵan sózge aylanıp, túp tiykarınan demokratiyalıq ózgerislerdi ámelge asırıw hám baslanǵan reformalardı aqırına jetkeriw imkaniyatın bermey jeńiliske ushıradı. M.S. Gorbachyov ideyası tiykarında qayta qurıwdı ámelge asırıw múmkin emes edi. Sebebi socializm sheńberindegi múlklik qatnaslar, jámiyetlik tarawdaǵı siyasat, milliy hám diniy siyasat, bir partiyalıq basshılıq hám zalım basqarıw usılı heshqashan demokratiya hám áshkaralıq penen kelise almaǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Oray jılawdı qoldan bermew ushın pútkil imkaniyatlardı iske salıp atırǵan bir sharayatta 1989-jıl may-iyun aylarında Quvasayda jaslar arasında bolǵan biyzarılıq alapta milletleraralıq soqlıǵısıwdı (mesxeti túrkleri menen jergilikli jaslar arasında) keltirip shıǵardı. Ol Ferǵana alabı hám Tashkent wálayatına tarqalıp, qáwipli tús aldı.

1989-jıl 7–8-iyunde Qoqan qalasında jergilikli xalıq qatnasqan tınısh demonstraciya áskeriy bólim áskerleri tárepinen oqqa tutılıwı nátiyjesinde 50 den zıyat demonstrantlar qurban boldı. Rásmiy maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, 1989-jıl 3 – 12-iyunde Ferǵana wálayatında bolǵan milletleraralıq soqlıǵısıwlar hám demonstrantlardıń áskerler tárepinen oqqa tutılıwı nátiyjesinde 103 adam qurban bolǵan, 1011 adam jaraqatlanǵan hám 757 úyge ot qoyılıp, oyran etilgen.

Ferǵana qayǵılı waqıyalarınan keyin Ózbekstannıń jańa siyasiy basshıları bul máselede principial ornın iyeledi.



## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. Tekstti oqıń. Tekst tiykarında koloniyallıq dáwirinde dinge baylanıslı bolǵan siyasatqa baha beriń.
   «1984-jılı Ózbekstan Kommunistlik partiyası oraylıq komitetiniń XVI plenumında partiya aǵzaları óz jaqınlarınıń jerlew máresiminde, namazına da qatnasıwı «siyasiy jaqtan zıyanlı, sociallıq jaqtan qáweterli» dep bahalandı.
2. Júzege kelgen mashqalalar bilimlendiriw tarawına qanday tásir kórsetti?
3. T. Gdlyan hám N. Ivanov basshılıǵında 1983-jıl aprelde dúzilgen arnawlı tergewshiler toparınıń maqseti ne edi?
4. «Qayta qurıw» siyasatı degende neni túsinesiz?
5. Ferǵana qayǵılı waqıyalarınıń basqa aymaqlarǵa da tarqalıwına neler sebep bolǵan?
6. Ferǵana qayǵılı waqıyaları ne sebepten payda boldı, onıń aqıbetlerin bilesiz be?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# Qosımsha oqıw ushın

# SHARAF RASHIDOV



1941-jılı baslanǵan urıs kópler qatarı Sh. Rashidovtıń da turmıslıq rejelerin ózgertip jiberdi. Sol jılı noyabrde Frunze (házirgi Bishkek) piyadalar áskeriy bilim jurtın tezlestirilgen baǵdarlama tiykarında tamamlaǵannan soń kishi politruk (Sovet Armiyasında jeke quramnıń siyasiy tayarlıǵı menen shuǵıllanıwshı komandir) Sh. Rashidov Kalinin frontına jiberildi. Sh. Rashidovqa jaqın bolǵan adamlardıń aytıwına qaraǵanda, ol óziniń urıs dáwirindegi ómiri haqqında kóp aytıwdı jaqtırmaytuǵın edi.



...1966-jıl 26-aprel tańında Saat 5 ten 23 minut ótkende Tashkentte Rixter shkalası boyınsha 8 – 9 ball kúshleniwdegi jer silkiniw boldı. Jerdiń qattı silkiniwi 10 – 12 sekund dawam etti. Bul 10 kvadrat kilometr maydandaǵı imaratlardıń oyran bolıwına alıp keldi. Jer silkiniwi gorizontal emes, vertikal halda júz bergenligi ushın oyranshılıqlar hám qurbanlar salıstırmalı az edi. 8 adam qaytıs boldı, júzlep adamlar jaraqatlandı. 2 million kvadrat metrden zıyat turaq jaylar, 236 adminstativlik imaratlar, 700 ge jaqın sawda hám ulıwmalıq awqatlanıw obyektleri, 26 kommunal kárxana, 181 oqıw orınları 36 mádeniyat basqarmaları, 185 medicina hám 245 sanaat kárxanaları imaratları buzıldı. 78 mıń shańaraq yaki 300 mıń adam baspanasız qaldı. Pútkil jıl dawamında 7 ballǵa shekem bolǵan jer silkiniwleri tákikarlanıp, adamlardı bárqulla tınıshsızlandırıp turdı. Jer silkiniwdiń ertesi kúni Tashkentke KPSS Oraylıq komitetiniń birinshi sekretarı L. Brejnev hám SSSR Ministrler sovetiniń baslıǵı A. Kosigin jetip keldi. Sh. Rashidov paytaxtaǵı awhal boyınsha xabar bergennen soń, qánigeler qatnasıwında Tashkentti qayta tiklew boyınsha qarar qabıl etildi.

Sh. Ergashevtiń
«Erk istar ko'ngil» kitabınan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÓZBEKSTANDA JÁMIYETLIK-SIYASIY BELSENDILIK HÁM ǴÁREZSIZLIKKE QARAY UMTÍLÍWDÍŃ KÚSHEYIWI

## BÚGIN SABAQTA

- Ózbek tiline mámleket tili huqıqınıń beriliwi.
- Ózbekstan SSR siyasiy basshılıǵındaǵı jańa ózgerisler.
- Ǵárezsizlik Deklaraciyası hám onıń áhmiyeti.
- Ózbekstan Respublikası ǵárezsizliginiń já````riyalanıwı.

## PIKIRLESIW USHÍN

- Jáhán tariyxı menen baylanıstırıń. 1990-jıllarǵa kelip dúnyanıń siyasiy kartasında qanday ózgerisler júz berdi? Bunıń sebebi ne edi?

## MAǴLÍWMAT USHÍN

Sovet awqamı basshılıǵı, ásirese, arnawlı xızmetler milliy respublikalardı, sonıń ishinde, Ózbekstandı qol astında uslap turıw ushın bar kúshlerin iske saldı. Mısalı, Ferǵana, Qoqan, Quvasay, Gúlistan, Parkent, Bukada milletleraralıq kelispewshilikler shıǵarıw arqalı adamlar dıqqatın aljastırıw, olardı bastırıw arqalı milliy-azatlıq háreketin sóndiriwge qattı bel bayladı.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAĠLÍWMAT USHÍN

Bul júdá qáwipli hám awır dáwirde – 1989-jıl 23-iyunda Ózbekstan SSR basshılıǵına Islam Karimovtıń keliwi mámleket ǵárezsizligin tiklew procesine respublikadaǵı aldıńǵı hám erkin pikirlewshi basqarıwshılardı da uyımlastırıw imkanın tuwdırdı. Sebebi, partiya, atqarıw hám wákillik basqarmaları, áskeriylestirilgen dúzilmelerde Ózbekstandı azat kóriw, ǵárezsiz rawajlanıw jolına úzil-kesil ótiw kózqarası menen janǵan shaxslar az emes edi.

Ǵárezsizlikke qaray maqsetke muwapıq háreket óz nátiyjesin bere basladı. 1990-jıl 24-martta Ózbekstan SSR Joqarı Soveti Islam Karimovtı Ózbekstan SSRnıń prezidenti etip saylaydı.

Usı jıldıń 20-iyununda Ǵárezsizlik Deklaraciyası qabıl etildi. Usı tariyxıy hújjettiń qabıl etiliwi mámleket ǵárezsizligimizdi tiklewge qoyılǵan salmaqlı qádem boldı.

1989-jıl 21-oktyabrde respublika Joqarı Sovetiniń XI sessiyası «Ózbekstan SSR mámleket tili haqqında»ǵı Nızamdı qabıl etip, ózbek tiline mámleket tili dárejesin berdi.






Bul sıyaqlı keskin hám aldıńǵı ózgerisler basqa respublikalarda da júz bere baslaǵanı sharayatında Moskvadaǵı imperiyashı kúshler 1991-jıl 19-avgustta mámleket awdarıspaǵın uyımlastırıw arqalı SSSRdı saqlap qalıwǵa urınıp kórdi. Biraq usı is-háreket úsh kúnnen ótpey, jeńiliske ushıradı. Ózbekstanda ǵárezsizlikke qaray umtılıwlar jáne de kúsheydi.

Ózbekstan SSR Prezidentiniń 25-avgusttaǵı pármanı menen respublika ishki isler ministrligi hám mámleket qáwipsizligi komiteti Ózbekstan SSRnıń nızamlı qaramaǵına alındı, SSSR Ishki isler ministrliginiń ishki áskerleri tikkeley Ózbekstan SSR Prezidentine boysındırıldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Aqırı, ózbek xalqınıń neshe-neshe áwladı árman etken kún keldi. 1991-jıldıń 31-avgustında Ózbekstan SSR Joqarı Sovetiniń on ekinshi shaqırıq náwbetten tısqarı 6-sessiyasında Ózbekstan Respublikası Mámleketlik ǵárezsizligi haqqında Joqarı Kengashiniń bayanatı hám Ózbekstan Respublikasınıń «Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik Ǵárezsizligi tiykarları haqqında» Nızam qabıllandı.

Solay etip, 1991-jıl 31-avgustta ózbek xalqı bir ásirden artıq baǵınıwshılıq dáwirinen soń óz milliy mámleketin tiklew baxtına eristı. Dúnya siyasiy kartasında júdá áyyemgi mámleketlik dástúrlerge iye bolǵan Ózbekstan Respublikası payda boldı.

Bul siyrek ushırasatuǵın waqıya keminde 3 500 jıllıq ótmishke iye ózbek xalqı hám mámleketshiligi tariyxına altın betler bolıp jazıldı.

Ǵárezsizlik xalqımızdıń XX ásirde erisken eń joqarı jetiskenligi, ata-babalarımız tókken qutlı hám teberik qannıń jemisi bolıp esaplanadı.



## SABAQTAN JUWMAQ SHÍǴARÍP

1. 1989-jıl 23-iyunnan Ózbekstannıń Awqamdaǵı ornında qanday ózgerisler boldı?
2. Ǵárezsizlik Deklaraciyası qanday huqıqıy áhmiyetke iye hújjet bolǵan?
3. «Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik ǵárezsizligi tiykarları haqqında»ǵı Nızam qanday maqsetlerdi óz ishine aldı?
4. QR kodta berilgen deklaraciyanı oqıń. Onıń mazmunın aytıp beriń. Ǵárezsizlik Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası qabıl etilgenge shekem bul hújjet qanday dárejege iye bolǵanlıǵın dodalań. Pikirińizdi 3-sorawda berilgen nızam menen tiykarlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# Atamalar túsinigi

**Avtonomiya** – (grekshe – nızam) – qandayda bir aymaqtıń nızam menen shegaralanǵan mámleket hákimiyatın ǵárezsiz ámelge asırıw huqıqı.

**Biy sudları** – qáwim úrp-ádetlerine tayanıp jumıs isleytuǵın sud.

**Bolshevik** – (russha bolshoy, bolshe – úlken; kóp) – Rossiya social-demokratiyalıq jumısshı partiyasınıń 1903-jılı II syezdinde partiya aǵzalarınıń kópshiligi tiykarında dúzilgen toparı bolshevikler, az bolǵanı bolsa – mensheviklerge bólindi.

**«Baspashılıq»** – Túrkstanda 1918 – 1925-jılları keń xalıq massası wákilleriniń basqınshı qızıl armiyaǵa qarsı alıp barǵan quralllı háreketine imperiya húkimeti dáwirinde berilgen at.

**Byuro** (fr. diywanxana, basqarma) – Ayırım mákeme, shólkemde basshılıq jumısın alıp barıw maqsetinde saylanatuǵın yaki shólkemlestiriletuǵın kollegial organ.

**Chachvan** – attıń quyrıǵı qılınan toqılǵan, párenje astınan betke tutılatuǵın tor perde.

**Deklaraciya** – húkimettiń, qandayda bir shólkemniń áhmiyetli bir hújjettin, nızamdı, waqıyanı kópshilik itibarına jetkeriwshi bayanatı.

**Delegat** (latınsha – jibergen) – qandayda bir shólkem, jámáát tárepinen wákillik etip saylap yaki tayınlap jiberilgen wákil.

**Desyatina** – (*russha desyat – on*) – Metrlik sistema qabıl etilgenge shekem Rossiyada qollanılǵan, 1,09 gektarǵa teń jer maydanı ólshemi.

**Duma** (russha – oylaw, pikirlew) – Rossiya imperiyasınıń nızam shıǵarıwshı hákimiyatı, qala duması – qalanıń ózin-ózi basqarıw organı.

**Eserler** – S (es) – social, R (er) – revolyuciyalıq, yaǵnıy social revolyucionerler atınan alınǵan bolıp, olar sovetler ishinde diyqanlar máplerin qorǵawshı topar bolǵan.

**Evakuaciya** – (lat. – bosatıw, shetke alıp shıǵıw) adamlar, shólkem, kárxanalardı, kórkem hám basqa qádiriyatlardı urıs, tábiyiy apat qáwpinen saqlaw maqsetinde bir orınnan basqa orınǵa kóshiriw.

**Fedaraciya** (latınsha – awqam bolıp bekkemlew) – mámleketlerdiń óziniń siyasiy ǵárezsizligin belgili kólemde sheklew jolı birden-bir awqamǵa birlesiwi.

**Firqa** – (arab.—topar, partiya) – maqseti, ideyası, dúnyaǵa kózqarasınıń ortalıǵı jaǵınan birlesken adamlar toparı.

**Front** – urıs baslanıwı menen quralllı kúshler dúziletuǵın operativ-strategiyalıq birlespe, sonday-aq, áskeriy háreketler maydanında armiyalardıń aldıńǵı bólimsheleriniń jayılıwı hám dushpan menen soqlıǵısıw sızıǵı.

**Gimnaziya** – ayırım pánlerge qánigelestirilgen hám olar boyınsha tereń bilim beretuǵın oqıw ornı.

**Ispravnik** – uezd policiyası baslıǵı.

**Jádit** (*arabsha*) – «jańa» degen mánisti bildiredi.

**Jevashi** (*jeva, jiba* – qural-jaraq) – qural-jaraq (jiba-qorǵaw quralları) islewshi ónerment yaki quralxana baslıǵı.

**Kadetler** – «konstituciyalıq demokratlar» birikpesiniń bas háriplerinen alınǵan. Rossiyada 1905-jılı dúzilgen, konstituciyalıq-demokratiyalıq partiya dep atalıwshı partiyanıń aǵzaları.

**Toqımashılıq** – úyde jallanıp islenetuǵın ónermentshilik.

**Kollektivlestiriw** – mayda-mayda diyqan xojalıqlarınan ulıwmalıq túrde iri kollektiv xojalıqlar (kolxozlar)dı dúziw.

**Koncentraciyalıq lager** – (*lat.* – qandayda bir nárseniń toplanıwı) bir jerge toplaw, jıynaw. Koncentraciyalıq lager bul siyasiy tutqınlar qamalatuǵın arnawlı lager.

**Konservativ** (latınsha) – eski dúzim tárepdarları, reformalar hám ózgerislerge qarsı turıwshılar.

**Manifest** (latınsha) – húkimettiń áhmiyetli waqıya múnásibeti menen xalıqqa etken jazba múrajáátı, nızam kúshine teń hújjet.

**Bilimlendiriw** (arabsha) – adamlardıń bilimi hám oylawın arttırıwǵa qaratılǵan tálim-tárbiya.

**Baspasóz** – (arabsha – baspa shıǵarmalar, basıp shıǵarıwlar) – gazeta, jurnal hám kitaplar kompleksi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Monokultura** – almaslap egiwge ámel etpegen halda atızda tek birdey egindi bárhama jetistiriw.

**Mutaassib** – (arabsha — júdá pidáyı) – dinge qattı berilgen, onıń aqidalarına bile tura ámel etiwshi.

**Waqıtsha** — waqıtsha, belgili múddetke dúzilgen húkimet.

**Qarama-qarsı** (arab — keri, qarama-qarsı) — qarama-qarsı pikirde bolǵan, qarsı shıǵıwshı, qarsı.

**Nacionalizaciya** — (ingl. — millet, xalıq) ayırım shaxs yaki birlespelerdiń jeke múlki bolǵan jer, óndiris kárxanaları, transport hám basqalardı mámleket qaramaǵına alıw.

**Párenji** — kópshilik musılman hayallar jat erkeklerge ashıq kórinbew ushın basına jawıp júretuǵın, pishimi keń hám uzın ton kórinisindegi, jalǵan jeńli jamılatuǵın zat (júz chachvan (bet perde) menen bekitiledi).

**Policiya** — (nemecshe — hákimshilik) — jámáát qáwipsizligin saqlawshı shólkem.

**Protektorat** (latınsha — qáwenderlik) — koloniallıq mámleket ǵárezsizliginiń bir túri. Bunday mámlekettiń ishki siyasatında birqansha ǵárezsiz bolsa-da, sırtqı siyasatı koloniallıq mámleket qolına ótedi. Ekinshi tárepinen, kóplegen koloniallıq mámleketler ekonomikalıq jaqtan tómen mámleketlerge «qáwenderlik» kórinisinde iyelik etken.

**Pud** — 16,38 kg ǵa teń awırlıq ólshem birligi.

**Qurbası** — Orta ásirlerde Orta Aziya xanlıqları qural-jaraq skladı (qorı) baslıǵı hám de qural-jaraq, hár túrli qurallar hám top islew kárxanaları baslıǵı bolıp, Túrkstan úlkesinde Oktyabr awdarıspaǵına shekem bolǵan dáwirde jergilikli policiya baslıǵı hám de keyinnen, Túrkstanda sovet rejimine qarsı azatlıq háreketi baslıqlarınıń ataǵına aylanǵan.

**Qazı sudları** — shariyat qaǵıydaları tiykarında jumıs isleytuǵın sud.

**«Qosshı»** — Qos aydawshı adam, diyqan. «Qosshı» diyqanlardı maqseti jaǵınan birlestirip turǵan awqam bolǵanlıǵı ushın sonday atalǵan.

**«Kulaklar»** (rus. kulachestvo – zorlıqshı zulım) – zalım sovet rejiminiń bay hám orta hal diyqanların awıl burjuaziyası sıpatında saplastırıw siyasatı bolıp tabıladı.

**Radikal** (latınsha — túp tiykarınan) keskin hám qatań sharalar tárepdarı.

**Referendum** – (lat. – xabar beriliwi zárúr bolǵan zat) mámleketlik áhmiyetke iye bolǵan zárúr máseleler boyınsha ótkeriletuǵın hám geyde nızamlar qabıllaw ushın tiykar bolıp xızmet etetuǵın ulıwma xalıqlıq sorawı, dawıs beriw jolı menen xalıq pikirin anıqlaw.

**Tóre** – joqarı qatlamǵa tiyisli adam. Xiywa xanlıǵında xannıń tuwısqanları hám jaqınlarına beriletuǵın ataq.

**Tuzem** – jerli xalıq, jergilikli xalıqtıń kolonizatorlar tárepinen atalıwı.

**Uchastka pristavı** – xalıqtıń jasaytuǵın jeriniń qadaǵalawshısı.

**Uezd** – rayonlarǵa teń hákimshilik-aymaqlıq bólimshe.

**Vassal** – bir mámlekettiń basqa bir mámleketke boysınıw tártibi.

**Vice-prezident** – (lat. vice – ornına) «orınbasar», «járdemshi» degen mánislerdi ańlatıwshı birinshi quramlıq bólimi. Vice-prezident — prezident orınbasarı.

**Volost** – uezd quramına kirgen birneshe awıllardan ibarat aymaqlıq bólimshe.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# Kirisiw

Kirisiw....................................................................................................3
Rossiya imperiyası basqınshılığı qarsańındağı Buxara ámirligi, Qoqan hám Xiywa xanlıqlarındağı social-siyasiy hám ekonomikalıq jağday ....................................6
Rossiya imperiyasınıń Orta Aziyağa júrisi hám Túrkstan general-gubernatorlığınıń dúziliwi ....................................................................................................19
Buxara ámirligi hám Xiywa xanlığınıń rossiya imperiyası vassalına aylanıwı .......26
Túrkstan úlkesinde siyasiy-hákimshilik basqarıw sisteması ...................................33
Túrkstanda Rossiya imperiyasına qarsı milliy-azatlıq háreketleri ..........................39
Birinshi jáhán urısınıń baslanıwı hám onıń Túrkstanğa tásiri ...............................46
Túrkstanda 1916-jılğı kóterilistiń baslanıwı..........................................................49
XIX ásirdiń ekinshi yarımı – XX ásirdiń baslarında Buxara ámirligi....................53
XIX ásirdiń ekinshi yarımı– XX ásirdiń baslarında xiywa xanlığı.........................58
XIX ásirdiń ekinshi yarımı – XX ásirdiń baslarında qaraqalpaqlar hám olardıń mádeniyatı....................................................................................................62
Túrkstanda jáditshilik háreketi...............................................................................66
Jáditshilik háreketi wákilleri hám olardıń xızmeti...................................................71
Túrkstanda ilim-pán hám mádeniyat .....................................................................80
Túrkstan úlkesi 1917-jıl fevral-oktyabr aralığında ..................................................90
Jas buxaralılar háreketi hám Buxara ámirliginiń tamamlanıwı ..............................93
Xiywa xanlığınıń tamamlanıwı................................................................................99
Túrkstan avtonomiyası ..........................................................................................102
Túrkstan úlkesinde sovet hákimiyatı basqarıw sistemasınıń ornatılıwı..................105
Túrkstan ASSR, BXSR hám XXSR da sovet hákimiyatına qarsı quralllı háreketler..............................................................................................................109
Orta aziyada aymaqlıq shegaralanıw.....................................................................116
Ózbekstan SSRnıń dúziliwi...................................................................................121
Sovet hákimiyatı ámelge asırğan reformalardıń áhmiyeti. Industriyalastırıw siyasatı hám onıń nátiyjeleri..................................................................................126
Ózbekstanda sovet hákimiyatı alıp barğan mádeniy siyasat...................................133
Sovet hákimiyatınıń Ózbekstandağı repressiya siyasatı..........................................139
Ózbekstan ekinshi jáhán urısı jıllarında ................................................................143
Ózbekstan 1941–1945-jıllar dawamında...............................................................151
Ózbekstanlılardıń fronttağı erligi hám qaharmanlıqları ........................................155
Gvardiyashı general – Mayor Sabır Raximovtıń jerleniwi.......................................163
Ózbekstan ilimi hám mádeniyatı jeńis ushın xızmette...........................................164
Ózbekstan xalıq xojalığınıń urıstan keyingi jıllardağı rawajlanıwı ........................170
1980–1990-jılları Ózbekstan ..................................................................................177
Sharaf Rashidov ....................................................................................................184
Ózbekstanda jámiyetlik-siyasiy belsendilik hám ğárezsizlikke qaray umtılıwdıń kúsheyiwi...............................................................................................................185
Atamalar túsinigi ...................................................................................................188



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**O‘quv nashri**

Tilabayev Sayipjon Bakijanovich, Kenjayev Dilshod Mutalibovich, Mustafayeva Nodira Abdullayevna, Zamonov Akbar Turg‘inovich, Rahimjonov Durbek Abidjanovich, Ismatova Nargiza Kamaritdinovna, Po‘latova Sevara Akmalovna, Abdullayev Jamshid Djamilovich, Irzayev Bahrom Shaymamatovich, Sagdullayev Kozimxon Qahramonovich, Qudratova Nilufar Shuhrat qizi

# O‘ZBEKISTON TARIXI

## (XIX ASR IKKINCHI YARMIDAN – XX ASR OXIRIGACHA)

Umumiy o‘rta ta’lim maktablarining
10-sinfi uchun darslik

(qoraqalpoq tilida)

Awdarmashı Aıtımuratova Suluxan
Redaktor Oserbaeva Zulfiya
Texnik redaktor M.Olimbekova
Xudojnik J.Azimov
Korrektor Saukieva Nargiza

Basıwǵa ruqsat etildi: 30.08.2022. Formatı 60x84 $^{1}/_{8}$.
«Times KRKP» garniturası ofset usılında basıp shıǵarıldı.
Kólemi 24,0. Shártli baspa tabaǵı 22,32.

Nusqası Buyırtpa



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ijaraǵa berilgen sabaqlıq jaǵdayın kórsetetuǵın keste

| T/n | Oqıwshınıń atı hám familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshı-sınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırılǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshı-sınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

## Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı:

| | |
|---|---|
| Jańa | Sabaqlıqtıń birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jaǵdayı. |
| Jaqsı | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar. Jırtılmaǵan, betleri almastırılmaǵan, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| Qanaatlandırarlı | Muqaba jelingen, bir qansha sızılıp, shetleri qayrılǵan, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen alınıp qalıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlandırarlı qálpine keltirilgen. Alınǵan betleri qayta jelimlengen, ayırım betlerine sızılǵan. |
| Qanaatlandırarsız | Muqabaǵa sızılǵan, jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslanǵan. Sabaqlıqtı qayta tiklew múmkin emes. |

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE